# МАХ ДУГ




## ДЗЫТИАТЫ ЛАКТЕМЫР: 70 АЗЫ

10
2021



*Амонд... æрра дæн, цæй амондмæ дзурын!*
*Ацы рæстæджы та амонддзжын чиу?*
*Нæ, æз Хуыцауæй æндæр цыдæр курын...*
*Базон-ма, циу?*



# НАША ЭПОХА

ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЫЙ
И ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКИЙ ЖУРНАЛ

Издается с мая 1934 года

**Главный редактор**
ХЕТАГУРОВА Оксана Нодаровна

**Редакция**
Заместитель главного редактора – Альбина КЕЛОЕВА
Редактор отдела прозы – Борис ГУСАЛОВ
Редактор отдела поэзии и драматургии – Батрадз КАСАЕВ
Редактор отдела критики и публицистики – Тамерлан ТЕХОВ

**Редакционный совет**
Гастан АГНАЕВ, Руслан БЗАРОВ,
Зелим ВАТАЕВ, Клавдия ДЖУСОЕВА,
Станислав КАДЗАЕВ, Анатолий КУСРАЕВ,
Анжела КУДЗОЕВА

Владикавказ,
2021

# МАХ ДУГ

**10**
2021

ЛИТЕРАТУРОН-АИВАДОН ÆМÆ ÆХСÆНАДОН-
ПОЛИТИКОН ÆРВЫЛМÆЙОН ЖУРНАЛ

Журнал мыхуыры цæуы 1934 азы майæ фæстæмæ

**Сæйраг редактор**
ХЕТÆГКАТЫ Оксанæ

**Редакци**
Сæйраг редакторы хæдивæг – КЪЕЛОЙТЫ Альбинæ
Прозæйы хайады редактор – ГУСАЛТЫ Барис
Поэзи æмæ драматургийы хайады редактор – КАСАТЫ Батрадз
Критикæ æмæ публицистикæйы хайады редактор – ТЪЕХТЫ Тамерлан

**Редакцион совет**
АГЪНАТЫ Гæстæн, БЗАРТЫ Руслан,
УАТАТЫ Зелим, ДЖУСОЙТЫ Клавæ,
КЪАДЗАТЫ Станислав, КЪУСРАТЫ Анатоли,
КУЫДЗОЙТЫ Анжелæ

Дзæуджыхъæу,
2021

# НОМЫРЫ ИС:

**ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ** ........ 5

**КЪУБАЛТЫ АЛЫКСАНДР: 150 АЗЫ**

КЪУБАЛТЫ Алыксандр. Цалдæр сæмбæлды. *Мысинæгтæ* ........ 8

**МАЛИТИ ГЕУÆРГИ: 135 АЗЫ**

МАЛИТИ Геуæрги. Мæ зин сагъæстæ, мæ сæнттæ. *Æмдзæвгæтæ* ........ 15

Геуæргийы тыххæй загътой ........ 20

**НОГ УАЦМЫСТÆ**

ГАБОЛАТЫ Зауыр. У баст ирон дзырдыл мæ уд! *Æмдзæвгæтæ* ........ 24

**ПРОЗÆ**

БИЦЪОТЫ Грис. Царды аууæттæ кæнæ фыссæг мæ цæуылнæ рауади. *Документалон уацау* ........ 28

**«МАХ ДУГ»-ы РАВДЫСТ**

**АИВАД, КУЛЬТУРÆ**

**ДЗЫТИАТЫ ЛАКТЕМЫР: 70 АЗЫ**

Хæлæртты мысинæгтæ ........ 61

ДЗЫТИАТЫ Лактемыр. *Æмдзæвгæтæ* ........ 77

**АЛАНЫСТОНЫЛ САРГЪУЫДЫ 1100 АЗЫ БОНМÆ**

САУТÆТЫ Тамилæ. Фарнхæссæг Цомайты Харлампи ........ 86

**АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД**

ЕДЗИТЫ Андрей. *Таурæгътæ* ........ 92

**ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ**

ЕГАР. Хуыцауы уазæг ут! ........ 119

**ФЫДÆЛТЫ ХÆЗНАТÆ**

ЧЕДДЖЕМТЫ Геор. Фыдæлты хæзна. *Уац* ........ 123

**ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ**

ХОХОЙТИ Энвер. *Новеллæтæ* ........ 130

**КЪОСТАЙЫ НОМЫЛ ПРЕМИЙЫ ЛАУРЕАТТÆ** ........ 139

**МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ** ........ 142

**ТÆФÆРФÆС**

ХÆМЫЦАТЫ ЦÆРАЙ ........ 143

# ÆМДУГОНЫ ХЪУЫДЫТÆ



Студент ма куы уыдтæн, уæд-иу мæ хæлæрттимæ Грознайæ рараст стæм Цæгат Ирыстонмæ, цæмæй ам нæ дойны суа- дзæм æрдзы рæсугъддзинадæй, йæ бæрзонд æмвæзадыл æвæрд культурæйæ, цæмæй нæ фæллад суадзæм æмæ нæ зæрдæйы дзæбæхæн нæ рæстæг арвитæм горæты историон бынæтты. Дзæуджыхъæу у æмæ кæдфæнды дæр уыд æппæты аивдæр æмæ рæсугъддæр горæт. Цæры дзы зæрдæхæлар адæм.

Хуыцау – ме 'вдисæн! Абон райсомæй Дзæуджыхъæумæ куы æрцыдтæн, уæд мæ цæст ахастон Теркыл. «Куыд диссаг у», – ахъуыды кодтон мæхимидæг, – Кавказ райс, уæд, зæгъæн ис, алы республикæмæ дæр хæццæ кæнынц ацы цæугæдоны къабæзтæ, фæлæ цыма Ирыстоны Теркæн йæ дон дæр æппæтæй сыгъдæгдæр у, йæ бакастæй дæр рæсугъддæр у, афтæ мæм фæкæсы.

Уæвгæ та, Кавказы, Уæрæсейы, Дунейы Фарн кæм рантысы, уый у Ирыстон! Ам райгуырд мæ уарзон поэт Къоста.

Махæн иу сты нæ культурæ, нæ истори, не 'гъдæуттæ. Иу сты не 'взаг æмæ литературæйы фарстатæ дæр. Æмæ нæ уый кæны ноджы æнгомдæр. Мæ бæллиц та у нæ адæмы хæлардзинад æмæ сæ рæсугъд фидæн!

*Канта ИБРАГИМОВ,*
*Цæцæны Фысджыты цæдисы сæрдар,*
*Дзæуджыхъæу, 29 сентябрь, 2021 аз*

# ТАБУ, ДЗЫРД, ТАБУ!

Алцы дæр арвы бын дунейы абаргæйæ у. Æмæ æз дæр, чи зоны, фаг чингуытæ нæ бакастæн, гъемæ уыйадыл бафтыдтæн ахæм æнæфенд цины.

Суанг ма сызгъæринтæ дæр мыггагæй сты – чи сæ хæзнадæр у, чи та раст æрхуыйы æмкад. Фæлæ ацы дзырд-эпитет!..

Дæрдтыл æмæ æрфытыл æнхъæвзы йæ мидис, йæ сурæты ахадындзинад. Ныууæрæх, ныббæрзонд, ныффæтæн æмæ нықъкъуырф.

Сæнхъизы, сфыцы æмæ рантысы дунемæ фыссæджы зæрдæ-хъуыдыйæ, фыссæг ын йæхæдæг дæр æнхъæл нæ вæййы, афтæмæй.

Хуыцауы нымыгъдæй. Бафæлварæм ма хæхты тыххæй исты ахæм эпитет æрымысын-зæгъын, æмæ хæдбындур чи уа, мæнæ адæтты чи нæ бафæзма: урссæр хæхтæ; сызгъæринвæлыст зæрæхсиды кæнæ хурыскастыл; цъитиджын; мит-хъæдæмбæрзт; райгуырæн; фыдæлты ирвæзынгæнæг; лæугæ хох; хæхтæй хуыздæр вæййынц æрмæстдæр хæхтæ; хæхтæ – зæххы табугæнæг къухтæ æмæ а.д.

Хорз сты, рæсугъд сты, зæрдæбынæй загъд сты, уарзæгой цæстæй, æнæфсис цæстæй сæм кæсæджы зæрдæйæ. Фæлæ нæ дæрдтыл ивылгæ хъуыдытыл не 'фтауынц ахæм эпитеттæ. Уæлдайдæр та, цы зонæм, уый ирддæрæй нæ цæстыты раз нæ сысты.

Фæлæ уал, цалынмæ, комкоммæ мæн кæй æмбисонды иунæг дзырд бафтыдта дисы, æхцон мын цы фæцис йæ алывæрсыгæй, уыцы фыссæджы ном зæгъон, уæдмæ уал Къостайы цыппар рæнхъы æрхæссон:

*Тыхгæнæг хæддзуйæ кæд искуы фæндонæй,*
*Æууæнкагæй радтай рæстæнхъæл дæ бар?.*
*Мæ хæлар, мæ уарзон, ныммæл мын фæсмонæй,*
*Ды искуы хæддзуйæ куы скæнай æлдар!..*

Æртæ астæуккаг цæджындз дзырды: фæндонæй, æууæнкагæй, рæстæнхъæл. Ныр алчи, нæ ивгъуыдыл афæлгæсгæйæ, йæхæдæг скæрдæд, æлдар скодтам тыхгæнæг хæддзуйæ, æви нæ, уый…

Æмæ мæн, ныффыссон сыл, зæгъгæ, уыйбæрц разæнгард цы нымад дзырдтæ фæкодтой, уæлдайдæр сæ иу – эпитет, – уыдоныл бамбæлдтæн Канта Ибрагимовы текстытæй иуы: «Наши ДОВЕРЧИВЫЕ горы…»

Сæхæдæг гæдывад, сайæгой, мæнгард кæй не сты, уыйадыл сæм равзæрд хæхтæм ахæм миниуæг, ахæм удысконд, ахæм дунембарынад дæр: æууæндаг, стыр зæрдæджын.

Æмæ сыл, зæгъæм, 1917 азы цы сайд æрцыд Цæцæны хæхтыл, уый тыххæй, бынат куы уаид, уæд цитатæтæ бæргæ æрхæссин Кантайы чиныг «Прошедшие войны»-йæ, фæлæ … Тынг кæй фæнды цæцæны хъуыдытæ, сæ удысконд, сæ менталитет бындуронæй бамбарын æмæ базонын, уый уыцы чиныг дæр æмæ «Аврора» дæр бакæсæд.

Лæг æнæнхъæлæджы Хуыцауы нымыгъдæй ахæм дзырд ссары, ахæм, æмæ йыл уыцы иунæг дзырд, ахорæн дзырд комдзог рацæуы, уыцы лæг фыссæг кæй у, ууыл.

*ГУСАЛТЫ Барис*

# КЪУБАЛТЫ АЛЫКСАНДР: 150 АЗЫ



(1871 – 1937)

*КЪУБАЛТЫ Алыксандр*

# ЦАЛДÆР СÆМБÆЛДЫ

*Къостайы царды мысинæгтæй*

* * *

1890 – 1900 азты махæн нæ чиныджы хъуыддаг æвæрд уыдис стыр зын бынаты. Дзырдтой, кæд ма ног фæсивæд нæ фæхæцой нæ чиныджы хъуыддагыл, уæд уый кæндзæн бынтондæр рох. Уыцы хъуыдыты мах æнхъæлмæ кастыстæм Къостамæ. Фæндыд нæ, куы 'рцардаид Дзæуджыхъæуы æмæ куы райстаид йæхимæ уыцы хъуыддаг. Йæ мæлæтдзаг низæй нæм хабар нæма уыд. Зыдтам, йæ зæнгыл кæй фæзынди туберкулез, кæй йын скодтой операци, кæй фæкъуылых, фæлæ уæддæр кæй кусы. Къостайæн Дзæуджыхъæуы цæрыны дзырд нæма уыди.

1897 азы рацыд мыхуыры «Æфхæрдты Хæсанæ». Нæ чиныгмæ бæлджытæ фæныфсджындæр сты. Кæсын байдыдтам мах Коцойты Арсены фыстытæ. Кæсын байдыдтам уырыссагау Цæголты Георгийы фыстытæ. Æмбырд кæнын байдыдтам Нарты таурæгътæ, ирон аргъæуттæ, ирон æмбисæндтæ.

Салыгæрдæнæй æрбацыдысты Бутаты Аслæнбег йе 'мбæлттимæ æмæ æрбахастой ирон чиныгуадзæн æмбырды устав. Мах æй æрæвæрдтам уæрæхдæр æмæ æрфидар кодтам æмбырды æгъдау, ном та йын радтам «Ир». Зыдтам, нæ ахуыргонд адæм цалынмæ нæ кусой нæхи бæсты, уæдмæ хъуаг уыдзыстæм кусджытæй. Нæхи бæсты та цæрæн æмæ кусæн уыд æрмæст службæйæ уæгъд адæмæн: дохтыртæн, адвокаттæн, æмæ уый тыххæй дзырдтам студенттæн, сæхи куыд цæттæ кæной фылдæр уыцы куыстытæм.

Уалынмæ фехъуыстам мах, кæй рацыдис Къостайæн Пятигорскы цæрыны дзырд, æмæ нæ уыдис ныфс, кæй райдайдзæн рæхджы цæрын Дзæуджыхъæуы дæр.

Дуар байгом, æмæ уатмæ бацыд Гаппо.

– Къостайы фенын дæ фæнды?

– Æмæ кæм и?

– Ам. Инкогнито. Дзæуджыхъæуы цæрыны дзырд ын нæма ис. Суад Пятигорскæй. Райсом фæстæмæ цæуы.

– Ног ницы ныффыста?

– Ницы... фæцис лæг... Был конь и изъездился. Фысгæ ницыуал ныккæндзæн, фæлæ йæ фыццæгтæ куынæ фесæфиккой. Æз сын тæрсын басудзынæй.

– Уый та куыд?

– Бирæ хъæуы поэтæн? Æз ын сæ истон, æмæ сæ нæ дæтты.

– Æмæ дын сæ цæмæн ратта?

– Уæдæ сæ цы кæны?

– Йæхæдæг сæ рауадздзæн.

– Æмæ уæд ныронг кæм уыд? Стæй сын афтæ уадзæн ис? Æд нарон дзырдтæ? – загъта Гаппо æмæ бакаст айдæны.

– Изæры йын фынг кæнæм, – сдзырдта ма Гаппо, йæ худ йæ сæрыл кæнгæйæ, – æмæ-иу ссу. Кæй фенай, уыдоны дæр хон. Цас фылдæр, уыйас хуыздæр, æцæг, Къостайы куыст чи 'мбары, ахæмтæ.

– Æмæ цы 'мбырд уыдзæн, кæд инкогнито ссыд, уæд?

– Æмæ ма кæй хъæуы? Полицмейстер нæ зоны, ам кæй ис, уый. Къостайæн йæ зонд йæхимæ ис, фæлæ йæ ныхас фæсаст. Цæй, изæры йæ фендзынæ, – загъта Гаппо æмæ ацыд.

* * *

Изæры адæм æрæмбырд ис бирæ. Схæццæ уалынмæ файтонæй Къоста дæр. Йæ цæсгомы æвæрд ивд ницæмæй æрцыд. Уыд æнкъард, фæлладхуыз. Цухъхъа, куырæт, худ – фыццаг куыд уыдысты, афтæ. Æрмæст иу хатт федтон æз Къостайы сæрдыгон Пятигорскы чесуча хæдоны.

Къостайы æрбадын кодтой хистæр Алыккаты Тегойы фарсмæ. Къоста хæрынмæ дæр æмæ нуазынмæ дæр кодта зивæг. Фынгыл дæр не схъæлдзæг. Нæ хаста фыццаджы хуызæн нæдæр гаджидæуттæ, нæдæр æмбисæндтæ.

Райста Тего йæ къухы бæгæныйы къус, сыстад. Сыстадысты уазджытæ дæр, сыстад Къоста дæр. «Къостайы цæрæнбон!» – загъта хъæрæй Тего, æмæ адæм æрсабыр сты. «Кæд нæ хæхтæ, – дзырдта дарддæр Тего, – искæй хæхтæй ныллæгдæр сты, кæд нæ дæттæ искæй дæттæй – къаддæр, нæ быдыр – мæгуырдæр, уæд мах дæр уыдзыстæм иннæ адæмтæй цауддæр. Æмæ цæмæн дæ æнкъард, Къоста? Цæмæй нын тæрсыс? Кæнæ уыдзынæ искуы дæ уарзон, дæ хæххон адæмæй рох?»

Тегойы фæстæ уыдис бирæ ныхас. Дзырдтой, куыд бакæна Къоста ноджыдæр стырдæр хъуыддæгтæ, куыд ныффысса фылдæр æмæ ныфсджындæр.

Æрцыдис Къостамæ арфæ кæныны рад. Райста къус. Йæ цæстытæ доны разылдысты æмæ загъта: «Тего! Бузныг дæ гаджидауæй. Бузныг уазджытæн, мæн чи сбуц кодта. Бузныг, кæй ракуывтат дзæбæх ныхæстæ. Фæнды сымах мæнæй ног хъуыддаг æмæ ног фыст фенын, фæлæ Къоста фæцис... Къоста нал ис... Зын мын у, ох, Тего, Ир ныр дæр ма мæнмæ æнхъæлмæ кæй кæсынц... Кæй нæй... ныр дæр ма сæ астæу ныфсджын адæймаг, мæ сæрыл дæр чи сдзырдтаид, куы хъуыдис, уæд... Æмæ ныртæккæ кæмæй агурæм мах куыстад... ног цард саразæг...» Фæндыд ма, æвæццæгæн, Къостайы исты зæгъын, фæлæ йæ хъару нал уыд.

* * *

Кæд афтæ дзырдта, уæддæр Къоста йæ гæрзтæ не 'вæрдта. Дзырд ын рацыд Дзæуджыхъæуы цæрын, æмæ Къоста райста сомихы аргъуаны иконостас фыссын. Мин ын радтой раздæр, мин та йын хъуамæ раттаиккой фæскуыст.

– Æнхъæлдæн, сомихы 'хцатæ фесæфтысты, – загъта мын иухатт иу æмбал.

– Цом-ма, фенæм Къостайы куыст.

Мах куы бацыдыстæм, уæд Къоста уыд йæ тæккæ кусгæйæ. Йæ уæлæ уыдис кæттаг кусæджы блузæ. Уаты ахорæнты тæфæй улæфæн нæ уыд. Дис кодтам, куыд фæразы Къоста.

Къоста уыцы сахат фыста «Моление о чаше», æмæ Чырыстийæн скодта абырæджы роцъо.

– Дæ хорзæхæй, Къоста, Чырыстийæн цы хуызæн роцъо скодтай? – фарста ме 'мбал.

– Цы хуызæн? Куыд æмбæлы, афтæ. Мæнæ кæцæй фыссын, уый нæ уыныс, – загъта Къоста æмæ равдыста оригинал.

– Уый дæр уынын, æмæ дын уый тыххæй зæгъын.

– Сбарæм сæ уæдæ, – загъта Къоста.

Сбарстам, æмæ Къостайы фысты Чырыстийы роцъо разындис раздæр арæзт иу-дыууæ къухы бæрц. Ницыуал загъта Къоста, куыддæр æрæнкъард.

* * *

...Арæзтам хæххон изæр (горский вечер) æмæ æрæвæрдтам Къостайы комеди «Дуня». Æхсызгон уыд Къостайæн, æмæ хъавыд йæхæдæг дæр ахъазын. Мах та йын лæвæрдтам æрмæст режиссеры куыст. Зыдтам, раджы Къоста кæй хъазыд сценæйы, фæлæ тарстыстæм, ныр куынæ сарæхса. Къоста сразы. Режиссеры куысты йæхи равдыста дæсныйæ. Авторæн адæм стыр æмдзæгъд кодтой, æмæ Къоста рацыдис сценæмæ æртæ хатты. Ахæм изæрты репетицитæм хуыдтам мах Къостайы, зарыдыстæм йæ фыстытæй, фæлæ-иу Къоста калдта йæ цæссыг. Йæ нервытæ фидар нал уыдысты.

* * *

Чиныгуадзæг къорд «Ир» æмбырдтæ кодтой арæх. Ахæлиу стæм иухатт æгæр æнафон. Уыдыстæм стонг æмæ бацыдыстæм сæндонмæ. Нæ тæккæ хæргæйæ куы уыдыстæм, уæд æрцыд сæндонмæ Къоста дæр, бацыди витринæмæ æмæ райста йæхицæн уæрыччы сæр æд магъз æмæ сæны авг. Æрбахуыдтам мах нæ фынгмæ Къостайы, æмæ дзæбæх схъæлдзæг. Æгæр нуæзта Къоста, æмæ йын загътон:

– Фылдæр хæр, къаддæр нуаз!

Къоста фæсырх, хъавыд мæн иттæг афхæрын, фæлæ мæхæдæг раздæр фæдæн, – рахæссын кодтон ноджыдæр сæн, æмæ бонмæ сæндонæй нæ рацыдыстæм.

Къоста йæ хъару æмбæрста æмæ искæй ныхасмæ хъусæг нæ уыд.

* * *

Фæстагмæ уæддæр Къостайы фыстытæ бахаудысты Байаты Гаппойы къухтæм. Къоста йæхæдæг дзырдта, тыхæй мын сæ байста, зæгъгæ. Уый Гаппо дæр сусæг нæ кодта. Чи зоны, афтæ хъæугæ дæр кодта. Сæфтысты. Æмдзæвгæ «Ныстуан»-æн кæрон дæр нал уыд, мыстытæ йæ бахордтой.

Сæмбæлдтæн æз Пятигорскы Къостаимæ Цæлыккаты Алыксандры хæдзары. Æлгъыста Гаппойы. «Уыцы мерзавец, негодяй мын мæ фыстытæ байста, мыхуыры сæ ныггалиутæ кодта æмæ мын отчет дæр нæ дætты», – дзырдта мæстыйæ. Æцæг, нарон дзырдтæ раивта Гаппо ирон æвзагмæ. Чингуытæ æрвыст уыдысты хъæутæм, ахуыргæнджытæм ауæйы тыххæй, фæлæ æхца не 'рæмбырд кодтой. Адæм

дзырдтой: «Хорз чиныг хъуамæ лæвар дæттæм, æвзæрыл та æхца сафын дæр нæ хъæуы». Уыцы хабæрттæ æз Къостайæн радзырдтон, фæлæ уæддæр не 'рсабыр. Гаппо уый фæстæ дзырдта, кæй федта Къостайы æмæ йæ кæй æрсабыр кодта, фæлæ йæ мæхæдæг нал федтон.

* * *

Къостайы мæлæт мах фехъуыстам Дзæуджыхъæуы Дзанайты Садуллæйæ, нывисæгæй. «Къоста амарди, – загъта уый, – æмæ йын цы бакæнæм?»

– Гаппойæн загътай?

– Загътон.

– Æмæ цы зæгъы?

– Уым, дам æй банығæнут, æвзæр рæстæг у, облæсты ис «военнæй положени», инæлар Колюбакин æлгъыст лæг у...

– Ау, æмæ нын нæ мард нығæнын нæ уадзы? Ныртæккæ арвитдзыстæм лæгтæ.

– Æмæ æхцайæн цы бакæнæм? Æхца нæй.

– Æхцайы кой дæр кæныс!

Ацыдыстæм æмæ бульвары дыууæ сахатмæ æрæмбырд кодтам 470 сомы. Ахъиты Алиханы æмæ Дзахсораты Ботийы арвыстам Лабæмæ, Къостайы мард ласынмæ. Хетæгкаты Васил, булкъон, æд хорзæхтæ ссыд Колюбакинмæ æмæ райста дзырд Къостайы банығæнын, куыддæриддæр нæ фæнды, афтæ.

Дзасохты Гиго фыста газеты, цыма Къостайы, куыд æмбæлы, афтæ нæ банығæдтам, калдтам крокодилы цæссыг. Фæлæ уый раст нæ уыд.

Къостайы мах банығæдтам тынг буц, хъуыстгонд æрцыд йæ нығæды бон уырысæн, гуырдзыйæн, сомихæн, мæхъхъæлæн, æмæ йæ фæдыл уыд уыцы адæмтæй иттæг бирæ.

Фæндыд мах Къостайы мардыл сæвæрын исты аив цырт, æрхуы бюст, мыййаг. Уый тыххæй уыдис стыр æмбырд. Дзырдтой, уыцы хъуыддаджы тыххæй, дам, ис æмбырд Багъраты Алыксандрмæ 400 – 450 сомы онг. Уыдис нæ ныфс, уыдон бакæнын дыууæ мины онг, фæлæ ныхас стынг, фæсивæд загътой: «Мах Къостайы дыууæ минил нæ уæй кæнæм, кæд ын кæнут зæппадз, уæд æрæмбырд кæнут иу-ссæдз мины, æмæ йæ саразæм Терчы былыл стыр фæндагыл, Даргъ-Къохы браны раз, йæ къухæй куыд амона хæхтæм!» Ссæдз

мины кæм æрæмбырд кодтаиккам, æмæ зæппадзы хъуыддаг ферох.

Къостайæн йæ мард ласгæйæ, ссыдис йемæ йæ хо дæр, Хъайтмазты Олгъа. Мах æй уæд йеддæмæ никуы федтам. Къостаимæ хæлар нæ уыдысты. Олгъа йæ моимæ дæр нæ цард. Олгъа уыдис Къостайы хуызæн фидар, хъæбæр адæймаг тугæй дæр, стæй зæрдæйæ дæр. Цæй тыххæй нæ фидыдтой æфсымæр æмæ хо, уый мах нæ базыдтам.

Олгъа дзырдта махæн Къостайы фæстаг бонты цард, фæлæ сæ дæрзæгады тыххæй ницы радзырдта. Цы куыста æмæ цæмæй цард Олгъа уыцы рæстæджы, уымæн дæр ницы базыдтам. Хъуаг уыдис. Уый тыххæй нæ астæу ныхас дæр нæ уыд, æмæ «Ир»-ы хъуыддагаразджытæ аккаг скодтой Олгъайæн раттын йæ фæндаджы хардз 100 сомы. Уыдис ныхас Олгъайæн раттын иу-цыппарсæдæ сомы онг, фæлæ не 'мбырд æхцайæ уыйас нæ арæхст.

Къостайæ раздæр рæсугъддæр æмæ зæрдæмæдзæугæдæр иронау ничи фыста.

Уæрæх фæндаг фæцис уый ирон адæмæн йæ зæрдæ æмæ йе 'взаг ахуыр кæнынæн. Æмæ мах фæстæ нæ цот дæр зæгъдзысты стыр лæгæн: «Рухсаг у, рухсаг!»

# МАЛИТЫ ГЕУÆРГИ:
# 135 АЗЫ



**(1886 – 1942)**

# МÆ ЗИН САГЪÆСТÆ, МÆ СÆНТТÆ

## ЗАР

Мæ синхон кизгæн æ зæрдæ
Ку зонинæ, ку, бæлвурд,
Уæд зæгъинæ ин цидæртæ,
Уæд зæгъинæ ин еу дзурд...
Фæццæуидæ минæвари
Гъур-гъургæнгæ нæ тикис,
Æрхæссидæ мин лæвари
Æрхи агæ æд рæхис.
Десæ-месæ уæд сор-серæ
Исфицинæ аги дзаг, –
Бахуæринæ уотæ берæ
‘Ма фæууинæ кæуйнаг...

## ГУРУСХÆ

Нæ, нæма ‘ууæндун нерæнгæ,
Нæй, мæ зæрдæ нæй æнгъæл,
Æвеппайди гиризгæнгæ
Ду сиййевдзи уай мæнбæл.
Æримисæ устур десæн,
Хебæраги, цид, æнцад
Ци дзурдтонцæ кæрæдземæн
Нæ цæститæ хаттæй-хатт...
Фал æ зæрдæ уотæ ‘нцонæй
Кад сиййевуй силæстæг,
Уо, ме ‘нгарæ, æдемонæй
Уарзт ма хонæ уæд сугъдæг.
Уалæ стъалутæ зæгъунцæ,
Уарзт мед адæм мæнгæ ке ‘й, –
Фудæнæнги ке гæлдзунцæ
Дууæ зæрди кæрæдзей...

## ГОБИ

Цæмæн фæдтæн æз фур гоби, –
Ко дæ цирти, уо мæ мадæ!
Цæмæн дæн цума мæ доги
Æз ме ‘нгарти ‘хсæн æгадæ?..
Мæ кавди радæ мед гъаздæ
Цæмæн байзайуй иронхи,
Нæ зингæ лæгтæн – гъæйт-мардзæ –
Цæмæн нæ цæун сæ тонхи?..
Цæмæн фаунцæ æноси
Мæн гобий номæй фæсевæд?
Кай ме ‘рвадæ мæ фалдзоси,
Кæмæн гъарон мæ тæрегъæд!..
Ку нæййес мæнæн фæндæндтæ,
Хæрсæнау косун хæдзари,
Мæ зин сагъæстæ, мæ сæнттæ
Некæд ракæнун мæ зари...

## ЦЪИФÆ РÆСТÆГИ

Цъифæ бони æппун неци
Æз мæхемæ æркæсун
‘Ма нæ фендеун мæ деси
Уалæ арвмæ искæсун.

Мæ кæрдзин æма мæ цæнхæ
Æз феууелун уæд зиндæр, –
Фæккæсуй мæмæ нæ зæнхæ
Мисти къахæй ниллæгдæр.

Нæлтæ, силтæ, уо мæгуртæ,
Над нæмунцæ золкъитау...
Йехх, ку уайдæ мæ базуртæ, –
Фæттæхинæ цæргæсау.

# ÆЛХУЙНÆ

Ци кæнуй цума ме ‘лхуйнæ,
Ку нæбал зелуй дзæбæх?
Мæ цæститæбæл уайунцæ
Сау нимæт æма сау бæх.

Нæ уæлиндзæбæл æзинæ
Æз сундакъæ æлвистон,
Мæхенимæр нидæн заргæ
Æз цидæртæ имистон.

Нæ дæлпазбуни еу бæхгин
Фæцæйзиндтæй уæд æваст.
Мæ фидбилизæн æ хæццæ
Цæмæн фæдтæн æз æнгаст?

Æ мед-ходæ æрттивтонцæ
Дууæ цæсти сурх зингау.
Мæ зæрдæ мин басугътонцæ,
Ду ме ‘вдесæн, уо Хуцау!

Базир-зир кодта мæ зæрдæ,
Разилдæй мæбæл мæ сæр,
Æрискъудæй мæ сундакъæ,
Æрбадудæгътæ ‘й куддæр.

Нури уæнгæ дæр мæ кеми
Æз нæма ‘рдæн дзæбæх ма,
Цæветтонгæ ма мæ зæрди
Сагъд байзадæй сау хъæма.

Ци кæнуй цума ме ‘лхуйнæ,
Ку нæбал зелуй дзæбæх?
Мæ цæститæбæл гъазунцæ
Сау нимæт æма сау бæх.

## КИЗГИ ЗАР

Ци мин фæцæнцæ
Мæ кизгон бæнттæ,
Уох, байвадæнцæ
Мæ деденгутæ.

Неке гъæунцæ
Мæ сау æрфгутæ,
Неке гъæунцæ
Мæ цæстисугтæ.

Æстуггин æфсоргъ,
Тæходуй, нана,
Хуцауи дзурдæй
Нур ку фестинæ.

Уæд багоринæ
Æз фæсденгизтæ
Мæ сугъзæрийнæ,
Мæ кизгон æнзтæ.

Ци мин фæцайтæ,
Уо ме 'взонг бæнттæ?
Уох, байвадæнцæ
Мæ деденгутæ...

* * *

Тæходуй, æна,
Маргъ ку фестинæ,
Мæ унгæг къумæй
Фæццæйтæхинæ.
А дуйнетæбæл
Æрцæйзелинæ,
Кæми ци дессаг,
Уой басгаринæ...

Тæходуй, æна,
Ацæмæзау дин
Æз ку фестинæ
Дессаг фæндургин:
Хъазбеги цъонгмæ
Исцæйцæуинæ,
Дессагон зартæ
Æрцæйцæгъдинæ...

Уæд еугур дуйне
Æримбурд уидæ,
Мæ цæгъдтæлтæмæ
Æригъосидæ.
Кæми ци седзæр,
Кæми ци мæгур, -
Бауарзиуонцæ
Мæ дессаг фæндур...

И фарни тунæ
Æрфелауидæ.
Уарзондзийнадæ
Æрфедар уидæ
Уæд алли адæн,
Уæд алли бæстæ
Æркалиуонцæ
Сæ тохæн гæрзтæ.

Фал ку не 'ууæндун
Æз, мæгур кизгай,
Ку нæ рохс кæнуй
Мæ кизгон зæрдæ.
И дуйней сæргъи
И тугъдон мегътæ
Æрцæйдарунцæ
Сæ тогин тегътæ.

# ГЕУÆРГИЙЫ ТЫХХÆЙ ЗАГЪТОЙ:

* * *

Малити Геуæрги адæмон ке æй, е Хуцауæй лæвæрд æй. Адæмæй нецæмæй хецæн кодта: фиййауи хæццæ – фиййау, бæхгæси хæццæ – бæхгæс, хумгæнæги хæццæ – хумгæнæг, ахургонди хæццæ ба – ахургонд. Мудибиндзæ дидингутæбæл куд фæззелуй 'ма син сæ нектар куд исесуй, уотæ Малити Геуæрги дæр адæми уодæй, царди æрфитæй иста æ поэтикон муд. Ами ма мæ фæндуй еу гъуди зæгъ-ун. Поэт гъæуама ахургæндтæй дæр ахургонддæр уа, фулдæр зона, идарддæрмæ уина.

Геуæргий уадзимисти зиннуй е 'стур културæ, æ ахургонддзий-надæ. Æма аци гъуддаг дæр – Хуцауи устур лæвар – е скурдиади хæццæ æ кæнон кодта.

*Цæрукъати Александр*

* * *

Национ фольклоры хъæздыг æвæрæнтæй нæ курдиатджын поэттæй алчидæр йæхирдыгонау пайда кодта, йе сфæлдыстадон хæс æмæ йын йæ поэтикон удыхъæд куыд амыдтой æмæ дзы куыд домдтой, афтæ. Поэзийы дойны басæттынæн фольклор цахæм бæркадджын суадон у (æцæг поэт æм куы 'ргуыбыр кæны æмæ йын йæ сыгъдæгæй йæ зæрдæйы фæндиаг куы бануазы, уæд), уымæн ирд æвдисæн у Малиты Геуæргийы сфæлдыстад.

* * *

Поэт фольклоры равзæрста, йæ курдиат æмæ йæ уды æрдзон хъæдæн æхцондæр, æмбæлондæр, хæстæгдæр, адджындæр чи уыд, уыцы арф, зæрдæсæттæн, зæрдæцагъаргæнæн романтикон лиризм. Равзæрста йæ, райста йæ æмæ дзы йæ зæрдæйы уаг æмæ хуызмæ гæсгæ сфæлдыста йæ уацмыстæ, уыцы нымæцы æмæ, сæйраджы сæйраг, сылгоймаджы тыххæй цы æмдзæвгæтæ ныффыста, уыдон дæр. Уæлæнгай æркæсгæйæ, цыма традицион

сты сæ фольклорон хъуыдыгæнынад æмæ уынынадæй, сæ цардыуагон реалитæ æмæ ситуацитæй, фæлæ сын зæрдæнцойæ, æнæтыхсгæйæ кæсæн нæй.

*Дзуццаты Хадзы-Мурат*

* * *

Бирæ сфæлдыстадон бынтæ нæ баззади Геуæргийæн – йæ фыстытæй ма нæм æрхæццæ, йе 'рцахсыны размæ джиппы уагьд чи 'рцыд, æрмæст уыдон. Уыцы уацмысты гуырæнтæ сты йæ иубæстон адæмы удысконд, зондахаст, се 'рвылбоны фыдæбон, сæ цинтæ, сæ ристæ, сæ бæллицтæ. Уымæ гæсгæ сæ адæм дæр сæ зæрдæмæ айстой арф, зыдтой сæ æнæ чиныгмæ кæсгæйæ. Поэты къухы æфтыди дуне, æхсæнад, æрдз æмæ удгоймаджы 'хсæн вазыгджын ахастытæ ирдæй æвдисын. Сæ хъуыдыты æмæ æнкъарæнты тых, сæ музыкалон нывæст æмæ сæрибар улæфтæй Геуæргийы æмдзæвгæты æмæ кадджыты хуыздæртæ кад скæниккой цавæрфæнды номдзыд литературæйæн дæр.

*Хъодзаты Æхсар*

* * *

Малиты Геуæргийы сфæлдыстады кой кæнгæйæ, Абайты Васо æрымысы, Белинский Пушкины тыххæй цы ныхæстæ загъта, уыдон: «Что это за стих! Он нежен, сладостен, мягок, как рокот волны, тягуч и густ, как смола, ярок, как молния, прозрачен и чист, как кристалл...» Æмæ дарддæр номдзыд академик йæхицæй бафтауы:

«До Малиева на дигорском диалекте писал выдающийся поэт Блашка Гурджибеев. Богатство его языка изумительно. Но музыку дигорского стиха он еще не постиг. Немало стихов на дигорском диалекте написано и после Малиева. Много из них отмечены несомненным талантом. Но и в них уже не слышится рокот волны. Нет в них и прозрачности кристалла. Видимо, эту тайну, тайну певучего дигорского стиха, Малиев унес с собой в свою безвременную могилу...»

Сæрыхъуынтæ арц слæууынц ацы ныхæстæ кæсгæйæ. Фæлæ, æнæмæнг, царды диалектикæ кæндзæн йæхиуæттæ. Дыгурон

фольклор, Бласка, Созыр, Геуæргийы æнæмæлæт уацмыстæ бындур цы литературæаейæн басгуыхтысты, уымæн йæ фидæн дæр уыдзæн бæллиццаг.

*Ходы Камал*

* * *

Æцæг фыссæджы хъуыддаг афтæ у: йæ риуы фæтæлфы йæ адæмы цин, йæ дзыллæйы сагъæстæй дзаг зæрдæ. Ахæм зæрдæйы хицау уыд Малиты Геуæрги дæр. Уый хъæрзыдта йæ адæмы рыстæй, йæ зарæгæн ныхæстæ агуырдта йæ дзыллæйы цинты æмæ амонды, намысджын уыди йæ Райгуырæн бæстæйы фарн æмæ кадæй. Зын ссарæн у Дыгургомы дæр æмæ быдыры хъæуты дæр ахæм адæймаг, Малиты Геуæргийы ном фехъусгæйæ, йæ цæсгом кæмæн нæ фæрухсдæр уа, йæ зæрдæ æхсызгон рæхуыст кæмæн не скæна. Дыгурон ныхас йæ зæрдæмæ хæстæг кæмæн у, уыдоны 'хсæнмæ куы бахауын, уæд Геуæргийы æмдзæвгæтæй цалдæр рæнхъы сдзурын – мæ зын, æндæр, адæм, цыфæнды зæрдиаг ныхас кæной, уайтагъд æй æрдæгыл фæуадзынц æмæ хъусыныл фæвæййынц. Кæй зæгъын æй хъæуы, сæ ныффыссæджы æнæрæдыдæй базонынц æмæ сын цыма исты хорздзинад ракæнын, ахæм цæстæй мæм ракæсынц.

Æцæг поэты бон у йæ дзыллæйы зæрдæйы ахæм арф бынат æрцахсын. Æцæг поэты бон у йæ адæмæн фæлтæрæй-фæлтæрмæ амонд хæссын.

*Дзасохты Музафер*

* * *

Бæлвырд у иу хъуыддаг: Малийы-фырт у адæмон поэт. Цы адæмæн фыста, уыдон æй зонынц æмæ уарзынц. Цæмæн? Уымæн æмæ, фыццаджыдæр, уыцы адæмимæ дзырдта сæхи æвзагыл, дзырдта, сæ царды ахсджиаг цы уыд, ахæм хъуыддæгтыл, хорз зыдта адæмы зæрдæйы æуууæлтæ, арф сын æмбæрста сæ бæллицтæ, сæ сагъæстæ, хорз арæхст уыдон æвдисынмæ, йæ ныхас уыд сыгъдæг æмæ бæлвырд, арæхстджынæй пайда кодта адæмон сфæлдыстадæй, йæ хъуыдытæ хæстæг уыдысты адæмы зондахастмæ, цы цард æмæ цы цаутæ æв-

дыста, уыдонмæ каст адæмы цæстæнгасæй, аргъ сын кодта адæмон гуманизм æмæ этикæйы барæнтæй.

*Джыккайты Шамил*

* * *

Геуæргий сфæлдистади бафеппайæн ес уæхæн хуарз минеуæг. Æрдзæ æма царди фæззиндтитæ арæх фæрсæй-фæрстæмæ æвдесуй аййев нивæфтудти. Еци поэтикон фæззелæни (параллелизм) фæрци адæни унгæг æма тухст цард хуæздæр багъаруй киунугæкæсæгмæ. Æрдзæ цæйбæрцæ рæсугъддæр æма сугъдæгдæр æй, уойбæрцæ бæлвурддæрæй зиннунцæ царди медæгæ галеудзийнæдтæ.

Хуцау лæвар æма цæттæй неци дæдтуй. Малити Геуæргийæн е 'стур скурдиадæ – тæрази еу фарсæй, е гас цард æма æ бийнонти гъезæмарæ ба иннердигæй æривæргæй, – æмуæзæ æнцæ. Æ тæнæг фæрстæй ин æгъатир карнæ æнхæстæй исласта е 'стур лæгигъæдæ.

*Сабайти Сулейман*

## НОГ УАЦМЫСТÆ

*ГАБОЛАТЫ Зауыр*

# У БАСТ ИРОН ДЗЫРДЫЛ МÆ УД!

* * *

Цы бон райгуырдтæн а бæсты, нæ хæхты,
Мæнмæ цы бон Уæларвон Хур ныххудт,
Уæдæй нырмæ æнæзынгæ æндæхтæй
Мæнæн у баст ирон дзырдыл мæ уд!

Мæ мад-иу мын ирон зарджытæ зарыд,
Ирон æвзагыл базыдтон рæвдыд…
Йæ зæлты тых мæ тугдадзинты хъарыд,
Йæ алы мырыл алкæд кодтон зыд.

Фыдæлты ‘взаг, æз айстон дæу лæварæн,
Æнæ дæу нæй мæ хъысмæтæн уæвæн!
Æмæ æдзух мæ зæрдæйыл фæдарын,
Цы фæдзæхстой мæ хистæртæ мæнæн:

Иронау дзур нæ Ирыстоны кадæн,
Нæ нæртон æвзаг ма бауадз мæлын!
Нæ дзырд – йæ бындур не `гъдауæн, нæ цардæн!
Йæ рухс фидæнмæ мах хъæуы бæллын!..

* * *

Нæ зæххон цард æмгъуыдмæ у æцæг…
Æрмæст дæ удмæ ма бауадз æрхæндæг!
Цырагъыл дæр куы бафу кæна лæг,
Уæддæр ма дарддæр калдзæн уый йæ фæздæг!..

Æнæмæлгæ у адæймаджы ном,
Йæ кады бон у баййафын æрвгæрон!
Куы уа уый баст рæстдзинадыл æнгом,
Уæд дунейыл йæ балц уыдзæн æгæрон!..

## МÆ КÆСТÆРÆН

Фыды тæригъæд кæстæртæ нæ фидынц –
Йæ къуыхцытæ сты алкæмæн йæхи…
Дæ хистæрæн йæ цард куы уа æвидыц,
Уæд-иу рæдыдæй бахиз ды дæхи!

Æнæкъуылымпы ничи у, æвæдза,
Фæлæ-иу фидар раст фæндагыл лæуу.
Куыд æнцонæй ныл сау ыстъæлф æндæдзы,
Йæ сыгъдæг кæнын афтæ æнцон нæу!..

## ФÆЛТАУ…

Кæд мæм, мыййаг, æбæллиц бон æрхæстæг
Æмæ мæ цардвæндаг æгадырдæм фæзылын,
Уæд, о, Хуыцау, фæстæмæ раздах рæстæг
Æмæ мæ дунемæ дæр ма бауадз фæзынын!..

Фæлтау æндæр лæг равзæрæд мæ бæсты,
Æрмæст нæрæнт йæ ном, йæ намыс æмæ кад дæр!
Нæ дзыллæйæн куыд ахада йæ цæсты –
Йæ хæрзтæй уæнт æдзух йæ тæригъæдтæ къаддæр…

## ЦЫППАРРÆНХЪОНТÆ

## ГРАФОМАНМÆ

Фыссынц ныртæккæ дунетæ, мæ къона,
Фыссæн гæрзтæ нæ дуканиты – бирæ…
Фæлæ дæ лæг поэт цæмæй ысхона,
Ныууадз æнгуылдзæй хом хъуыдытæ цъирын!

## АДÆЙМАГ ÆМÆ ЦАРДЫ РÆЗТ

Нæй адæймаджы авналæнтæн арæн –
Йæ бон у стæхын арвмæ дæр бæрзонд!..
Фæлæ ныронг нæма кæрды йæ зонд
Къафетты цъар бырондоны ныппарын…

* * *

Ныллæууы лæг фырзыдæй хиу!
Бæрзонд бынат, æхцатæ, цыт…
Фæлæ уæддæр йæ кæрон – иу:
Чырын, зæххы хай æмæ цырт…

* * *

Гæххæттыл фыст ныххахх кæнын æмбæлы –
Уым мисхал дæр нæ уынын æз зынæй.
Æнæууылд дзырдæй адæймаг кæм мæлы?!
Фæлæ йæ ностæн сдзæбæх кæнæн нæй…

* * *

Бæрзæндтæм тындзгæйæ-иу зæхмæ фæлгæс.
Нæ зонæм, хъыгагæн, кæмæ нæ цы кæсы…
Бæрзæндты тæхæг маргъ – æнæмæт цæргæс –
Йæ мæлæт æнæмæнг дæлæмæ æрхæссы…

* * *

Æнæзивæг, гæнæн æмæ амалæй,
Фæлидзæм мах нæ ныхыл фыст адзалæй.
Фæлæ, бæгуыдæр, иуы бон дæр нæу
Нартхоры хуымтыл бафснайын мæнæу!

# ФÆНДЗАЙФОНДЗДЗЫРДОН РАДЗЫРД

## АДЗАЛ

Хазби йæ хъуырыл цасм балвæста.

«Хуыцау нæй, – скарста йæхинымæр, – æндæра лæджы ахæм уавæрмæ не ’ртардæуыдаид…»

Иу уысм ма æдзæмæй алæууыд. Йæ цæстытæ бацъынд кодта æмæ йæ мæгуыр царды бонтыл йæхимидæг ногæй афæлгæсыд. Æвæсмойнаг æм дзы иу дæр нæ фæкаст.

Йæ къæхты бын цы хъинцгæнаг бандон уыд, ууыл æрдзедзырой кодта æмæ йæ афæлдæхта…

Бæттæн аскъуыд…

# ПРОЗÆ

*БИЦЪОТЫ Грис*

# ЦАРДЫ АУУÆТТÆ КÆНÆ ФЫССÆГ МÆ ЦÆУЫЛНÆ РАУАДИ

Документалон уацау*

## … БАХИЗÆМ ДÆБЕЙЫ ÆРМАДЗЫ КЪÆСÆРÆЙ

1989 азы августы Мамсыраты Дæбейы райгуырдыл сæххæст 80 азы. «Писатели Северной Осетии», зæгъгæ, 1973 азы уагъд чиныджы Дæбейы тыххæй загъд ис: «Дабе Хабиевич Мамсуров – крупный писатель, прозаик и поэт…», «…За создание произведений большой художественной правды, значительно обогативших осетинскую художественную литературу, Дабе Мамсурову присуждена премия им. К. Хетагурова за 1964-1965 гг.»

«Дабе Мамсуров обогатил осетинскую литературу множеством рассказов, романов, пьес, воспроизводящих образ нашего современника», – афтæ фæвæййы чиныг «Ирон советон литературæйы историйы очерк»-ы дæр, фыссæджы тыххæй дзы цы сæрмагонд иртасæн куыст мыхуыргонд æрцыд, уый.

5-æм къласæн арæзт «Ирон литературæйы хрестомати»-йæ ахуырдзаутæ базонынц: «Дæбейы «прозаикон уацмыстæ, уæлдайдæр та йæ романтæ «Уæззау операци» æмæ «Хъæбатырты кадæг» ирон советон литературæйы ахсынц зынгæ бынат». «Ирон советон литературæйы историйы очерк»-ы роман «Уæззау операци»-йæн стыр аргъ кæнынц. Йæ хъайтарты, колхозон цард аразджыты хонынц, адæймаджы удæн операци чи скодта, ахæм дæсны хирургтæ. Уыцы операцийы руаджы бирæ мингай адæймæгтæ мæлæтæй фервæзтысты, æмæ ралæууыди ног дуг (103 фарс). Роман «Уæззау операци» фыст у,

*Дарддæр. Райдайæн кæс журналы 4 æмæ 5 номырты.

хъæуы революци куыд æрцыд, хи исбоныл æнувыдуæвджыты дуне куыд нынкъуысти æмæ колхозтæ куыд арæзт цыдысты, уыдæтты тыххæй. Раздæрау ныр дæр автор йе 'ргом здахы иууыл ахсджиагдæр проблемæтæм» (240 ф.).

О, ахæм аргъ кодтой Дæбейы ацы уацмысæн, уартæ фыст куы 'рцыди (1934 аз), уæдæй Рацарæзты азты онг. Фæлæ хурæнбæрæг раисты зæхкусæг дзыллæты цагъайраггæнæг дуджы сау бæллæхтæ, мыхуыры фæзындысты æгъатыр тыхмигæнджыты цæсгом æвдисæг документтæ. Æнхъæл уыдтæн: ныр гуырысхойаг никæмæнуал у соцреализмы мадзалæй уыцы темæйыл фыст уацмыстæ аивадæн æцæгæлон кæй рауадысты æмæ зиан кæй хæссынц… Æнхъæл уыдтæн, æцæгтæ дзурæн рæстæджы æвзагæй сын аргъгонд æрцæудзæн. Уыцы бæрнон хæс фыццаджыдæр сæхимæ райсдзысты фысджытæ, журналисттæ, сфæлдыстадон интеллигенцийы минæвæрттæ. Æнхъæл уыдтæн…

«…И как бы яснее представляешь те приоритеты художественного творчества писателя, которые мы за ним и только за ним признаем и которые дают нам право говорить, что Дабе Мамсуров как раз из числа тех писателей, кто своими произведениями мощно и широко отозвался на зов времени, чувствами и в переживаниях своих героев как бы дал возможность современнику глубоко понять самого себя, взыскательно оценить смысл своего существования, побудил к анализу своей, как говорят сегодняшние критики, духовной и материальной самодостаточности…» – кастæн «Очень уж я люблю людей», зæгъгæ, Сакъиты Эльбрусы уацы, мæ цæстытыл-иу нал æууæндыдтæн æмæ та-иу газет «Социалистическая Осетия»-йы сæргонды бынмæ æркастæн – 1989 аз, августы 13 бон.

Исдуг афтæ дæр ахъуыды кодтон: уацмысы хæрзхъæд æмæ аивадон хъомыс-иу, йæ темæ цас ахсджиаг у, уымæй куы барстой, Сакъийы-фырт кæд уыцы рæстæджы рахаста ацы хъуыдытæ гæххæтмæ æмæ абоны онг мыхуыргонд не 'рцыдысты?

Юбилейтæм фыст уацты автортæ-иу ерысы бацыдысты, æз тынгдæр сыстауон фыссæджы, мæ джиппыуагъд ныхæстæй нывæзт гаджидау хъæрдæрæй азæла!

Æндæр кой нал ис центрон мыхуыры: аивады, литературæйы мауал агурæм политикæ, аивадæн мауал аргъ кæнæм, пропагандисты, агитаторы барæнтæй баргæйæ, уымæн æмæ политикæ æмæ аивады

æхсæн ис бæрæг быдыртæ. Политикæ æмæ аивад, æнæмæнг, андзæвынц, фемарæн вæййынц, фæлæ сын иу агъуды батæрæн нæй. Ома иу адæймаджы цармы политикон кусæг æмæ нывгæнæг æмдзæрин кæной, уымæн уæвæн нæй.

Байхъусæм-ма, Эльбрус, Дæбейы фыццаг дыууæ романæн аргъ кæнгæйæ, цы хъуыдытæ дзуры, уымæ: «Справедливо будет отметить, что именно с «Ахсарбека» писательская мысль в последующих произведениях ярче и убедительнее, сильней и разносторонней. Это сказалось в романе «Тяжелая операция» – о революционных преобразованиях в осетинском селении. Борьба с отживающим миром продолжается, отражаясь, порою трагическими моментами, но все же произведение – радостное удивление перед Октябрьской новью, властно входящей в судьбу народа».

Ацы ныхæстæ зæгъæн уыди, зæгъæм, коллективизацийы рæстæг æвдыст кæм цæуы, экономисты, политикы кæнæ философы ахæм куыстыты тыххæй дæр. О, æмæ Сакъийы-фырты уац фондз азы размæ куы кастаин, уæд æй, зæрдæ кæмæй сцъæх вæййы, фæлæ дын æрвылбон дæр æнæ байхъусгæ кæмæ нæй, ахæм зарæгау ныббыхстаин, фæлæ ныр…

ССРЦ*-ы Адæмон депутат, ВАСХНИЛ**-ы академик В.Тихонов зæгъы: «Раскрестьянивание деревни не было, на мой взгляд, просчетом или перегибом… Какие цели преследовались? Для «больших индустриальных скачков» нужны были средства, нужна была рабочая сила. Ничего этого в тот момент в городе не было. Где взять? Привлечь из-за границы? Но тогда пришлось бы отказаться от курса на изоляцию страны, а в нем был свой расчет: легко управляем народ, не знающий, как и чем живут за пределами его отечества…»

Журналист Сакъиты Эльбрусæн Дæбейы ныхас нырма цардвæндаг рухсгæнæг цырагъау ахады, бæстæйы абон цытæ цæуы, уыдон æм нæма хъарынц…

Уæдæ чи хъуамæ зæгъа ныр нæ литературæйы тыххæй рæстаг ныхас? Æргом æмæ рæстытæ дзурыны бæрнон рæстæджы домæнты бæрзæндæй кæмæ хъуамæ разына нæ фысджыты сфæлдыстадæн рæстаг аргъ скæныны ныфс æмæ арæхстдзинад? Æвдадзы хосау нæ чи хъæуы, уыцы

*Советон Социалистон Республикæты Цæдис. – (Ред.)

** Всесоюзная академия сельскохозяйственных наук им. В. И. Ленина. – (Ред.)

фæткæн сæрæвæрæн чи хъуамæ скæна? Кæй зæгъын æй хъæуы, фыцаджы-фыццагдæр уыцы бæрны сæхи хъуамæ æрæвæрой нæ фысджытæ.

Мамсыраты Дæбейы райгуырды 80 азы бонмæ газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Социалистическая Осетия»-йы фæзындисты фысджытæ Цырыхаты Михал æмæ Мæрзойты Сергейы уацтæ. Сæ дыууæ дæр бацархайдтой Дæбейы сфæлдыстадон сурæт сныв кæнынил. Мæ разы не 'вæрын ацы уацтæ сæрæй-бынмæ равзарыны хæс. Фæнды мæ, роман «Уæззау операци»-йæн аргъ кæнгæйæ, абон цы хатдзæгтæм æрцæуынц, уый бафиппайын.

Михал зоны, романы цы цаутæ æвдыст æрцыдысты, уыдон, «абоны цæстæй кæсгæйæ», æнæгуырысхойаг кæй нал сты, уый. Гъемæ зæгъы: «Фæлæ рох кæнын нæ хъæуы бæстæйы уæды политикон уавæртæ æмæ æууæлтæ. Уыдонæн ныры онг дæр раст аргъгонд нæма æрцыд, æххæстæй нæма сæргом сты сæ уидæгтæ, нырма бирæ цæмæйдæрты сты фæлмæмбæрзт, æмæ сын нæ бон нæу цæхгæр аргъ скæнын». Михалы сагъæссаг хъуыдытил нæ бафтыдта, колхозтæ аразыны рæстæг милуангай зæхкусджытил цы уынгæджы бон скодта, уый.

«Колхозтæ аразыны рæстæг 1929 азы кæронмæ хицæн зæхкусджыты хæдзарадтæй куынæггонд æрцыд 3 милуаны бæрц, – фыссы академик В.Тихонов («Литературная газета», 3 август, 1988 аз). – Ома, æппынкъаддæр 15 милуан адæймаджы æнæ хæдзар фесты. Дыууæ милуан адæймаджы сæхи бакодтой индустриалон арæзтæдты æвджид. Иннæты æрцæрын кодтой сыбираг хъæдгуыстгæнæнты. Куыстхъом ас адæмæй милуаны бæрц ахæстæттæм фæндæгтæ нынкадтой. Уæдæ, коллективизацимæ ных чи нæ лæууыд, донаг станицæты, украинаг æмæ æндæр облæстты хъæуты æнæ цъист, æнæ хъæрæй сыдæй чи фæмарди, уыцы милуангай адæймæгтæ дæр рохгæнгæ не сты».

Михал æрмæстдæр Дæбейыл æууæнды. Уымæн æмæ: «Фыссæг йæхæдæг уыд уыцы цауты гуылфæнты æмæ уыдта, Цæгат Ирыстоны хъæууон хæдзарады коллективизаци скæныны куыст куыд цыдис, уый». Æмæ уыцы хъуыдытæ чысыл дæлдæр бафидар кæны ахæм ныхæстæй: «Иу хъуыддаг бæлвырд у: цаутæ æмæ уавæртыл æнцайгæйæ, Дæбе йæ уацмыс снывæзта царды æцæгдзинады бындурыл. Æмæ, æппынфæстаг, йæ хъуыдытæ æнæгуырысхо скæныны тыххæй, «Йæ адæмы сæрвæлтау», зæгъгæ, ахæм уацы автор (Рæстдзинад», 1989 аз, 26 август) æрхаста фæстаг аргумент: «Йæ мидис, йæ архайджыты

фæндæгтæ æмæ нысантæ хæстæг лæууынц Шолоховы «Поднятая целина»-йы нуæрттæм».

Æмхъæлæс, æмхъуыды рауадысты Цырыхаты Михал æмæ Мæрзойты Сергей, роман «Уæззау операци»-йæн аргъ кæнгæйæ. Газет «Социалистическая Осетия»-йы (1989 аз, август), «Большой труженик литературы», зæгъгæ, уыцы уацы Сергей дæр, Дæбейы романы аивадон ахадындзинад абон дæр стыр кæй у, уыцы хъуыды ныффидар кæныны тыххæй æххуысмæ фæсиды Шолоховыноммæ: «В романе Дабе Мамсурова «Тяжелая операция» явственно ощущаются шолоховские уроки мастерства, очевидна приверженность писателя к процессу выпрямления душ и судеб людей. Живет, действует, страдает, надеется на лучшее побратим Семена Давыдова Заурбег, но дед Щукарь едва ли узнал бы себя в Мамсуровском Соли, столь самоценен этот даргавский наследник нарта Сырдона, язвительный и находчивый, простоватый и плутоватый балагур и весельчак».

Уыцы мадзалæн йæ рæстæджы уыди бæлвырд ахадындзинад – иу кæнæ иннæ фыссæджы ном скадджын кæныны тыххæй йæ абар Парнасы бæрзондмæ схизджытæй искæй номимæ, ома, удæгас классикы кады рухсмæ йыл цæст кæд хуыздæр æрхæцид.

Хæрзæрæджы дæр ма цардвæндæгтыл æмкъахдзæф кодтам, æмзæл уыдысты нæ зарджытæ, æмвæнд, æмхъуыдыйæ арæзтам рухс фидæн. Абон, Рацарæзты рухсмæ цæст суынаг ис, бæлвырддæр зæгъгæйæ та, цæст цы уыны, уымæн ис комкоммæ йæ номæй рахонæн. Аивады дыууæ æмхалдих, æмхъуыдыгæнæгæй иу уæлдай кæй у, ууыл дæр басастыстæм. Æмæ уæд уымæн уæвæн куыд ис, æмæ дыууæ фыссæджы æмæ иу журналист иу уацмысæн уыцы иу ныхæстæй аргъ кæной, иу хъуыдытæ дзы ссарой? Нæ зæгъинаг фæбæлвырддæр кæнгæйæ та, уыцы уацмысы тыххæй æнусы æрдæджы размæ нæ критикæ цы загъта, уыцы хъуыдытæ комкоммæ фæлхатгондæй, уыцы иу рæстæг рæгъмæ рахæссой юбилейон уацты автортæ æмæ номарæн изæрты докладгæнджытæ? Уыцы уацмысы тыххæй халæмдих хъуыдытæ литературæйы урокты скъоладзауты хъусты цагътой æмæ ма цæгъддзысты литературæйы ахуыргæнджытæ. Уый уыди уæле дæлæмæ æруадзгæ фæтк æмæ йæ хъахъхъæдтой æлдариуæггæнджытæ. Ныр уыцы фыдвæтк хæлы. Цæмæн? Уый чиныгкæсæгæн фыссæгæй хуыздæр чи хъуамæ бамбарын кæнид! Фæлæ…

«Диалог Недели», зæгъгæ, уыцы сæргонды бын («Литературная газета», 1989 аз, 21 июнь) зындгонд уырыссаг нырыккон критиктæ Станислав Рассадин æмæ Дмитрий Урнов сæ хъуыдытæ дзурынц, уырыссаг литературæйы æцæг аивадон хæзнатыл банымайæн кæмæн ис æмæ мæнг чи разынд, уыцы уацмысты тыххæй.

С. Рассадин: «В искусстве есть своя духовная иерархия, и для меня полуудача великого (уж прости, но время успело это выявить) писателя выше шедевра, допустим, Нагибина…»

Д.Урнов: «Понимаешь, это бедствие литературы нашего века: насыщенность «великими неудачами». Раньше литература складывалась из великих удач…»

С. Рассадин: «Судьбы наших писателей не могут не быть драматичны – в той или иной форме. Когда я говорю о Шолохове, я понимаю, что он и автор великого «Тихого дона» и замешанной на фальши, но еще талантливой «Поднятой целины», и глав военного романа, сочиненных как будто в соавторстве с дедом Щукарем, и, по-моему, совершенно лубочного рассказа «Судьба человека», где и язык не шолоховский, стертый, вплоть до «скупой мужской слезы», и, наконец, не могу не помнить его поистине исторического выступления на XXIII съезде, где он заклеймил посочувствовавших Синявскому и Даниэлю и пожалел, что их судили не по нормам «революционного правосознания…». И такой Шолохов, ломанный-переломанный, сам когда-то чуть не погибший, а потом подключившийся к гонителям, – интереснейшая, трагичнейшая фигура эпохи, а не унижающий художника парадный его портрет».

Уыцы ныхасы рæстæг Урнов суанг Гомермæ дæр бауæндыд: «… и у него не все образцово, не все получилось. Это принципиальная проблема: критика классики, но даже не ради нее самой, а ради современности. Ибо если современный писатель говорит: «Я пишу длинно, как Гомер», – то ему надо сказать, что и у Гомера некоторые куски затянуты».

Рассадин æмæ Урновы ныхæстыл чидæртæ бабылысчъил кæндзысты, сæ миднымæр сын карз тæрхон чи рахаста, ахæмтæ дæр иу æмæ дыууæ нæ разындзæн. Мæхимæ нæ исын зындгонд критикты ацы хъуыдытæн аргъ кæныны хæс. Уæвгæ, æз сæ фарс рахæцин. Цæрæнбонты кæмæн фæхæрæмттæ кодтой, Хуыцауæй лæвæрд уæлфæдзæхстон миниуæгæй

хайджынты се сфæлдыстады тыххæй фыдгулыл кæй нымадтой, уыдоны æрхæм зæрдæтæм та æндидзаг рухс ныккæлдзæн ацы ныхæстæй. Ныр кæд фæтæгты дугæн кæрон æрцæуид. Политикты социалон фæдзæхстытæ æххæстгæнæг сфæлдыстадон кусджыты сурæттæ кæд сызгъæрин фæлгæтты нал æвæриккой æмæ нын сæ зæдты нывтау нæ сæрмæ нал ауындзиккой.

Роман «Уæззау операци» Дæбе фыста 1932-1934 азты. Уый размæ, 1930 азы, Цæгат Ирыстоны педагогон техникум каст фæуыны фæстæ куыста Заманхъулы скъолайы. Михал раст зæгъы: «Дæбе йæхæдæг уыд цауты гуылфæны æмæ уыдта… коллективизаци скæныны куыст куыд цыди, уый». Алцыдæр кæй уыдта, бирæ кæй зыдта, ууыл дзырд дæр нæй. Царды æцæгдзинад йæ романы куыд æвдыст æрцыди, уæды рæстæгæн цас æнæсайд æвдисæндар рауади йæ уацмыс, сæйраг ныхасы сæр уый хъуамæ уа абон.

Уыцы фарстæн дзуапп раттыны размæ уал зæгъын хъæуы, Ирыстоны литературæ æмæ аивады кусджытæ цы уавæрты куыстой, уыдæтты тыххæй. Æлборты Хадзы-Умар йæ чиныг «Ирон литературон критикæ 30-æм азты», зæгъгæ, уым уыцы рæстæджы тыххæй афтæ зæгъы: «…Ирыстоны пролетарон фысджыты хицæн къордты ’хсæн, стæй уыдон æмæ хистæр, ома, æмбæлццон, кæнæ лыстæгбуржуазон-националистон кæй хуыдтой, уыцы фысджыты ’хсæн лæбурдтыты, цæхæркалæг кæрдты дзæхстыты аренæ уыдысты литературон æмбырдтæ, мыхуыры оргæнтæ… Уыцы быцæутæ сæ равзæрд фылдæр хастой раздæры рæстæджытæй, – быцæу цы хъуыддæгтæ сайдтой, уыдон æрцыдысты дыууынæм азты, фæлæ сæ фæйлауæнтæ ранхъæвзтой» (12 фарс). 14 фарсыл та кæсæм: «Уавæр афтæ кæй æмбæрстой дыууæрдыгæй дæр, зæгъгæ, социализм тыхджындæр кæнынимæ кълассон тох дæр цыренæй-цырендæр кæны, æмæ цыма фысджыты æхсæн дæр фылдæр кæнынц буржуазон-националистон, троцкистон элементтæ, уымæ гæсгæ 1930-æм азы РАПП-ы* къухдариуæггæнджытæ цы лозунг раразмæ кодтой – «Сидæм хъазуатонтæм литературæмæ», зæгъгæ, ууыл ныххæцыдысты æмæ тынг активонæй байдыдтой хонын кондады хъазуатонты сæ рæнхъытæм».

*РАПП – Российская Ассоциация Пролетарских Писателей. – (Ред.)*

Дарддæр критик Æлборы-фырт дзуры, фыссæджы курдиат кæмæ нæ уыд, ахæмтæ литературæмæ кæй ныххæррæтт кодтой, уый тыххæй. 1931 азы 7 октябры газет «Рæстдзинад» ныммыхуыр кодта пролетарон фыссæг Бæдоаты Хъазыбеджы ныхæстæ: «Афæдзы размæ РАПП фæсидт хъазуатон кусджытæм, цæмæй æрбацæуой литературæмæ… æмæ ныр сæ рæнхъыты ис мин æмæ æрдæг фыссæджы бæсты дæс мины…»

Аивадæн комкоммæ чындæуыди, бамбарæн ын нæй, ахæм тыхми. Æппæты кадджындæр уыдысты, пролетарон идеологи æвдисын сæ бон кæмæн у, уыдон, ома кусæджы хæдзары чи райгуырд, ахæмтæ. Хъæуты чи схъомыл, уыдон – «лыстæгбуржуазон», «цъулберон» идеологи хæсджытæ».

Хетæгкаты Къостайы «фыстытæ ныры рæстæгæн се 'ппæт нæ бæззынц», – фыссы Дзагуырты Гуыбады. Хъайтыхъты Георы æмдзæвгæты фыццаг æмбырдгонд «Тохмæ»-йæн цы разныхас ныффыста, уым æй хоны «динджын», зæгъы: «Къостамæ национализмы низ дæр хæццæ кæны».

Гъе уыцы уавæрты рауади Дæбейæн сфæлдыстадон куыст кæнгæ. 1927 азæй фæстæмæ мыхуыры зынын байдыдтой йе 'мдзæвгæтæ. Сæ фыццаг æмбырдгонд рацыди 1931 азы.

Уæлдæр цы хъуыдытæ загътам, уыдон теоритæ нæ уыдысты. Фыссæгæй домдæуыди, цæмæй йæ ныхас, йæ фыстытæ басгуыхтаиккой разæнгардгæнæг хотых, – фæлæ йæ хæс æрмæст уымæй нæ хицæн кодта, – бахъуаджы сахат хъуамæ йæ дыстæ батылдтаид æмæ кусджыты разæй ацыдаид.

Газет «Власть труда»-йы 1931 азы 9 июны номыры «Стихи, не делающие сталь», зæгъгæ, уыцы уацхъуыды кæсæм, поэт Александр Безыменский цы литературон бригады сæргъы лæууыди, уый Мæскуыйы Петровскийы номыл заводы кусджытæн зын сахат куыд баххуыс кодта æмæ уыйадыл сæ пълан сæххæст кæнын сæ къухы куыд бафтыди, уый тыххæй. «Гъеуæд рабæрæг, æмдзæвгæтæ дæр куыстадон хотыхтæ кæй басгуыхынц, уый… О, æмдзæвгæтæ аразынц æндон. Æмдзæвгæтæн сæ бон у æвзалы дæр, цинк дæр æмæ цистернæтæ аразын дæр. Хор зайын кæнын дæр. Уæвгæ, канд æмдзæвгæтæ не сты ахæм хъомысджын, фæлæ, агитбригадæ цæмæй ифтонггонд у, уыцы аивадон æмæ фæлгонцгæнæн фæрæзтæ се 'ппæт дæр», – кæсæм газеты.

Уыцы газеты 1933 азы 2-æм январы мыхуыргонд цæуы, пролетарон поэт Демьян Бедный Мæскуыйы консерваторийы фæллойы хъазуатонты

æмбырды цы ныхас ракодта, уымæй скъуыддзаг. Афтæ дзырдта: «Товарищи ударники, успехи вашей работы все бодрят и веселят, но при всех наших успехах, товарищи, помните о главном. Сжимая в работе трудовые кулаки, помните, как опасно разжать их. Можно уронить то, что мы в них зажали. Вот почему так знаменателен и так важен новый декрет. «Один день неоправданного прогула – и нет тебе за это никакой поблажки!» Правильный декрет? Правильный!»

Поэт дзуры, куыстæй тылифгæнджытимæ тох кæныны æмæ, уыдон карз æфхæрд цæмæй цæуой, уый тыххæй 1932 азы 15 ноябры советон хицауад цы уынаффæ рахаста, уый тыххæй. Куыстмæ 20 минуты чи байрæджы кодта, уыдон куыстæй цыдысты æппæрст æмæ сæ ахæстоны бадын кодтой.

Коллективизацийы темæйыл фыст уацмысты ’хсæн æппæты сгуыхтдæрыл банымадтой М.Шолоховы роман «Поднятая целина».

Ацы уацмысæн дæр йæ аивадон хъомыс барстой, политикон æгъдауæй йын цы ахадындзинад уыди, уый хынцгæйæ. 1934 азы 16 октябры газет «Правда»-йы романы тыххæй мыхуыргонд рецензийы загъд уыди: «Роман Шолохова может послужить своеобразным учебником о деревне. Читайте эту книгу в момент хлебозаготовок, во время сева, в момент уборки, она будет пособием, как успешнее решить задачу».

Уыцы дуг ирон фысджыты размæ дæр æндæр хæстæ не ’вæрдта. Уыдоны къухæй дæр хъуамæ рацыдаид роман-плакат, роман-лозунг, колхозтæ куыд аразын хъæуы, уый амонæг, уымæ разæнгардгæнæг роман-инструкци.

Куыд фыссын хъæуы, цард цы нывтæм гæсгæ кæрдын хъæуы, Дæбе уыдæттæ æгæр хорз дæр ма базыдта. Цы рæстæг, цаутæ æвдыстой, уыдон-иу рухс романтикон фæлмæй æрæмбæрзтой: рагагъоммæ кæй сныв кодтой, уыцы дзæнæтон социализмы сурæтыл сау тæппытæ цæмæй ма абада, уый дæ зæрдыл дар, алы хъуыдыйад фысгæйæ дæр. Царды æцæгдзинадæй æнæрхъуыдыйæ, мыййаг, истытæ куы равдисай, уымæй тæссаг уыди. Хи хъуыды ма кæмæ баззад, йе ‘рдзон курдиат мæнгфæндагыл цæуын чи нæ бауагъта, аивады уыцы кусджыты карзæй æфхæрдтой, ахстой сæ, мардтой.

20-æм азты Украинæйы æппæты номдзыддæр фыссæг уыдис Остап Вишня (Павло Губенко). 1928 азы онг рауагъта 30 чиныджы. Буцæн æй рахуыдтой «Октябры Революцийы Гоголь». Йæ фельетонтæй, йæ

хъæлдзæг радзырдтæй-иу сфидыдтой газеттæ, юмористон журналтæ. 20-æм азты кæрон æмæ 30-æм азты райдианы йыл литературæйæ политикон хотых аразджытæ цъыфкалæн кæнын райдыдтой, схуыдтой йæ «кулакты быдзæу», советон хицаудзинады знаг. 1933 азы 7 декабры йæ ‘рцахстой. Банымадтой йæ, уæвгæ дæр чи никуы уыди, уыцы контрреволюцион украинаг хæстон организацийы уæнгыл, ноджы, цыма партийы Украинæйы ЦК-ы секретарь Постышевы амарынвæнд чи скодта, уыдонимæ дæр æмдзæхдон уыди. Цæмæй йæ сраст кæной, уый тыххæй æфсæддон прокурормæ цы курдиат фыста Остап Вишня, уым кæсæм: «Психикон æмæ физикон æгъдауæй æфхæрд кæй æрцыдтæн, уый тыххæй мæхиуыл хахуыртæ фæмысыдтæн, мæхимæ райстон лæг марыны уæззау аххос». Скодтой йын 10 азы ахæстоны фæбадыны тæрхон, йе статья – 58.8.11 (Кæс Остап Вишняйы хъысмæты тыххæй «Литературная газета», 1989 аз, 15 ноябрь).

Астæуккаг скъолайы нæ-иу ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæг бахуыдта Мамсыраты Дæбейы сфæлдыстадон æрмадзмæ. Уый цæстытæй кастыстæм мах дæр «Уæззау операци». Ахуыргæнæг нын дзырдта: революциимæ сын абарæн ис, хъæууон адæмы царды ахæм цаутæ равдыста фыссæг йæ романы.

Пединституты дæр махæн, хомбыл студенттæн, «Уæззау операци» зæххоны хъуыды кæдæм нæ хæццæ кæны, уыцы бæрзæндмæ истой.

Фæстæдæр кусын куы байдыдтон, уæд иуахæмы сфæлтæрæн кодтон ацы уацмыс бакæсыныл, – йæ кæлæнгæнæг хъомыс не ‘рыхъал ис æмæ йæ кæронмæ нал афæлдæхтон…

Ныр æй кастæн алцы хурæргомгæнæг дуджы айдæны рухсмæ. Цæст ахста, сæмбæлдзынæн сыл, зæгъгæ, рагацау кæмæ æнхъæлмæ кастæн, ахæм зæрдæхсаинаг, мæнг бынæттæ, æмæ сыл-иу нæ бадис кодтон. Афтæмæй ахæццæ дæн 67 фарсмæ: «Хъæусоветы сæрдар, æрыгон сидзæргæс чындз Ханиффæ, партион, уыдис ныфсхаст, куыстуарзаг, дæсны уыдис адæмимæ ныхас кæнынмæ, фæлæ йæ хъыгдардта, йе уæнгты ма фыдæлты æгъдæуттæй цы æфсармы фæд баззад, уый».*

Ацы ран фæкалдтæн. Уысмы дæргъы мыл æртæфстысты, амæй размæ соцреализмы мадзалæй гуырд аивадæн æцæгæлон, æнæтуг чингуытæ мæ цы фыдæнхъæл æмæ фырсайд фæкодтой, уыцы мæстытæ.

---

** Кæс «Уæззау операци», Дзæуджыхъæу, 1949 аз*

Аиvады сæфты æфсæнттæ мæм ныры хуызæн æбуалгъ æргомæй никуы бахъардтой. Дæбе йæ уацмысы хъайтарты миниуджытыл дзуры сæйраг архайæг Зауырбеджы дзыхæй. Партийы обкомы æрвыст лæг 3-хъæуы цасдæр ацарди æмæ йæ бон у, колхоз кæимæ араздзæн, уыцы бынæттон бæрнон кусджыты тыххæй дзурын. Кæмæ дзы цы фау æрхаста, кæмæ цы.

Ханиффæйы та хъыгдардзæн «йе уæнгты ма фыдæлты æгъдæуттæй цы фæд баззад, уый». Иннæтæм уыцы хуызы йæ зæрдæ нæ фехсайдта. Уæдæ уыцы хъæнтæ уыныны курдиатæй хайджын чи у, уый, Зауырбег, йæхæдæг фыдæлты æгъдæуттыл йæ къух кæй систа, ууыл гуырысхогæнæн нæй. Зауырбеджы хуызæн фарнæйхызт адæймаг цæттæ уыд йæхи цард дæр æмæ йæ бинонты цард дæр «зæронд дуне рацаразыны» сæраппонд нывондæн æрхæссынмæ. Цы æнахъинон логикæйы бындурыл амад цæуы ног цард араздзыты философи! Фæллойгæнæг лæг цæмæй цардамæндтæй бафсæда, уый тыххæй нывондæн æрхæссын хъуыди хи бинонты амонд, къух сисын хъуыди хи уды сæрибарыл. Милуангай хицæн адæймæгты коллективизацийы цуайнаджы сфыц æмæ, сæ бас куы сæмхæццæ уа, уæд дзы рауайдзæн «мах».

Мæнæ куыд хъуыды кæны йæ цардæмбалы, йæ цоты мады тыххæй, зæронд дуне чи хъуамæ рацарæзтаид, уыцы Зауырбег: «… искæй хардзæй хъуамæ дара хорз дарæс, хæра хорз хæринаг æмæ уыцы дарæс æмæ хæринаг ссарæг мойæн йæ дзæбæхдзинæдтæ фида йæ буарæй».

Ам Верæйы кад не ’рхауы къæхты бынмæ – уыцы ныхæстæ Зауырбегæн йæхи цæсгомыл ныууадзынц сау мылазон фæд. Цынæ фæкодта, цæмæй йæ бинойнаг йæхи æмхалдих феста, уый тыххæй, фæлæ Верæ нæ ракуымдта йæ «чысыл дунейæ» æрымысæггаг цардыл тохмæ. Зауырбегæн уый йæ цæстмæ бадардта обкомы секретарь дæр: «хæдзары къæсæрыл æй нæ рахизын кодтай æмæ йæ цардмæ нæ ракодтай». Ацы ныхæстæ æвæджиауы æвдисæн сты, уæды рæстæджы партион разамонджытæ æмхъуыды кæй уыдысты, сæ зæрдæтæ æмдзавд кæй кодтой, уыдæттæн. О, фæлæ Зауырбег у романы сæйраг хъайтар. «Зæронд дуне» чи хъуамæ рацараза, уыцы фæзминаг адæймаг. Уымæ та хъуамæ къухбакæнæнтæ ма уа.

Газет «Власть труда»-йы 1931 азы 16 февралы «Поднять новую волну коллективизации», зæгъгæ, уацæй базонæм, бæстæйы 7 милуан

æмæ 708 мин хицæн хæдзарадтæ колхозтæм конд кæй æрцыдысты, уый тыххæй. Газет хъусын кæны: «Коллективизацийы пълан æххæстгонд цæмæй æрцæуа, уый тыххæй хæстæгдæр 20 – 30 боны ССРЦ-ы колхозтæм хъуамæ ноджыдæр конд æрцæуой 2 милуан хæдзарады». Уыцы пълантæ цы мадзæлттæй æххæстгонд цыдысты, уыдон дæр ныр сусæг нал сты.

Хи бинонты цард сæвæрын чи нæ зоны, йæ хъæбулты чи ферох кодта, уый искæй цард куыд хъуамæ сараза? Бинонтæ уыдысты чысыл паддзахад, иу фæлтæр иннæмæ фарн лæвæрдта.

Абон базыдтам: мад æмæ фыды фæлмæн армы ауон чи байрæзы æмæ паддзахады рæвдауæндæтты æвджид чи баззайы, уыцы сабиты ‘хсæн бирæ быдыртæ вæййы. Зауырбег бындур æвæрдта, сабиты сæ ныййарджыты бæсты паддзахад кæм хъомыл кæндзæн, ахæм æхсæнадæн.

«Ирон советон литературæйы историйы очерк»-ы æрхастой роман «Уæззау операци»-йы сæйраг хъайтартæй иу, дохтыр Хатуйы ныхæстæ: «Адæймаг райгуыры, æппæты фыццагдæр, йæхи тыххæй. Йе ’ппæт тох дæр царды у йæхи уды цард фæхуыздæр кæныны тыххæй». Вульгарон критиктæ кæддæр райдианы Хатуйы ацы ныхæстæ сыскъуыдтой романæй æмæ йæ рахуыдтой «буржуазон интеллигенцийы минæвар». Уымæн æмæ адæм хъуамæ суыдаиккой механизмтау иу миниуæгджын, иу нысанмæ тырнæг, иу ахорæнæй ахуырст. Романы Хату йæ хъуыды дарддæр афтæ фæбæлвырд кæны: «Адæймаг исты æхсæнадон куыст æххæст кæны, уымæ гæсгæ пайда дætты æппæт æхсæнадæн дæр. Æхсæнады æппæт уæнгты ахæм куыстытæ сиу кæн, уæд уый та у прогрессы мæцъис».

Адæймаг йæхицæн аргъ кæнын кæм зона, царды йæ бынат бæрæг кæм уа, ахæм æхсæнадон цардарæзты кой кæны Хату, фæлæ йын уыцы хъуыдытæ уый фæстæйы къорд фæлтæры критиктæ æмæ литературæиртасджытæй ничи бафиппайдта, уымæн æмæ, уæд куыд нымад уыди, афтæмæй «буржуазон интеллигенцийы минæвармæ» раппæлинаг æмæ фæзминаг миниуæгæй ницы вæййы.

Романы сæмбæлæм, Дæбе-иу рæстытæ кæм загъта, ахæм бынæттыл дæр. Уый у, æрдзæй лæвæрд курдиат æм кæй уыди, ууыл дзурæг.

Гъе æмæ «буржуазон интеллигенцийы минæвæрæй» кæй фæтыдтой нæ критиктæ æмæ нæ литературæиртасджытæ, уыцы Хатуйæн

3-хъæуы рынчынтæм кæсын зын у, æххормаг адæммæ кæсгæйæ йæ комдзаг йæ хъуыры нæ хизы. Зауырбеджы нымадæй, уыдæттæ сты «чысыл фæтыхст», «цæсты фæныкъуылд, æмæ, уыцы тыхсты фæстæ цы уыдзæн, уымæ у нæ каст, ууыл у нæ тох».

Хъæу иугуырæй дæр коллективизацигонд цæмæй æрцыдаид, уый тыххæй Зауырбеджы хъуыди йæ фæдонты иу зондыл ардауын. Фæскомцæдисон чыры раздзог Муссæ нырма хайджын уыди Хуыцауы сконд адæймаджы миниуджытæй. Бахъуаджы сахат-иу разынди карз, домаг, фæлæ зыдта йæ рæдыдыл æрфæсмон кæнын дæр, фæкъæмдзæстыг-иу ис. Зауырбег уый æнæ бафиппайгæ нæ фæци æмæ йын ныффæдзæхста: «Ды партимæ цæудзынæ, æмæ хъуамæ дæ зæрдæйы уаг фидар уа. Рæдыд федтай, уæд æгæр мæсты ма кæн, афтæмæй йæ цæв. Уæд дæ цæф тыхджындæр уыдзæн. Ныццавтай, уæд та йыл фæсмон маул кæн».

Гъе, ахæм зондахастæй ифтыгъта колхоз аразджыты уæды æгъатыр рæстæг. Уæдæ милуанты цард нықъкъаппа-къуппа кæнын къухы куыдæй хъуамæ бафтыдаид?

Коллективизацийы сæраппонд амæттагæн æрхастæуыд æрыгон ахуыргæнæг Нинæйы цард дæр. Уроктæ дæтгæ йæ уæвгæ дæр нæ уынæм. Хъæздгуыты хортæ кæм æмбæхст сты, уыцы сусæг æвæрæнтæ агурын – йæ хъомылгæнинæгты сæйраг абетæ. Нинæ йæхи зондæй æрцыди, йæ хортæ чи æмбæхста, уыцы хъæздгуыты «раргом кæнын» стыр хъуыддаг кæй у, уыцы хъуыдымæ. Хор æмбæхсджыты номхыгъд фыст кæуыл уыди, Зауырбегмæ уыцы гæххæтты сыф ратгæйæ, ахуыргæнæг зæгъы: «Уый æз мæхи хъæппæрисæй сарæзтон… æмæ мæ бафæндыдис æхсæны организацитæн уыцы хортæ раргом кæныны тыххæй баххуыс кæнын…» Дарддæр базонæм: бирæ кæй уарзы, «иннæ ахуыргæнджытæй искæй бар бакæнын» дæр йæ цæст кæй нæ уарзта, уыцы фыццаг къласы ахуырдзауты бафтыдта хъæздгуыты æмбæхст хортæ агурыныл. Номхыгъд дæр уыдоны руаджы сарæзта.

Нинæ уыцы митæ авторы зондæй кæны, зæгъгæ, ахъуыды кодтон, фæлæ романы хъайтары ацы змæлдæн ис бæлвырд социалон гуырæнтæ. Уыдон та дзурæг сты, колхозтæ аразыны рæстæг хъæууон адæм стырæй-чысылæй цъысимы кæй бахаудысты, ууыл. Романы 100-æм фарсыл кæсæм: «Цæмæ йæм фæсидтис Зауырбег, уый куы базыдта Нинæ, уæд йæ цæсгомæй тасы æнгас фæтар, йæ цæстытæ зынджы къуыбæрттау ферттывтой…» Цæвиттон, Нинæйæн тас йе уæнджы

бадтис ӕдзухдӕр, ома, цы нӕ вӕййы, исчи мӕ истӕмӕй азымы куы бадара ӕмӕ, дардмӕ дӕр кӕмӕй тарстысты, уыцы хӕдзӕрттӕй мӕм искӕдӕм куы фӕсидой. Зауырбег ӕм куы фӕсидти (цы дзы кӕны, уый нӕ зыдта), уӕд ӕм Нинӕ тӕрсгӕ-ризгӕйӕ бацыди, ме сӕфты дуг ӕрцыди, зӕгъгӕ. Ӕмӕ тӕссаг хабарӕй куы ницы фехъуыста, уӕд «уалдзыгон сырх дидинӕгау йӕ цӕсгом хъӕлдзӕг сырх аци».

Зауырбег зӕгъы: «Хъуамӕ историйӕн скӕнӕм операци ӕмӕ йын сдзӕбӕх кӕнӕм йӕ хъӕдгӕмттӕ». Ӕмӕ йӕ фӕдыл ацыдысты, ног царды сӕраппонд йӕхи цард суӕлдай кӕнынмӕ цӕттӕ чи уыди, ахӕмтӕ. Сӕ иу – Муссӕ, райсомы кӕркуасӕнтӕй фӕсахсӕвӕртӕм ӕнцой нӕ зыдта, йӕ уарзоны цур ӕнӕдӕстытӕй балӕууыд ӕмӕ йӕхи афтӕ раст кӕны: «хи адасынӕй стырдӕр фарстатыл» хӕцын хуыздӕр у.

Коллективизацийы рӕстӕг йӕ кӕнонтӕ чи фӕкодта, уыдон фӕстӕдӕр, 30-ӕм азты, цӕттӕ уыдысты цыфӕнды ӕбуалгъ фыдракӕндтӕ аразынмӕ дӕр.

Поэт Хӕмӕт уазӕгуаты йӕ худ нал исы, ома, дам, уый динимӕ баст ӕгъдау у, «зӕдтӕн ӕмӕ хуыцӕуттӕн искуы хӕдзары къуымы бадын ӕнхъӕл куыд уыдысты, ӕвӕццӕгӕн, уымӕ гӕсгӕ истой сӕ худтӕ ӕмӕ уый уӕд хорз ӕгъдауыл нымад уыд, фӕлӕ ныр никӕй ӕмӕ ницӕмӕнуал хъӕуы».

Роман «Уӕззау операци» дзуапп нӕ радта бирӕ вазыгджын фарстытӕн. Уӕвгӕ роман-плакат ахӕм хӕс йӕ размӕ кӕд ӕвӕрдта?

Борис Можаевы роман «Мужики и бабы»-йӕн академик В.А.Тихонов цы разныхас ныффыста, уым кӕсӕм: «Коллективизацию, то есть коренное социальное переустройство села, ломающее вековые устои крестьянской жизни, разрушающие веками накопленные традиции и хозяйственные интересы крестьянина, попытались осуществить за считанные дни. Не было сколько-нибудь серьезной ни социальной, ни психологической, ни материальной подготовки предпосылок массового обобществления крестьянских дворов, земли, скота, инвентаря».

Дарддӕр Тихонов дзуры, зӕгъгӕ, 1929 – 1930 азты зымӕджы, цъаппарӕзт колхозон скъӕттӕм кӕй фӕтардтой, зӕхкусджыты уыцы фос цагъды кодтой. Кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, колхозмӕ чи нӕма бацыд, уыдонӕн уый зонды хос фӕци, ӕмӕ сӕ фосы суанг бӕхты онг цӕгъдын байдыдтой. Сомбон сӕм цы ’нхъӕлмӕ кӕсы, уый чи ’мбӕрста, уыдон, цӕрӕнбонты кӕм фӕцардысты, уыцы фӕрнджын цӕрӕнтӕ,

сæ фыдæлты ингæнтæ уагътой æмæ алчи йæхицæн агуырдта, сæ удтæ æнцой кæм ссардзысты, ахæм бæстæтæ. Фæлæ уыцы рæстæг бирæ нæ ахаста. Хицауад сæм фæкомкоммæ æмæ 1930 азы февралы рахаста сæрмагонд уынаффæ «Кулакты хæдзарадтæн æвастæй сæ цæрæн бынæттæй лидзыны æмæ сæ исбон уæй кæныны бар нæ дæттыны тыххæй». Зæхкусæг дывыдон арты бахауд – дæ бынатæй ма фезмæл, дæ фæллойæ базармæ мацыуал алас, дæ цотæн дзы мацы бахай кæн.

«Раскулачивание, как отдельные акты конфискации имущества тех, кто противился вступлению в колхоз, – загъы В.Тихонов, – было заменено официальной государственной крупномасштабной политикой «ликвидации кулачества как класса».

Уалдзæджы хортауæнты куыстытæ куы фæсыкк уой, уымæй тæрсгæйæ, Сталин, йе 'мхъуыдыгæнджыты дæр ницæмæуал æрдардта, афтæмæй зæхкусджытæм фæфæлмæндæр. 1930 азы 2 мартъийы мыхуыры фæзынд, йе 'мтохгæнджытæн дæр æнæнхъæлæджы хабарау чи рауад, йæ уыцы уац «Головокружение от успехов». Уым йæ фæдонты ахходжын кæны се 'нæхъоладзинады тыххæй.

Уацы фæзынд басгуыхти бомбæйы срæмыгъдау. Уалдзæджы дæргъы колхозтæй фæстæмæ чи рацыди, зæхкусджыты уыцы хæдзарадты нымæц схæццæ 9 милуанмæ. Фæтæджы ныхæстыл баууæндыдысты зæхкусджытæ æмæ сæ риуты дзаг сулæфыдысты. Фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй æгæр фæтагъд кодтой… Уыцы аз сентябры мæй арвыста «Кооперацийы тыххæй» загъгæ, йæ бардзырд-фыстæг. Уым амынд уыди: 1932 азы уалдзæгмæ хъæууон районтæ иугуыр коллективизацигонд куыд æрцæуой, афтæ. Ног тыхтæ æрбамбырд кодтой, куыд архайын хъæуы, уый сын бацамыдтой. Колхозмæ цæуын кæй нæ фæндыд, уыдон та-иу кулакты хал ахордтой… Æмæ та хъуыддæгтæ базмæлыдысты…

Дæбейы хъайтартæ цы дунейы цæрынц, уым арв никуы рангæс вæййы, тас адæмæн сæ туджы ахъардта. Уымæн ирд æвдисæн сты Хатуйы ныхæстæ. Обкомы секретарь æм куы фæсидт, уæд, цы тас бавзæрста, уый тыххæй Верæйæн афтæ загъы: «Обкомæй, ГПУ*-йæ чидæриддæр фæдзура лæгмæ, уæддæр мæнмæ уæлдай нæ кæсы. Уыдон политикон организацитæ сты æмæ, кæд сæ хъуыддæгтæм гæсгæ

*ГПУ – государственное политическое управление. Уый хæдфæстæ уыд НКВД – народный комиссариат внутренних дел. – (Ред.)

æмхуызон не сты, уæддæр сæ æз бæлвырд нæ иртасын, æмæ, цыма иу куыст кæнынц, уыйау мæм кæсы».

Ацы ныхæстæ фысгæйæ, æвæццæгæн, Дæбейæн йæ мидредактор æрфынæй æмæ, автормæ цы æрдзон курдиат уыди, – лæвæрд та йын æнæмæнг уыди, – уый йæ коммæ нал бакаст. Роман ногæй куы уагътой, уæд уыцы ныхæстæ цензурæйы уынаг цæстытæй куыд аирвæзтысты, дисы мæ уый бафтауы.

Сæрыхъуын арц сбады уæды газеттæ кæсгæйæ. Колхозмæ тæрын кæй нæ куымдтой, уыйадыл-иу æнæхъæн хъæутæ æмæ станицæ зæрондæй-ногæй, стырæй-чысылæй цыфыддæр знæгтæй агæпп ластой. Уый размæ уырдыгон, ома хъазахъхъаг æмæ ирон адæймаг искуы исты хорз ракодта, фыдæлтæй сæм исты фарны фæтк æрхæццæ – уыдæттæ нымад нал уыдысты… Æмæ куыд рауади: газеты кусæг журналист æмæ фыссæджы раз уыцы иу хæстæ æрæвæрдтой, сæ «æрмадзтæ» иу цары бын æрæнцадысты…

Академик В.Тихонов загъта: «Кулакты къласс нæм уæвгæ дæр нæ уыди». В.Даль дзырд кулак афтæ æмбарын кæны: «Скупец, скряга, жидомор, перекупщик, переторговщик, маклак, прасол, сводчик, особенно в хлебной торговле, на базарах и пристанях….». Иу дзырдæй, зæххы куыст чи кæны, фос чи дары, йæхи фæллойæ чи цæры, ахæм нæ, фæлæ сæудæджергæнæг, фæлывд, цæстфæлдахæг…

«О признаках кулацких хозяйств», зæгъгæ, паддзахады уыцы уынаффæмæ гæсгæ кулакыл нымад цыди, канд æхxуырстытæ чи дардта, ахæм адæймаг нæ, фæлæ ма, механикон æгъдауæй чи куыста, ахæм кусæнгарз кæй рæбыны уыди, уыцы хæдзары хицæуттæ дæр. Ахæм кусæнгарзыл нымад цыди, зæгъæм, къухæй зилгæ нартхорзгъалæн кæнæ хырхæйфадæн… Бон, дыууæ боны æмгъуыдæй-иу мæгуыр лæг дæр искæмæ фæдзырдта хорæфснайæн фæдисон рæстæджы, фæкæс мæм, зæгъгæ, æмæ ахæм адæймаджы дæр, æхxуырстытæ дарыс, зæгъгæ, къуымы батæрæн ис?

Чиныгкæсджытæ раджы сыстырзæрдæ сты, царды рæстдзинад-иу заробайау кадаварæй æвдыст кæм цыди, уыцы чингуытыл. Сæхæдæг дæр-иу æй нæ бафиппайдтой, афтæмæй мыл-иу æргом бахъуыр-хъуыр кодтой: «Ай бæстæ куы бабын, уæд сымахæн гæды ныхæстæ фыссын уæ цæсгом куыд хъæцы?» Педагогон институты кæимæ ахуыр кодтон, уыдонæй мæ-иу чидæртæ афарстой: «Цас дын бафыстой дæ чиныгæн?»

«Фыссæг дæн» зæгъын мæ цæсгом нæ хъæцыди. Фысджыты Цæдисы уæнг дæр ма мæ хуыдтой, æмæ мыл ацы ном хуыздæр фидыдта. Фыссæг нагъ, фæлæ Фысджыты цæдисы уæнг! Дзырд «цæдис»-иу баивтой «авангардæй» дæр. Афтæ хонынц разæй цæуæг æфсæддонты. Хицæн фысджытæ нæ нæ хъуыди – коммæгæс æмхъуыды фысджытæй арæзт къордтæ, авангардтæ нæ хъуыдысты.

Иуахæмы фембæлдтæн, йæ фыдæлты хабæрттæ хъусæггагæй кæмæн зыдтон, мæ ахæм зонгæ Хабийыл. Иу ныхас, иннæ ныхас æмæ мын Ирон театры кой куы ракæнид. «Æрæджы иу спектаклмæ фæкастæн æмæ сæм мæстæй хæлдтæн, – райдыдта мын йæ хъæстытæ кæнын Хаби. – Иуцасдæр мæхи урæдтон, стæй сæм сценæмæ бахъæр кодтон: «Мæ бабайы хабæрттæ мын æвдисут æмæ, цы уыди, уыдæттæ æргом цæуылнæ дзурут?»

Хаби мын йæ судзгæ мастимæ йæ дзуринæгтæ скалдта. Колхозтæ аразыныл фыццаг фæлтæрæнтæ куы райдыдтой, уæд Хабийы фыд Тембо йæ фыд Уанийæн балæгъстæ кодта:

– Цард чердæм зилы, уыцырдæм не ’ргом аздахæм. Нæ фос сын раттæм. Кæд нæ фæсивæд скъолаты сахуыр кæниккой…

Уани цæрæнбонты æнцой нæ базыдта, зымæг Хъызлармæ тардта йæ фос, сæрд сæ хæххон хизæнты дардта. Йæ фырттæ Уане æмæ Гæстæн куы бахъомыл сты, уæд уыдон дæр йæ фарсмæ балæууыдысты. Гуырдзыйы меньшевиктæ Хуссар Ирыстоны цæрджыты сæ бæстæйæ куы ратардтой, æмæ уыдон Цæгат Ирмæ æфцгуытыл куы фæлыгъдысты, фæндæгтыл алы низтæй куы цагъды кодтой, уыцы рæстæджы Гæстæны бахъуыди быдырæй Уæлладжыры коммæ цæуын. Алагирæй Тæмисчъы астæу Цъыфджыны ракомкоммæ фæндаггæрон дзыназгæ баййæфта æнахъом сабиты – дыууæ лæппуйы æмæ чызг. Нывыл ныхас зæгъын сæ никæй бон баци, сæ хæкъуырццæй кæуын нал æмæ нал урæдтой. Сæ ныййарджытæ гуыбыннизæй амардысты, фæндагыл сæ кæмдæр дурты бын нынныгæдтой се ’мбæлццæттæ… Сабиты ардæм æрбахæццæ кодтой æмæ сын ныффæдзæхстой: «Ам банхъæлмæ кæсут. Макæдæм ацæут, науæд адзæгъæл уыдзыстут». Ничиуал сæм фæзынди… Гæстæн сæ йæ фæндаггæгтæй бафсæста, йемæ сæ аласта, кæд сæ зонгæтæй исчи мæ размæ фæуаид, зæгъгæ. Иу агурæг нал фæци сабиты, æмæ сæ сæ хæдзармæ æрбаласта. Уанийы хæдзары ма йæхи цотæй уæлдай хъомыл кодтой сæ хæстæг æрвады æртæ сидзæр чызджы æмæ

лæппу дæр. Бахъомыл сты сидзæр сабитæ, лæппутæ фесты хæдзары зылдтытæ кæнынхъом, фыййау цæуын дæр байдыдтой.

Йæ комдзаг дæр не ’вгъау кодта фосæн Уани. Цыдæр дзырдæнгæс мыртæ æмæ хъæлæсивæн уынæртæй-иу æй æгомыг фос бамбæрстой. Иуахæмы йын йæ дзугæй барæй иу сæр бамбæхстой. Иу хаст сыл акодта йæ цæст Уани æмæ, хъуаг кæй сты, уый базыдта.

Æмæ йын ныр колхозы кой куы скодтой, уæд Уани цæхæртæ ныккалдта:

– Уыцы ныхæстæ дæ дзыхæй уæлæмæ макуыуал суадз! Сæрдæй-зымæгæй сæ фæстæ цæугæйæ мæ уыргтæ рафтыдтон. Сымах фесафдзынæн, уыдоны – нагъ!

Гæстæн – цоты кæстæр, фыдмæ ницы суæндыд. Тембол хæдзарæй йæхи айста. Тæмисчъы йæ каистæм æрфысым кодта, хъæдгуыстмæ бацыди. Уырдæм æм байхъуысти: «Уæ фосы уын байстой!» Æмæ сæ хъæумæ фæдисон цыдæй фæуади. Уæд ма æфсымæртæ æд бинонтæ иу цары бын цардысты. Цъалхæй-малхæй сæ уынгмæ миты рагъмæ ратардтой. Раппæрстой авдæны баст дзидзидай сабиты дæр – Темболы лæппу æмæ Гæстæны чызджы. Куыдтой ныййарджытæ, дзынæзта сæ нана, ниудтой сабитæ… Арвы дæлгоммæ фæлдæхт къус суынгæг. Кæд сæм сыхагæй, хъæуккагæй, хионæй æркæсиккой, кæд сæ тæригъæд иу искæмæ бахъарид, зæгъгæ, сæ боны рухс сæнтурс миты рагъыл ныддиди кодта. Фæлæ боны рухс разынди комдзог цæуæг, æмæ сæм ничи хаста йæ ныфс…

Уынгты æрцæйцыди Хабийы номæвæрæг Боблийы æфсымæр Хари. Цъусдуг алæууыд, зæхмæ кæсгæйæ, сабиты дзыназынмæ ныхъхъуыста æмæ атындзыдта, бацагуырдта йе ’фсымæр Боблийы. Хари йæхæдæг фæскомцæдисы рæнхъытæм цæуынмæ цæттæ кодта йæхи æмæ, кулакы бинонтæн баххуыс кодта, зæгъгæ дзы куы айхъуыстаид… Бобли фæдисон тъæбæрттæй Uаниты дуармæ балæууыди. Дыууæ авдæны йæ дæлæрмтты фелвæста, иннæ сабитæ йæ фæдыл уадысты. Иу хæдзары куы базмæлыдаиккой утæппæт адæм, æмæ сабитæй цалдæры сæхимæ бакодта Боблийы сыхаг Бобо. Уый дæр Хариимæ фæскомцæдисмæ цыди. Уый фæстæ уыцы бон куы ралæууа, уæд ын йæ цæстмæ бадардзысты йæ ныры митæ æмæ йæ нал райсдзысты фæскомцæдисмæ.

Хъæуæй чи фæлыгъди, ахæмы хæдзармæ рæстæгмæ бауагътой Уанийы бинонты. Мæ куыстмæ цæуын, зæгъгæ, Тембол иуахæмы

хæрзбон загъта сыхæгтæн æмæ хъæуæй йæхи айста. Сæ хæдзарæй сæ чи тардта, уыдонимæ уыди уæлæсыхаг Ладе дæр. Авдæнты баст сабиты дæр миты рагъмæ уый рахаста. Йæ галиу къах тасгæ нæ кодта æмæ-иу æй уисойæ мæрзæгау иувæрсты уыцы хъандзалæй размæ байста. Иннæтæ дæр сын хастой хæдзарæй уынгмæ сæ дзаумæттæ, æнæ исты сдзургæ дæр-иу кæм фесты, фæлæ се змæлд – ныгъуылдæй, сæ ныхас – мынæгæй. Ладейы ныхас хъамайау дзæнгæл ласта.

– Цъулбертæ стут, тугцъиртæ! – азæлыди Ладейы хъæлæс. – Цæрæнбонты адæмы туг фæцъырдтат æмæ ныр хъуамæ уæ фарсытæнæгæй ракæлой…

Уани Гæстæнæн бафæдзæхста, æмæ уый Темболы иуварс акодта, ома йæхи сæм куынæ баурома. «Дзамбас хæрæг, – мæстæлгъæдæй дзырдта йæхинымæр Тембол. – Иуахæмы та дæ мæ къухтæм хъæуы, æмæ мын ацы хатт нал аирвæздзынæ».

Ладе сыхаг хъæуæй фондз азы размæ æрлыгъди ардæм. Иу-дæс азы цæуы, уæд Уаниты фос æрдæг фæкодтой давджытæ. Æрдуйы бæрц дæр дзы нал разынди. Рацыди иу аз, æмæ та сын сæ фос фæтардæуыди. Ацы хатт сæ фæдыл бафтыдысты Тембол æмæ, Германы хæстæй дыууæ дзуаримæ сгуыхтæй чи æрыздæхт, йæ уыцы æрдхорд. Давджытæ Уаниты фос Чырыстонхъæуы сæрмæ Гæдыты комы бамбæхстой. Æнæхъæн æфсад уыдысты – фынддæс лæджы. Цух сæ не суагътой Тембол æмæ йе ’мбал. Давджытæ фæсахсæвæрты сæ физонджытæй фыццаг комдзæгтæ сæ дзыхтæм куыд схастой, афтæ сæм Тембол бадзырдта:

– Ацы хатт уын уæ нард комдзæгтæ нал батайдзысты, лæвархортæ!

Темболы рæстдзæвин æрдхорд дзы цалдæры æрфæлдæхта. Уæдæ дзы Темболы нæмыг дæр кæйдæрты баййæфта. Ладе зæххыл уæззау хауд куыд ныккодта, уый хорз ауыдта Тембол æмæ ахъуыды кодта: «Дзыхъмард фæци!»

Уый та йæхи мардæфсон скодта…

* * *

Физонджытæй скомдзæгтæ кодтой Тембол æмæ йе ’рдхорд. Фысты, бæхты Гуырдзымæ атардтой æмæ сæ ауæй кодтой.

Ладеты хъæуы Уанийæн разынди йæ дард хæстæг, æмæ йын уый æрхаста бæлвырд хабæрттæ: давджыты мæрдтыл сдзурæг дæр нæ фæци. Загътой, кæмдæр æфцæгыл куыд фæцæйцыдысты, афтæ сæ

зæй æрæййæфта. Фæдисы сæм фæцыдысты, фæлæ сын сæ мæрдтæ не ссардтой. Цасдæры фæстæ та райхъуысти: Ладе зæйы бын нæ фæци, цæфæй йæ фазыл куыд бырыди, афтæ йыл иу фæндаггон бамбæлди æмæ йæ йæ хæдзармæ фæласта. Йæхиуыл куы фæхæцыди, уæд æй йæ хæрзгæнæг сæ хæдзармæ æрласта. Дзæвгар фæсади, сыстади, фæлæ дзамбасæй баззади.

Рацæй-рабон, æмæ, цæрæнбонты зæххы иу хоры нæмыг чи нæ ныппæрста, уыцы давæг лæг сси партион кусæг, колхозтæ аразæг. «Ладе зоны, ме здыйæ кæй фæдзамбас, уый, – хъуыды кодта Тембол, – æмæ йын маст исынæн замманай фадат фæци».

Сыхæгтæн хæрзбон куы загъта Тембол, уый фæстæ йæ хъæубæстæй дзæвгар рæстæджы дæргъы ничиуал федта. Тембол хъæумæ фæзынди æхсæвыгон, зыгъуыммæ кæрц скодта æмæ бахъуызыди йæ фосы цурмæ. Фосимæ – сæхи куыйтæ. Стыф уынæрæй сæм басидти. Хъалагъур нæ райхъал. Тæнджытæ арæзт лæг уыди æмæ йæ бæндибæстытæ скодтаид, йæ дзыхы йын къæрмæг ныннадтаид. Уæлладжыры коммæ атардта йæ фосы, хиуæттæ æмæ сæ зонгæтыл байуæрста. Йæ фæдтæ йыл комдзог нæ рацыдысты, æмæ иучысыл йæ маст ссыди Темболæн. Рацыди ма цасдæр рæстæг, æмæ йæхи раргом кодта. Йæ хъустыл æрцыдысты Ладейы ныхæстæ: «Кулаччытæ æд уидæгтæ сафинаг сты!»

Темболты сыхаг Угъалыхъ рынчынтæ хаста. Хуыссыди æфсæйнаг къух цъæтджын сынтæджы. Æмæ йæ хъæздыг цæрæгыл банымадтой. Ладе йæ къордимæ æрлæууыди рынчыны уæлхъус, рахизын æй кодтой сынтæгæй, сæхи бричкæ сын сифтыгъто, сынтæг дзы бавæрдтой æмæ йæ торгмæ уæй кæнынмæ аластой... Угъалыхъы бинонтæ цардысты сахъарикъул хъæмпынсæр хæдзары. Йæ самандуркъул хæдзар та æрдæгарæзт уыди, уæддæр ын æй галуан рахуыдтой.

Уанийы хуызæтты цъулбертæ хуыдтой æмæ сæ æд бинонтæ Сыбырмæ хастой. Уанийы бинонтæ хъæуы баззадысты, æмæ адæм дисæй мардысты: кæдмæ сын хатыр кæндзысты?

Адæм се 'гас колхозмæ нæма бацыдысты, уæд зæхх уарын байдыдтой. Æппæты фылдæр тыллæг чи æрзайын кодта йæ зæххы хайæ, уыдонимæ уыдысты Уанийы бинонтæ. Сæ кæртæй сын аластой сæ фæллой. Радтой сын хæдзар аразыны бар. Хъæугæрон бавнæлдтой хъæмпынсæр, сахъарикъул къуымтæ кæнынмæ. Уыцы хабæрттæ атындзыдтой æххормаг азмæ. Фосы мыггагæй сæм ницыуал базза-

ди, хуыскъæл арæхæн цы хордтой, æндæр сæм ницы æфтыди, æмæ сыдæй мæлынмæ æрцыдысты. Хабийы нана, йæ баба æмæ йæ хистæр хо ныррæсыдысты. Уымæ та афтæ касти, цыма нард систы. Сæ буар сæрттиваг. Æнгуылдзтæ-иу сæ буарыл кæм аныдзæвыдысты, уым-иу уырзты фæдтæ дзыхъхъытæй аззадысты. Нана æмæ баба ницы дзырдтой, фæлæ Хабийы хо æдзухдæр иу ныхас кодта: «Стонджы мын у!» Раздæр амарди баба, йæ фæстæ бирæ нал ацарди нана дæр. Уыдон сæхимæ айстой Хабийы хистæр хойы…

Боблийы бинойнаг Сасæ-иу Уанитæм цæхæрадæтты ныгъуылдтытæгæнгæ æрбацыди. Хабимæ-иу фæдзырдта, систа-иу йæ ронæй æхсырæй дзаг авг, йæ хъузгæ-къæрмæг-иу ын сæппæрста, йæ кæлмæрзæны бын-иу фæкодта Хабийы æмæ-иу ын авг йæ дзыхыл сдардта…

Урсаг цал хатты фены Хаби, Саса уал хатты йæ зæрдыл æрлæууы, йе 'хсыры тæфгæнаг хъарм къухты æнахуыр æхсызгон æндзæвдтытæ банкъары йе уæхсчытыл, йæ фæсонтыл… Уæд-иу, ногдыгъд æхсыр хъуырттытæ кæнгæйæ, цы удæнцой, цы цин бавзæрста, уый фæстæ ахæм цин никуал бавзæрста…

Сæ каубыдкъул хæдзар арæзт нæма фæци, уæд Темболы зæрдæ фехсайдта, кулак кæныны рæстæг-иу Ладеимæ арæхдæр чи уыди, уыдонæй иумæ. Иуахæмы, фæталынггæрæттæ, афтæ чидæр сæ каурæбынты хъуызгæ базгъордта. Тембол æй кæртæй рауыдта. Иу гæпп аласта йæ фæдыл, стæй йæхиуыл фæхæцыд. Ладейы адæм дзых хæссыныл нæ ауæрдынц, зæгъгæ, хъæуы хъус-хъус дзырдтой. Темболтæм, цы сæ адавой, ахæмæй æндахы гæбаз дæр нал уыди. «Уыцы афон нæм дзырдхæссæг йедтæмæ чи хъуамæ æрбацæуа, зæгъгæ, ахъуыды кодта Тембол. Сым дæр никæмæн скодта. Фæсахсæвæрты-иу цуайнаджы дон рафыхта, скъæты сæрмæ-иу схызти æмæ-иу уым хосыл схуыссыди. Иннæ бинонтæй чи уæрдоны гуыффæйы фынæй кодта, чи хъæмпыл. Фыцгæ донæй дзаг цуайнаг – скъæты, йæ хæцæныл бæттæн баст кæмæн уыди, ахæм бедра – цуайнаджы хуылфы, бæндæны кæрон – Темболы къухмæ баст.

Иуæхсæв та фæзынди æнафондзог. Каурæбынты æрбахъуызыд. Тембол хуыссыд дæлгоммæ æмæ цырддзастæй касти хæдзармæ æрбацæуæнтæм. Æндæрг-иу йæ мидбынаты æндзыгæй афæстиат æмæ та-иу рахъуызыд. Цуайнаджы бынæй ма рухс кодтой æртхутæгхъус

цæхæры муртæ. Мынæг уылæнæй ма чи фыхти, уыцы доны бедра слаcта Тембол хæдзары сæрмæ æмæ йæ фæкъул кæнынæввонг кæронæй æрфидар кодта. Æндæрг йæ тæккæ бынмæ куы ‘рбахæццæ, уæд бедра фæкъул кодта.

Сонт æрдиаг айгæрста мæйрухсхъæстæ фæлмæн талынджы… Ладейы адæмæй иу лæг цасдæр рæстæг нал разынди, уæззау рынчын у, зæгъгæ, дзы райхъуысти…

Хаби куы бахъомыл, уæд бæхгæсæй кусын байдыдта. Бахъомыл, зæгъгæ, нырма хъуамæ йе ’мбæлттимæ хъазыдаид, фæлæ бинонтæ æдзух сæ къухтæм æмхасæнтæгæнгæйæ цардысты, сæ нана æмæ бабайы рæсыд, уазалæрттывдгæнаг цæсгæмттæ сæм-иу разындысты рудзгуытæй, кауы гæмттæй, арвы риуæй… Хабийы хистæр хойы кæуын хъæлæс азæлыди æлыгсæрст зæхбын хæдзары къуымтæй, уæлмæрдты ингæны арфæй… Æмæ бинонтæй алкæй дæр хъуыди уæхскуæзæй кусын…

Ладейы сыгъдсин æмбалæн дæр уæд рауади бæхгæсæй кусгæ. Хистæр Хабийæ никуы ницы сусæг кодта æмæ хабæрттæ лыстæг луæрстæй зыдта. Куы адынджыр уаид æмæ сæ бинонты мæстытæ куы райсид, уый куыд тынг фæндыд лæппуйы! Йæ маст йæ зæрдæйы æнхъызти æмæ иуахæмы сыгъдсины цур, йæхæдæг дæр æй нæ бамбæрста, афтæ сонтæй срæмыгъта: «Æз куы сдынджыр уон, уæд дын дæ туг дойныйæн нуаздзынæн!»

Хаби йæ лæджы кары бацыди, сыгъдсин æрзæронд, рæгъæд дыргъы калм куыд хæра, афтæ йæ цыдæр низ хордта, йæ къæхтæ йæ быны нал цыдысты. Доны былмæ-иу æй рахастой… Хабийы маст æм ныкъкъуырма, йæ фæндаг-иу барæй рынчыны цурты акодта, йæ тæккæ уæлхъус-иу балæууыд, ныггуыбыр æм-иу кодта æмæ-иу æм ныдздзырдта: «Цæй, куыд? Истæйты руаджы ма цæрыс? Дзырдхæссын дæ зæрдæ нал фæзæгъы?» Сыгъдсин-иу йæ цæстытæ бацъынд кодта æмæ-иу мæрдхъус ныцци.

Колхозмæ сæ айстой 1936 азы. Хабийы фыд Тембол ацыди колхозы фосимæ Хъызлармæ æмæ афæдзы дæргъы нал сæфтыди хъæумæ. Йе ’фсымæр Гæстæн фæкуыста тракторыл прицепщикæй, уалынмæ йæхæдæг байдыдта трактор скъæрын. Хуымгæнæнты æхсæв-бон нæ хынцтой. Ладе йын æдзух йæ куыстмæ йæ хъус дардта, йæ ауæдз цæй æрфæн у, уый уысмæн барст кодта.

Иубон та йæ бæхыл быдырмæ фæзынди Ладе. Трактористты сæ тæккæ сихор хæргæйæ баййæфта. Салам дæр сын нæ радта – Гæстæныл йæ цæхæртæ ныккалдта: «Æппæты разæй Сыбырмæ сафинаг сымах уыдыстут! Уе знаггад никуы ныууадздзыстут! – Гæстæнæй йæ цæстæнгас райста æмæ иннæтæм баздæхти. – Уæртæ ма йын йæ куыстытæм бакæсут. Калмобауы алыварс дунейы тъæпæнтæ æфсоны змæст бакодта æмæ хуым гæрæмæй баззад».

Гæстæн йæ комдзагимæ йæ маст нынныхъуырдта, йе 'мкусджытæм бакъул кодта, Ладейæн цы зæгъинаг уыди, уый уыдонæн загъта: «Æмæ æз уыцырдæм уæвгæ дæр куынæ бацыдтæн! Уым Къибо куы хуым кодта…» Йæ ехсы цъæхснаг къæрццы бын фæкодта бараг Гæстæны ныхæстæ, фæзылдта йæ бæхы æмæ йын йæ фæрстæ хъæбæр цырыхъхъыты зæвæттæй ахъаззаг бацавта. Бæх хъæуы 'рдæм адугъ кодта…

Уымæн йæ дыккаг бон Гæстæны быдырæй аластой. Йæхи ныхсыны бон дæр æй нал фæци…

Хъæуæй-иу Хъызлары уæтæртæм куы чи ныфтыди, куы чи, фæлæ Темболæн ницы хъæр кодтой. Афæдзы бæрц рацыдаид, уæд базыдта йе 'фсымæры ахсты хабар. Хъæуы æрбалæууыди. Уыцы æхсæв ын йæхи дæр ахастой.

Хаби дзырдта: «Кулак нæ куы скодтой, нæ бинонты нын уæд хъуамæ ахастаиккой, фæлæ нæ Ладе ам ныууадзын кодта. Мæ хистæртæн куыст зæрдæйы рухс уыди æмæ, ома, æвæццæгæн, хъуыды кодта: мыййаг, искуы æнæхæрд ранмæ куы бахауой æмæ та ногæй дидинæг куы рафтауой. Æнæмæнг истытæ хъуыдытæ кодтаид. Уæвгæ, йæ цуры цæмæй уæм æмæ йын æдзух йæ маст исыны фадат цæмæй уа, ууыл кæй хъуыды кодта, ууыл æппындæр гуырысхо нæ кæны.

Колхоз нæм куы нæма сæнтысти, уæд нын цы зæхх радтой, уым фыццаг аз нæ мæнæу тынг фесгуыхти. Нæ фыдыфыд кæмæйдæр найгæнæн машинæ баххуырста, сахат дæр дзы нæма акуыстам, афтæ нын æй Ладе байста. Уыйбæрц хъалонты бын нæ фæкодта, æмæ, кæд нæхи ауæй кодтаиккам, æндæр сæ бафидынæн нæ бон ницы уыди. Мæ фыдыфсымæры мын куы 'рцахстой, уæд, сидзæртæй кæй схъомыл кодта, уыдон йæ фæстæ районмæ ацыдысты, цыдæр хицауы ссардтой æмæ йæм сæ хъаст бахастой: «Афтæ фехъуыстам, Гæстæн æххуырстытæ дардта æмæ йæ уый тыххæй æрцахстой. Æмæ мах цæй æххуырстытæ стæм, йæхи цоты хуызæн нæ куы рæвдыдта…»

Ницы адавта сæ ныхас. Гæстæн кæй схъомыл кодта, уыцы сидзæртæ сæхи нæ мыггагыл ныффыстой æмæ сæ скаст нæ бауагътой: сымах дæр, дам, цъулберты тугæй фæхъæстæ стут. Уæлæмæ скæсын сæ никуы бауагътой… Хæстæй нал сыздæхтысты дыууæ лæппуйы дæр…»

Хаби фæхъус ис, йæхимæ фæхъуыста, стæй йæ зæрдæбын улæфтимæ схаудысты йæ ныхæстæ:

– Куыд æгъатыр у цард. Адæймаг сбирæгъ вæййы. Давæг дæ куыд сараздзæн, уый æмбаргæ дæр нæ бакæндзынæ… Нæ рæбын ракæл-ракæл фæкæны, уæддæр мын цыдæр æнцой нæ фæдæтты… Æхсæв æрыхъал вæййын, цыма мæ кæдæмдæр мæ фос кæнынмæ атындзын фæхъæуы…

Уыцы азты кулак кæй скодтой, Сыбыры бинаг къæй чи баци, уыдон цытæ бавзæрстой, уый тыххæй дзырдæуы поэт А.Твардовскийы æфсымæр Иван Твардовскийы документалон уацауы, мыхуыргонд уыди журнал «Юность»-ы (№ 3, 1989). Сæ бинонты сын ахастой Цæгаты хъæдгуыстгæнæнтæм. Уыцы рæстæг поэт йæхæдæг уыди Смоленскы: «И ни сама работа, ни климат нас не пугали, начинал мучить голод, – кæсæм уацауы. – Питание было совсем никудышнее, хлеба – мало, для горячего выделялось ничтожно мало крупы, изредка – воблы. Полученный паек никак не удавалось разделить на все дни, и, как правило, день-два-три есть было вовсе нечего… Никаких рублей мы не получали, хотя подсчет их как будто был. На рубль полагалось 113 граммов муки, еще меньше крупы и совсем ничтожно сахара».

Æмæ ма уацауæй ноджыдæр æрхæсдзынæн иу бынат: «Отношение к спецпереселенцам усугублялось еще тем, что звучавший повсюду лозунг «Ликвидировать кулачество как класс!» многими из низовых руководящих работников был понят в том смысле, что все позволительно по отношению к спецпереселенцам, которые в массе своей голодали, болели сыпным тифом, умирали… Каждый случай конфликта на работе заканчивался напоминанием: «Вас ликвидируют… как класс! Ясно?!»

Поэт Твардовскийы бинонты хæссынмæ чи æрбацыд, уый – хъæусоветы сæрдар æмæ æвдисæн лæгтæ – сæ хæдзармæ сын æркастысты æмæ дзы мæнæ цытæ федтой: «Здесь были стулья, называемые венскими, но уже скрепленные отцом проволокой, сиденья, изношенные до дыр. Он перевел взгляд на старый обеденный стол, потом на стоявший у стены

под окном истертый жесткий диван – место, где мы, дети, проводили дни и вечера в зимнее время. У глухой стены виднелась занавешенная наполовину единственная в семье старая отцовская кровать, на которой под выцветшим одеялом угадывалась впалая утроба матраца. Небольшое зеркало в раме с украшениями из наклеенных ромбиков висело на стене – тусклое, с ровными пятнами изъеденной амальгамы. Потом председатель вышел в сени, заглянул в кладовую: она была пуста, сел рядом с понятыми, сцепив руки и опершись локтями на колени и склонив голову, похоже, что-то думал, может быть, про себя сочувствовал, но отменить он ничего уже не мог».

Газет «Комсомольская правда»-йы экономикон фарстатыл фæлгæсæг П.Вощанов, уæлдæр кæй кой скодтам, уыцы уацы хъуыды кæны, адæмы кæрæдзи кæрдтыл æфтауæг уавæр бæстæйы цæмæн сæвзæрд, уый æфсæнттыл. «Был ли смысл в этой идее «равенства в бедности?» Оказывается, был. Страна к началу коллективизации как бы жила в двух измерениях: город, лишенный прав владения какой-либо собственностью… и деревня, еще сохраняющая черты хозяйственного отношения к труду, а потому подчиняющаяся лишь законам «вольного» рынка. Такое противоестественное состояние не могло сохраняться долго. Оно и без того привело к хлебозаготовительному кризису… Потому-то и допускался лишь один подход к крестьянину: «Отдай!»

Кто первым воспротивился этому грабительскому диктату? Зажиточные крестьяне. Кого использовали в борьбе с ними? Крестьян-бедняков. На долгие годы в деревне воцарилась атмосфера произвола, взаимной ненависти и страха, в которой одинаково задыхались все – богатые и бедные».

20-æм азты кæрон æмæ 30-æм азты райдианы хъæуы цы революци сарæзтой, уый æвдыст кæм æрцыди, уыцы уацмыстæ цас мæнг рауадысты, уый нæ цæмæй тынгдæр бауырна, уый тыххæй ма уæды рæстæгæй бирæ диссæгтæ æрхæссæн ис. Фæлæ нæ ныртæккæ уый сæр нал хъæуы. Уыцы рæстæджы тыххæй нырма йæ ныхæстæ зæгъдзæн нæ публицистикæ дæр. Уæлдай тынгдæр та нæм уæды рæстдзинад аивадон дзырды руаджы фæхæццæгæнинаг у.

Ралæууыд æбуалгъ æцæгтæ зæгъыны рæстæг, сыгъдæг зæрдæйæ рæдыдтытыл басæттыны æмæ бирæ цæуылдæрты æрфæсмон кæныны рæстæг.

1989 азы 21 июны зындгонд литературон критик Станислав Рассадин «Литературон газет»-ы загъта Шолоховы тыххæй: «интереснейшая, трагичнейшая фигура эпохи». Уымæй дыууæ мæйы фæстæдæр СЦКП-йы Цæгат Ирыстоны обкомы секретарь Къониаты Юри та ирон фыссæгæн скодта ахæм аргъ: «Мамсыраты Дæбе йæ цæргæйæ сси национ литературæйы классик… Йæ романтæ «Хъæбатырты кадæг», «Уæззау операци», йæ повесттæ, радзырдтæ æмæ пьесæты равдыста 20-æм æнусы фыццаг æмбисы ирон адæмы царды социалон парахат нывтæ» (газет «Социалистическая Осетия», 1989 аз, 29 август). Ацы ныхæстæ загъд æрцыдысты, фыссæджы райгуырды 80 азы юбилейы бонты, йæ ном чи хæссы, нæ республикæйы сывæллæтты уыцы библиотекæйы къулыл Дæбейæн бюст гом кæнгæйæ.

# БÆЛОН

Адæймагмæ йæхи æввахс чи ласы, уыцы къуыркъуыргæнаг маргъ адджын кæмæн фæци, æвæццæгæн ыл уыдонæй исчи сæвæрдта уыцы ном. Номæвæрæджы зæрдæ ноггуырдæн æнæмæнг загътаид, цæмæй рæсугъдæй бахъомыл уа, сабыр æмæ йын фæрнджын заманты цæргæ рауайа.

Сыхæгты чызг-иу Къозаты Бæлоны цæстызулæй цы ауыдта, æндæр æм уæлдай каст дæр никуы æрбакодта – иннæ устытæй йæ ницæмæй хицæн кодта. Фæлæ дын иуахæмы Къозаты кæртмæ куы бахизид чызг. Исдуг дзургæ дæр ницы кодта, бæгъгъæтгом цæстытæй æдзынæг ныккасти Бæлонмæ, цыма йæ фыццаг хатт уыдта.

– Абон нын ахуыргæнæг урочы дæу тыххæй дзырдта, – загъта саби цымыдисæй дзаг хъæлæсæй, йæ цæстытæй калди зæрдæйыл æмбæлæг сыгъдæг рухс. Бæлон бадис кодта: уагæры цы загъта ахуыргæнæг, чызджы æнахуыр хъуыдытыл чи бафтыдта, уыдон цавæр ныхæстæ уыдаиккой?

– Мæн тыххæй цы радзурæн ис? – бацымыдис Бæлон.

Кæддæр æй скъолайы директор фæурæдта уынджы æмæ афтæ бакодта: «Дæ хабæрттæ мын дзырдæуыди». Æмæ йæ фæфарста, фæхъуыста йæм. Æндæр æй никуы ничи æрымысыд, дзыхы ныхасæй дæр æй никуы ничи æрхъуыды кодта хицауадæй.

– Ау, æмæ ма куыд цæрыс, куыд, Бæлон? – сабийы риуы арфæй сирвæзтысты уыцы ныхæстæ.

… Бæлоны ныхасмæ куы федтон, йæ кой йын æз дæр уымæй размæ фехъуыстон. Загътой: æрыгон чызгæй тракторыл сбадти æмæ, уартæ фæсхæст кæддæр, цалынмæ нæ фæсахъат ис, уæдмæ дзы нал æрхызти дæлæмæ.

Бæлонbackspace иуæндæс азы цыди, уæд амарди йæ фыд. Мады æвджид баззадысты авд сидзæр сабийы, сæ хистæр – Бæлон. Мамæлайы къæбæры муртæй сæ хаста ныййарæг мад, се ’рæгътæ дæр – гом. Уыцы аз сыл 300 сомы æхцайы хъалон æвæрд уыди. Къамбецы царв хæсмæ нæ истой, уый, дам, сырдыл нымад у. Æфстау æхцайæ ахицæн кодтой сæ хъалон, стæй афæдзы дæргъы се ’фстау фæфыстой. Фыды- фсымæры бон дæр сын ницæмæй уыди баххуыс кæнын. Сæ тыхстмæ кæсын йæ бон куынæуал уыди, уæд Бæлонмæ фæдзырдта: «Хуымæллæгмæ трактористты курсытæм æрвитынц. Дæ цахъхъæн чызг хъуамæ йæ зæрдæйы дзæбæхæн йе ’мбæлттимæ хъазид, фæлæ цы гæнæн ис. Ацу æмæ ды дæр сахуыр кæн, науæд сыдæй амæлдзыстут». Мад æй бахъæрмттæ кодта, къæхтыл – хæцъил дзабыртæ, æмæ йæ зымæгон бон афæндараст кодтой. Æртæ мæймæ курсытæ каст фæци. Уый уыди 1936 азы. Уыцы уалдзæг фыццаг ауæдз адардта.

1940 азы Бæлон фарны къах бавæрдта Эммаусы хъæуы Къозаты хæдзармæ. Нудæс адæймаджы кæм змæлыди, ахæм бинонты ‘хсæнмæ бацыди. Цал уыдысты, уалæй сæ алкæмæн дæр чындзы лæггæдтæ хъуыди, æмæ, æхсæвæй-бонæй чи судзы, ахæм цырагъ фестади. Кæмæн ног дарæс хуыдта, кæмæн йæ дæрдджын дзаума æмпъызта, кæмæн сæ æхсгæ кодта.

Цоты цин куы бавзæрста Бæлон, уыцы рæстæг æй арвыстой Дзæуджыхъæумæ бригадирты курсытæм. Ахаста йемæ йе ’нахъом сабийы дæр. Хион-зонгæ йын ничи разынди горæты, æмæ-иу æй ахуыртæм йемæ ахаста. Сывæллон-иу уайтагъд афæлмæцыд æмæ-иу уæд – тæргæйттæ, кæугæ. Куы-иу æй ахуыргæнæг барæвдыдта, куы мады ’мбæлттæй исчи. Дæхи дæр хурхæй марыс æмæ сабийы дæр, зæгъгæ, йын-иу уайдзæфгæнджытæ дæр фæци. Æрæджиау ын иу зæронд ус йæ сывæллоны йæхимæ райста. Бæлон бригадиры курсытæ каст куы фæци, саби уæд ауади йæ къахыл.

Æрыздæхти Бæлон хъæумæ æмæ райдыдта тракторыл кусын. Йæ чысылæй фæстæмæ уыцы фырнымд рахаста. Гутонæфтауæг æмбал æй куыд æхсызгон хъуыди! Уыди, чи бакуыстаид, ахæмтæ – йæхицæй æрыгондæртæ, йæхи æмгæрттæ, чысыл хистæртæ, фæлæ сæ ‘мгæрон никæй æрбауагъта. Æмæ куыста дыууæйы бæсты, быхста. Стæй йæм иу зæронд лæджы æрбахуыдтой. Бæлон-иу йæ къухтæм дæр æмхасæнтæ кодта, уый та йæ удыл ауæрста. Иуахæмы фæскъавда хуым кодтой. Цæлхытыл, гутоныл цъыф ныддæвдæг æмæ сын размæ ницуал æнтысти. Бæлон æрурæдта трактор, йе ’мбал бирæ хистæр кæй у, лæг кæй у, уый дæр дзы æрбайрох æмæ йæм знæтæй сдзырдта:

– Гутон бахсæд! Цы кæнын дæ хъæуы, уый æнæ зæгъгæйæ цæуылнæ кæныс?

– Мæ хъару йыл нæ цæуы, – йе уæнгтыл уæззау хæст скæнгæйæ, загъта зæронд лæг.

– Гъемæ уæд ам цы мигæнæг дæ? Дæ хæдзармæ цæугæ! – нал баурæдта йæ маст Бæлон.

Уымæн йæ дыккаг æви йе ‘ртыккаг бон сын сæумæйæ сæ дуар æрбахостой. Æфсин ауад æддæмæ æмæ уайтагъд фæстæмæ фæзылд.

– Нæ лæг, дæлæ дæ чидæр агуры, – загъта Бæлоны æфсин. Æдзух нæлгоймаджы куыстытæ кæй кодта, уый тыххæй йæ «нæ лæг» хуыдта.

Цæвиттон, Бæлонмæ хъæусоветмæ фæсидтысты. Уым ныййæфта хъæуыхицау Сокаты Дзыццылы, районæй æрвыст дыууæ лæджы æмæ æнæбон зæронд лæджы.

– Ай цæмæн ратардтай быдырæй? – мæстæлгъæд хъæлæсæй йæ афарста æрвыст лæгтæй иу æмæ йыл йе ’лхынцъ æрфгуыты тар æрбакалдта. Иннæ уазæг дæр, мард кæуыл æрцæуы, ахæмы каст кодта. Бæлон иучысыл йæ чемы куы ’рцыди, уæд, хабар куыд рауад, уый сын бамбарын кæнон, зæгъгæ, дзурын байдыдта, фæлæ йын æрвыст лæг йæ ныхас фескъуыдта:

– Чи дын радта ахæм бартæ, æмæ кусæджы рæстæй æфхæрай? Де ’ххуырст куынæ у, уæд ыл цæмæн хъæртæ кæныс?!

Тугтæ йыл фæмысыди зæронд лæг, уый бамбæрста Бæлон, йæхи хъуамæ сраст кодтаид, фæлæ ницæмæуал арæхсти. Æниу дзы хи раст кæнын дæр цæмæн хъуыди – куы уыдтой, сæ цуры куыд ныссуйтæ ис æмæ къуыбарыйас дæр кæй нал у. Фæлæ æрвыст

лæгты цæстытыл къуырма маст хæрв сæвæрдта æмæ уынынхъом нал уыдысты.

Дзыццыл сæм фæхъуыста, фæхъуыста, стæй фæлмæнæй загъта:

– Ацы сылгоймаг, барæй æвзæр исты чи бакæна, ахæм нæу. Æнувыддæр уæвæн нæй, афтæ у æхсæны куыстыл. Кæд дзы æнæрхъуыдыйæ исты сирвæзти, æндæр æй уæлдай хъæрæй дзургæ дæр никуы ничи федта. Иу хатыр вæййы…

– Дзыццыл нæ уыди, уæд мæ фесæфтаиккой, – уыцы æнамонд рæстæг мысыди Бæлон. – Гъе, мæн куы ’фхæрдтой, уымæй бирæ рæстæджытæ нæ рауади, афтæ æрцахстой Мысойты Алыкси æмæ Томайты Мæндзийы. Сокаты Дзыццыл дзы йæхæдæг дæр бахауди. Уыцы дистæ-иу фæкодтон æз дæр, хъæуккæгтæ дæр – куы ницыгæнæг уыдысты хорзæй дарддæр, уæд сæ цæмæн фесæфтой? Дзыццыл æмæ Алыкси нал фæзындысты. Мæндзи ма сыздæхти, йæ къæхтæ сæстытæ-здыхтытæ, афтæмæй, фæлæ уайтагъддæр амарди…

Колхозы хъуыддæгтæ ничердæм рæвдз кодтой. Лæгдыхæй аразгæ куыстытæ æмæ цыдæртæй фылдæр сæм цы уыди.

– Ныры трактористтæн цы кусын хъæуы, – дзырда Бæлон. – Къахæй бахæц æмæ трактор фæцæйцæуы. Уæд та зыхъхъыр дæр дæхæдæг æвзар, скусæн зынг дæр… Цилиндры хуылфы-иу хъæд ныкъкъуыр. Авг ныцъцъæл, ныммур кæн æмæ йæ цъындайæ балуар. Гъе, æмæ-иу клапан ахæм авджы ссадæй сыгъдæг кодтам. Капот æмпъузынæн-иу тасмачъийæ зæгæлтæ скодтам. Мачи сæ адава, зæгъгæ, сæ-иу æхсæв нæ нывæрзæнты сæвæрдтам. Бон ахæм куыстытæм кæй æвдæлди. Соляркæ куыстгонд маслæйыл бафтау æмæ дзы арт скæн. Сындæггай-иу сыгъди æмæ-иу уый рухсмæ кодтам зæгæлтæ дæр, æндæр куыстытæ дæр. Арт сусæгæй кодтам – иу æртах дæр æвастæй схардз кæнæн нæ уыди. Иу куыст иннæйы æййæфта, æмæ нæ-иу нæ уд исынмæ дæр нал æвдæлд. Бæттæнтыл бабæтт хъуыдыды нартхоры æфсиртæ æмæ сæ радиаторы фыцгæ донмæ ныууадз. Фæтæгены ад-иу скодтой, фæлæ ма уыдæттæ чи хъуыды кодта…

Трактортæн дон цæмæй ластаиккой, иу ахæм уæрдон нæ разынди колхозы. Æмæ, куыст ма фæкъуылымпы уа, зæгъгæ, дон хæссынил бафтыдтой дыууæ зæронд усы – Хестанты Дуна æмæ Созанаты Женяйы. Сæхиуыл бæргæ нæ ауæрстой, Суадæттæй хуымы ’хсæн тыннывæндæгау кодтой сæ дзаг бедратимæ, уæддæр æфсæйнаг «кæфхъуындарæн» бафсис нæ уыди.

– Уас тъæнджытæ ахауай, цы трактор дæ, ды ма искуы куы бафсæдай! – ралгъыстой-иу, сæ бедратæ-иу аппæрстой æмæ-иу сæ цæссыг ныккалдтой. Уый фæстæ та-иу Бæлонмæ фездæхтысты:

– Ды дæр, хæйрæг кæд нæ фестадтæ, уæд нын цы дæ зæрды ис? Иу уысм нæ сулæфын бауадз!..

Гæнæн æмæ амалæй-иу бонрухсæй хъæуы уынгты нæ ацыдаид Бæлон. Йæ цæсгом-иу дымгæтæ æмæ къæйгæнаг хурмæ фæхсынхуыз ныцци, йæ цæстытæ та-иу ирд æрттивæн калдтой. Æмæ-иу ыл ныддис кодтой: «Уæртæ йын цы цæсгом ис! Конд хæйрæджы хуызæн!» Уыцы ном ыл, йæхицæн æххуысгæнæг куынæ бауагъта æмгæрон, уæд сæвæрдтой.

Нæлгоймæгты æмрæнхъ уæззау куыст кæн, фæлæ дын бинонтæ кæй ис, цардæмбал, цот, уый дæр дæ рох ма уæд. Нæлгоймæгты ’хсæн змæлыс, фæлæ хъуамæ дæ фарн ма фæкъахыр уа. Дæ алы къахдзæф дæр дын чидæр уыны æмæ хъуамæ макуы фæкъуыхцы уай.

Кæд мын фылдæр бантысид æмæ афоныл мæ бинонтыл сæмбæлин, зæгъгæ-иу бон-изæрмæ æнцой не ’ркодта Бæлон, уæддæр-иу ыл банафон.

… Бонæй ма дзæвгар уыди, уæд къæвда балы стæвдæн æртахæй ныккалдта. Бæлон æмæ йе ’ххуысгæнæг æмбал ма хъæмпы цъынамæ баирвæзтысты. Фæйнæ-фæйнæ раны йын йæ фарс арф бакъахтой. Алчи йæ хуыккомы бабырыди. Æхсæв-бонмæ æрвгæлæн фæкодта. Бæлон йæ цæст не ’рцъынд кодта: куыд æй бамбардзысты? Цы цæсгом ма равдисдзæн хæдзары?.. Уыцы ’хсæв йæ удæй цас ахаудта!.. Уымæй цас рацыдаид, æмæ та Бæлон æнафонтæм ныффæстиат быдыры. Йе ’мбæлттæ-иу фæзилæнты дзæбæх гæбæзтæ æнæкондæй фæуагътой, æмæ йæм уый тыххæй дæр чысыл мæстытæ нæ хауди. Афæлдæхта уыцы зæххы гæбæзтæ дæр, æмæ йыл дзæбæх банафон. Уыцы фæлладæй фистæгæй кæд æмæ кæд фæхæццæ сæ хæдзармæ! Йæ цардæмбалы ма бадгæ баййæфта. Къæсæрæй куы бахызти, уæд фемдзаст сты – йæ судзгæ цæстæнгас дзы иннæрдæм ахызти. Йæ масты ныхæстæ йыл нызгъæлдта, стæй йæ хъуыды балхынцъ кодта:

– Ныр, кæм уыдтæ, уырдæм цæугæ!

Бæлон йæ сæрыхицауы æмбæрста: лæг цардæмбал уымæн æркæны, æмæ йын йæ цоты рæвдауа, сылгоймаджы зылдхъуаг ма ’ййафа хæдзар. Йæхинымæры агуырдта Бæлон, хæдзарæй йæ чи нал аиртаса, ахæм куыст. Уыцы фадат ын сарæзта хъæуы хицау Сокаты Дзыццыл.

Бæлоны хъæусоветмæ бахуыдта, нымайджытæй кæйдæрты бафæдзæхста, цæмæй йæ сæ дæсныйадыл сахуыр кодтаиккой. Дыууæйæ йæм сæ цæст дардтой æмæ фæцалх уыдаид, фæлæ йын æртыккаг иуахæмы нымайæн йæ разæй systa æмæ загъта:

– Дæхицæн дзæгъæл зæрдæтæ мацæмæй æвæр, ды ам нæ кусдзынæ!

Къуырмакуыдæй фæкуыдта, нынныхъуырдта йæ маст. Æмæ та тракторы здухæныл æрхæцыд. Боныцъæхтæй-иу хъæуæй ахызти. Чи-иу æй федта, уыдон-иу ныддис кодтой:

– Бирæгъæй дæр нæ тæрсыс, æппын? Дæхи дæр бабын кæндзыæ æмæ дæ цоты дæр.

Уæд хæсты рæстæг та? Немыцы хæдтæхджыты æхситт æмæ нæрынæй-иу хъæуыл арв æрцæйхауди, уæддæр сæ быдыры куыстытæ нæ уагътой. Иуахæмы та сæумæйæ хъæуæй федде кодта Бæлон Къозаты Цеска æмæ Годжиты Аминæты. Сæ тракортæ скусын кодтой, кæрæдзи фæстæ фæраст сты, зæхх фæлдахынц… Бирæ нæ акуыстой, афтæ сæ сæрмæ фегуырдысты… Сæ хъæр дæр сæ не ’ййæфта, афтæ æрбасыффытт ластой. Алчи сæ йæ тракторы бын фæмидæг. Фæлæ цыма тыгъд быдыры ныддæлгом кодтой, уымæй уæлдай сæ тарст не ’рцыд. Тракортæ-иу æдзæм мысантæ фестадысты. Уыцы бон сыл сæхи цалдæр хатты рахафтой немыцаг хъæрццыгъатæ. Цæй куыст æмæ ма цæй цыдæр!..

Бæлон мын йæ хабæрттæ дзырдта кадавар ныхасæй. Уæвгæ иу хабар дæр мæ размæ æххæстæй нæ рахаста. Иу ранæй – мур, иннæ ранæй – тæпп. Дзырдта, йæ ныхæстыл былысчъилтæ кæнгæйæ. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу хатыртæ курынмæ фæцис æмæ-иу афтæ бакодта:

– Ме ’дылы ныхæстæ мын фæфыстай!

Фыдæбæттæ, тухитæ… Давон миты бынæй голладжы æрдæг цæмæй скъахай, уый тыххæй дæр-иу цас хъарутæ æмæ рæстæг схардз кæнын хъуыди! Уый фæстæ йæ Эммаусæй æккойæ Бесланмæ фæхæсс. Поезды ссæуынмæ цæмæй фæхæццæ уыдаиккой, уый тыххæй-иу æхсæвдзу акодтой… Бæлццæттæн уæй кодтой æйчытæ дæр, дыргътæ дæр…

… Цæлыччы къанау къахынмæ дæр уыди Бæлон. Уазал зæххыл-иу бакодтой сæ хуыссæнтæ, гом арвы бын… Ласинаг рынчын дзы фæци…

Дзырдты ауон цыдæртæ фенынхъом чи у, уымæн Бæлоны царды тæппытæ бирæ цыдæртæ зæгъдзысты.

Йæ зæрдæ-иу æрбауынгæг, йæ цæстытæ-иу доны разылдысты. Йæ хъару цас нал амоны, уыйбæрц ын фæзын ис йæ фыдæбæттæ уромын, сæ хæссын. Йæ цæссыгтæй дæр æфсæрмы кодта, фæлæ йыл-иу комдзог рацыдысты.

Йæ пенси – æхсад цыппар туманы. Цытæ дзы хъуамæ бампъуза, чердæм сæ айваза? Йæ цот æй рох нæ уадзынц, фæлæ йын цыдæр маст йæ зæрдæ риссаг æлхыскъ ныккæны: йæ утæппæт фыдæбæттæн ын æндæр аргъ цæуылнæ скодтой? Уæвгæ, æрмæст уый куы сæвæрдтаиккой ахæм уавæры…

Сусæггаг нал сты, пенситæ нысан кæныны хъуыддаджы дæр цы хæрæмттæ фæкодтой, хæрæмттæ цæмæй кæной, уымæн цы æвæджиауы фадæттæ арæзт цыди. Бæлон дæр цыппар туманы исы æмæ, колхозы куыстмæ-иу æхсгæ уад чи акодта искæдæй-искæдмæ, фæлæ гæххæттытæ чи самал кодта, уый дæр. Æниу, æппындæр чи никуы куыста, ахæмтæ не ссардтой, кæлæнгæнæг тых кæй мидæг бацыд, уыцы гæххæттытæ, цы?..

Гъе, уæддæр йæ чызгон дуджы фырнымддзинад йæ туджы баззад, нæ фæфыдæхзæрдæ Бæлон.

Рахиз зæнгыл фылдæр уæз цыди – тракторы уромæнтæ æдзух алвас-алвас кодта. Зæнг æндзыг кæнын байдыдта, тугдадзинты туджы зилдух нывыл нал уыди. Иуахæмы йæ зилгæ-зилын трактор ракъуырдта, цæф рахиз зæнгыл бауади. Схæрам рахиз зæнг. Дохтыртæм къахихсыд баци. Æхсæз хатты операцигонд фæци.

Зæрдæрисы хос йедтæмæ йын цы сты йæ бирæ мысинæгтæ, фæлæ искæдæй-искæдмæ ивгъуыд бонтæй йæ зæрдыл исты æрбалæууы æмæ та сæ радзуры. Кæстæр фырт ын афтæ фæзæгъы:

– Мауал ма сæ дзур. Мæ фыны сæ фенын æмæ хурхæй амæлын.

Иу фæлтæрæй иннæйы ‘хсæн сис куы самадæуы, кæстæр хистæры рис куы нал фембары, дуне уæд стæссонд вæййы…

## АИВАД, КУЛЬТУРӔ

# ДЗЫТИАТЫ ЛАКТЕМЫР: 70 АЗЫ



(1951 – 2019)

# ХÆЛÆРТТЫ МЫСИНÆГТÆ

*Разныхас*

*Намыс, фарн æмæ лæджыхъæд... Ацы æртæ хорзæхæн йæ зæрдæйы арфы рæсугъд бынат кæмæн уыд, йæ зонды æмæ артисты курдиаты фæрцы сæ адæмы 'хсæн рæдауæй чи уæрста, уыцы курдиатджын актерттæй иу уыд РЦИ-Аланийы адæмон артист Дзытиаты Лактемыр. Уæздандзинадæй, ирон æгъдау раттынæй никæмæй дæлдæр лæууыд, уæдæ йæ уды цы курдиаты зынг сыгъд, уый цæхæр адæмæн лæвар кодта Тæбæхсæуты Балойы номыл Ирон театры, фыдæлтыккон зарæгмæ йæм цы уарзт уыд, уый та æргом кодта Филармонийы зарæггæнджыты къорды.*

*Лактемыры курдиаты зынг скъолайы бонтæй фæстæмæ сыгъд. Йæ фыд раджы амард. Мад Нинæ йæ цоты – иу лæппу æмæ æртæ чызджы – схъомыл кодта, йæхæдæг куыд рæстаг зондыл, æгъдауыл, æфсармыл хæст уыдис, афтæ.*

*Лактемыр скъолайы уыд хæрзарæхст: кафынмæ, зарынмæ, æмдзæвгæтæ аив кæсынмæ, далафæндырæй цæгъдынмæ, ныв кæнынмæ. Йе 'гъдау æмæ хорз ахуырæй уæлдай бæрæг дардта йе 'мгæртты 'хсæн. Архайдта скъолайы драмон къорды дæр. Уым скъоладзаутимæ цы сценикон нывтæ æвæрдтой, уыдонæй иу уыди Илас Æрнигоны «Уайсадæг чындз». Лактемыр дзы хъазыди зæронд лæджы ролы. Районы драмон къордты æркасты йын йæ арæхстдзинадæн скодтой стыр аргъ.*

*Скъола каст фæуыны фæстæ бацыд ЦИПУ-йы филологон факультеты ирон-уырыссаг хайадмæ. Ам йæ ахуыр хорз цыд. Уæдæ йæм ныв кæнынмæ, аивадмæ цы курдиат уыд, уый дæр уайтагъд рабæрæг. Æмæ йæ уый тыххæй ахуыргæнджытæ æмæ йе 'мбæлттæ уæлдай уарзт кодтой. Цасдæр рæстæджы фæстæ ам йæ ахуыр ныууагъта æмæ бацыд Мæскуыйы Щукины номыл театралон институтмæ. Ацы номдзыд театралон аивады куырдадзы Лактемыр цы ахуыргæнджыты-зындгонд актерты 'хсæнмæ бахауд, уыдон дæр ын йæ курдиат æнæ бафиппайгæ нæ фесты. Æмæ йын сæ зонындзинæдтæ рæдауæй лæвæрдтой.*

*1980 азы Лактемыр ссыд Ирыстонмæ. Æмæ уæдæй йæ царды фæстаг бонтæм зæрдиаг лæггад фæкодта аивадæн. Уындæй куыд*

*хæрзконд æмæ аив уыд, афтæ рæсугъд уыд йе сценикон курдиатæй дæр. Æмхуызон хорз арæхст комедийы, драмæйы, трагедийы хъазынмæ. Уыдонæн сæ зынгæдæртæ сты Гоголы «Ускуырд»-ы – Анучкин, Хуыгаты Георы «Хъæздыг хæдзар»-ы – Джиджи, «Чепена»-йы – Шакро, Годжыцаты Исахъы «Æз ус нæ курын»-ы – Жули, Саламты Къолайы «Лечъыр Габоли»-йы – Лечъыр Габоли, Туаты Дауыты «Хæрзойты Фатъимæт»-ы – Булатыхъо...*

*Иу æмæ дыууæ хатты нæ рахызт Лактемыр сценæмæ. Фæлæ-иу цы фæлгонцтæ ранывæста, уыдоны иугъæдон нæ уыд. Цалынмæ-иу йæ ролы бæлвырд адæймаджы сурæт уырнинагæй не сныв кодтаид, уæдмæ йæхицæн æнцой нæ лæвæрдта. Цардæфхæрд адæймаджы сурæт аразгæйæ та, сценæмæ кæсджытæ, сæ тæригъæддзинад кæмæн нæ бахæлæг кодтаиккой, ахæм артист. Комедион спектакльты дæр уыд, йæ зæрдæйы арфæй нывæст фæлгонцæй театрдзау гуыбындихтæ кæмæй кæны, ахæм цин лæваргæнæг.*

*Ирыстоны æмæ нæ бæстæйы киноаивады дæр Лактемыр ныууагъта зынгæ фæд. Ахъазыд дæс кинонывæй фылдæры: «Пираты XX века», «Загадка кубачинского браслета», «Буйный Терек», «Мужское самолюбие», «Одиннадцать писем к Богу», «И оглянулся путник», «Крутизна», «Убойная сила-3», «Хрусталев, машину!», «Голос матери», «Август. Восьмого», «Волшебная папаха»...*

*Театр æмæ кино. Аивады уыцы хуызтæм ма бафтауæм ирон зарæгмæ æмæ поэзимæ уарзт. Лактемыры риуы цы рæдау зæрдæ уыд, уый арвæрдынау уыд рæсугъд йæ алывæрсыг курдиæттæй. Зарæгæн цы аргъ кодта, уый бæрæг у, йæ бинойнаг, РЦИ-Аланийы сгуыхт артисткæ Зæнджиаты Ритæимæ æмæ Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы зарæггæнджытимæ йын цы бирæ вокалон композицитæ фыст æрцыд, уыдонæй. Театралон аивады æмæ ирон зарæджы рухс Лактемыр хаста бæрзонд. Йæ аив хъæлæсы фæрцы Ирыстоны, Мæскуыйы, Бетъырбухы, фæсарæнты аивадуарзджытæ банкъардтой ирон хъæбатырон æмæ лирикон зарджыты рæсугъддзинад. Къостайы загъдау, «æнæ фæхудгæ, æнæ фæкæугæ сæм чи лæууыди». Фыста æмдзæвгæтæ дæр. Уыдонæй бирæтæ систы зарджытæ.*

*Хъысмæты бардуагæй æмæ йын Дунесфæлдисæгæй цы курдиат лæвæрд уыд, уымæй фæхайджын сты йæ дыууæ чызджы дæр. Хистæр – Фатимæ – у дæсны фæндырдзæгъдæг, кусы Хæххон паддзахадон аграрон университеты адæмон кафты ансамбль «Хохаг»-ы концертмейстерæй. Кæстæр*

*– Алинæ – каст фæци ЦИПУ-йы аивæдты факультет. Куыста Мæскуыйы УФ-йы адæмон артист Владимир Винокуры эстрадон пародийы театры. Ныр та у Уæрæсейы театралон академийы студенткæ æмæ Ирон театры артисткæ. Уæдæ Лактемыры бинойнаг Ритæ йæ фæндыры аив зæлтæй Ирон театры сценæйы цал æмæ цал спектаклы æмæ аивадон изæры саив кæны, уый та! Аивæдты училищейы сахуыр кæныны фæстæ куыста йæ райгуырæн хъæу Ставд-Дурты. Разамынд лæвæрдта фæсивæдон æмæ, карджын адæм кæм зарыдысты, ахæм къордтæн. Бирæ республикон адæмон сфæлдыстады конкурстæй-иæ Ритæ æмæ йæ зарæггæнджытæ Ставд-Дуртæм хъæумæ æрхастой уæлахиз.*

*Зындгонд артист, зæрдæхæлар адæймаг, æцæг ирон лæг Дзытиаты Лактемыры ном æнусмæ цæрдзæн адæмы зæрдæты.*

# НÆ СЫГЪДÆГЗÆРДÆ НЫФС

Лактемыр махæй хистæр уыд, уый ма æфсады фæстæ университеты дæр ахуыр кодта, афтæмæй æрбацыд студимæ. Мах та – скъолайы фæстæ, æмæ Мæскуымæ куы ныццыдыстæм 26 адæймагæй, уæд кæй зæгъын æй хъæуы, фыццаг бонты тыхстыстæм уыцы стыр горæты. Фæлæ нæ Лактемыр йæ алыварс æрбамбырд кодта æмæ нын уым уыдис нæ хистæр æфсымæр дæр, нæ мад дæр, нæ фыд дæр. Уыдис нын стыр ныфс. Раст мæнæ къуырттон карк йæ цъиуты куыд хъахъхъæна, афтæ нæ хъахъхъæдта.

Æхсæв-иу фынæй нæ кодта, цалынмæ иууылдæр æрбацыдысты, уæдмæ. Исчи-иу куы афæстиат, уæд-иу тыргъты йæ размæ хъуамæ фæуыдаид.

– Ардæм-ма рауай, нырмæ кæм уыдтæ, рæвдз дæ хуыссæнмæ – æмæ та тъæбæртт.

Тæрсгæ-ризгæ-иу æрбацыдыстæм, куы-иу афæстиат стæм уæд, Лактемыр тыргъты нæй, зæгъгæ. Уымæй зæгъинаг дæн уый, æмæ нын Лактемыр æцæгæлон, æнахуыр бынаты уыдис ныфс, стыр ныфс. Лактемыр фондз азы дæргъы мах раз цырагъау лæууыдис. Æмдзæрæны зынгхуыссынгæнæгæй куыста, нывгæнæгæй куыста æмæ-иу цы æхцатæ райста, уыдонæй-иу нын арæх хæринаг балхæдта. Ахæм рæстæг уыдис, æмæ нæм нæ уыдис æхца. Иу райсом раджы мæ райхъал кодта: «Хъази, уæлæмæ-ма рабад», Хъази мæ хуыдта йæ æмæлæтмæ дæр. Æмæ рабадтыстæм Артуримæ, нæ уæлæдарæс скодтам. Варшаваг метройы

раз уыдис халсарты базæ, æмæ нæ уырдæм акодта. Бацыдыстæм, æмæ дуне вагæттæ лæууы. Бамбарын сын кодтам, студенттæ стæм æмæ нын вагæттæ равдæлон кæныны бар раттут.

– Мæнæ уал иу вагон равдæлон кæнут, стæй уæд иннæтæ дæр уæ бар уыдзысты.

Æмæ райдыдтам картофы вагон æвдæлон кæнын. Калæм картоф, фæлæ йæ кæрон нæ зыны. Уалынмæ Лактемыр ауади, цыдæр салдæтты æрбакодта, уыдон нæм фæкастысты. Æнафонтæм равдæлон кодтам вагон. Ныффæлладыстæм, фæлæ уæддæр иу голлаг сæккой кодтам, уым нæм æнхъæлмæ кæсдзысты, зæгъгæ, æмæ йæ æмдзæрæнмæ æрбахæццæ кодтам. Лактемыр æй дуаргæрон æрæвæрдта, æмæ йæм Артур дзуры:

– Уырдыгæй йæ исчи амыхъхъ ласдзæн.

Фæлæ йæ Лактемыр ноджы зынгæдæр ран æрæвæрдта, цæмæй йæ иннæтæ дæр феной. Цыбыр дзырдæй, райсомæй куы райхъал стæм, уæд дзы картоф нæ, йæ рыг дæр нал уыд. Афтæ, зæгъæн ис, барæй ныууагъта картоф, цæмæй, кæй хъæуы, уый дзы ахæсса. Æмæ æрмæст уый нæ, фæлæ фондз азы дæргъы махæн цы хорздзинæдтæ фæкодта, уыдон иу чиныджы дæр фыст нæ фæуыдзысты. Ахæм сыгъдæгзæрдæ, фæлмæнзæрдæ, хæларзæрдæ адæймаг уыдис, æмæ-иу искæмæн баххуысы тыххæй йæхи дæр хъуагæй ныууагътаид. Иуафон та стипенди райстам æмæ зæрдæрухсæй сæумæрайсом ахуырмæ фæцæуæм къорд лæппуйæ. Нæ разæй цæуы Жаннæ Ахмадулина, тæтæйраг чызг, немæ ахуыр кодта. Рæстæг фæуазал, сылгоймæгтæ цыдысты цырыхъхъыты, уыцы чызгыл та сæрдыгон къахыдарæс. Лактемыр æй афарста: «Жаннæ, сæрдыгон къахыдарæсы цæмæн дæ?» «Æхца мæм нæй цырыхъхъытæн», – дзуапп радта чызг. Лактемыр йæ стипенди фелвæста, махуæттæ дæр амбырд кодта æмæ чызджы бакодта, æмдзæрæны раз цы къахыдарæсы дукани уыд, уырдæм æмæ йын балхæдта югославаг цырыхъхъытæ. «Тыхсгæ ма кæнут, исты амал та кæндзыстæм», – махмæ æрбакæсгæйæ, загъта Лактемыр.

Жаннæ Ахмадулинаимæ абон дæр нæ бастдзинæдтæ нæ халæм. Куы йын æй фехъусын кодтам, Лактемыр нал ис, зæгъгæ, уæд тынг фæхъыг кодта.

Ахæм адæймаг уыдис Лактемыр.

Куы ахуыр кодтам, уæд йæ бæллиц уыд Дон Кихот. Ирон театры йæ куы сæвæрдтам, уæд уый уыд йæ хуыздæр рольтæй иу. Уымæн æмæ Лактемыр, фыццаджыдæр, Дон Кихот у йæхæдæг. Сывæллонæй

уæлдай нæу. Йæ зæрдæ уыд сыгъдæг. Афтæ нæ хъахъхъæдта алы хъуыддаджы дæр, æмæ уый руаджы мах иуулдæр нæ фæндаг ссардтам æмæ кæронмæ каст фестæм институт.

Ахуыр куы фестæм, уæд иуафон – мæ фыд запасы офицер уыд æмæ йæ цæттæгæнæн службæмæ акодтой цалдæр мæйы, мæ мад та рынчындонмæ бахаудта. Лактемыр Артуримæ уайтагъд æрхæццæ сты. Цæмæй дын феххуыс кæнæм, тыхсгæ ма кæн, мах дæ фарсмæ стæм, зæгъгæ. Мæ мады рынчындоны дæр бабæрæг кодтой, æмæ, Лактемырæн загъта, мæ лæппуйы мын æххормагæй ма ныууадзут, зæгъгæ. Уый йын ныфсытæ бавæрдта æмæ æцæгæйдæр афтæ бакодта. Кусын куы байдыдтам, уæд Лактемырæн рольтæ радтой, æмæ-иу уæддæр тыхсгæ кодта, мæнæн радтой, адонæн цæуылнæ радтой, зæгъгæ.

Фæстæдæр иумæ кусын райдыдтам æмæ тынг зæрдиагæй фæкуыстам. Мæхæдæг дæр ма иу спектакль сæвæрдтон – «Ирæттæ». Уым хъазыдысты Лактемыр, Хаситы Вильгельм, Хъæцмæзты Лазыр, Бытъæты Роберт, Хъæцмæзты Фатимæ, Бибуаты Сослан. Лактемыр дзы диссаджы фæлгонц скодта. Уыцы фæлмæн зард-иу кодта. Бирæ спектаклыты ахъазыд, сæдæйæ фылдæр, мæнмæ гæсгæ, æмæ алы спектаклы дæр йæ уд лæвæрдта, йæ зæрдæ.

Лактемыр, махæй ацыдтæ, фæлæ ды дæ мæ зæрдæйы, мæ ныфс, мæ хъару, ме 'фсымæр. Æз, спектаклыты хъазгæйæ, сценæмæ куы рахизын, уæд æдзухдæр мæхинымæр фæзæгъын: «Дæ номыл та уыдзæн мæ архайд. Бузныг, Лактемыр».

*ГУЫБИАТЫ Хъазыбег,*
*Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны адæмон артист,*
*Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артист*

# УЫДИС НЫН ÆФСЫМÆРАУ...

Лактемыр не 'ппæтæй хистæр уыд æмæ не 'ппæтыл дæр куыд æфсымæр, суанг куыд фыд, аудыдта. Зул каст бакæнын дæр нæм ничи уæндыди, чызгæй, лæппуйæ, уæлдайдæр – чызджытæм, кæй зæгъын æй хъæуы. Стæй лæппутимæ дæр афтæ æнгом уыдис, уæлдайдæр Гуыбиаты Хъазыбег æмæ Дзуццаты Артуримæ, иу уаты кæимæ цард, уыдонимæ. Æмæ-иу æртæйæ куы рацæйцыдысты, уæд-иу, куыд загътон, афтæ зул

каст ӕрбакӕнын дӕр ничи уӕндыд. Йӕ курдиат та бынтон диссаг уыд. Театр ӕмӕ кинойы, артист, уымӕй дарддӕр дӕсны кафӕг, зарӕггӕнӕг ӕмӕ, балалайкӕйыл цы диссаджы цагъд кодта, уый та ӕмбисонд уыд. Уӕдӕ ныв кӕнынмӕ дӕр – тынг дӕсны. Йӕ ныв кӕныны дӕсныйад театрмӕ куы ссыдыстӕм, уӕд ам дӕр бабӕззыд.

Ӕмдзӕрӕны ма куы цардыстӕм, ӕмӕ, исты бӕрӕгбон ӕрцӕуы, зӕгъгӕ, уӕд-иу афтӕ саив кодта йӕ ӕрмдӕсныйӕ, афтӕ-иу сбӕрӕгбонхуыз кодта, ӕмӕ-иу зӕрдӕ ради.

Хъуыды ма йӕ кӕнын, Хетӕгкаты Къостайы бӕрӕгбонмӕ цӕттӕ кодтам ӕнӕхъӕн курсӕй, кастыстӕм йе 'мдзӕвгӕтӕ иронау дӕр ӕмӕ уырыссагау дӕр, дзырдтам йе 'сфӕлдыстады тыххӕй, фӕлӕ Лактемыр цы портрет скодта, Къостайы портрет, уымӕ кӕсынмӕ цыдысты иууылдӕр. Скодта йӕ тушь ӕмӕ пъеройӕ, фӕлӕ афтӕ аив рауад ӕмӕ йӕм, ӕвӕццӕгӕн, цыдӕриддӕр курдиат уыд ныв кӕнынмӕ, уый уыцы портреты бавӕрдта ӕмӕ йӕм адӕймаг кӕсынӕй не 'фсӕст. Уӕдӕ мын иухатт мӕхи портрет дӕр сныв кодта. Къам мӕ бацагуырдта ӕмӕ йӕ сныв кодта хуызджын кърандӕстӕй. Мӕхи зӕрдӕмӕ дӕр фӕцыд, стӕй не 'мбӕлтты зӕрдӕмӕ дӕр. Йӕ къухтӕ сызгъӕрин уыдысты, йӕ хъӕлӕс дӕр, йӕ зӕрдӕ дӕр, йӕхӕдӕг дӕр.

Куыд адӕймаг, афтӕ тынг рӕдау, хӕларзӕрдӕ уыдис. Хъуыды ма кӕнын, ахуыр кӕнын куыддӕр райдыдтам, афтӕ фӕззӕджы йӕ хотӕй кӕцыдӕр чындзы цыди, ӕмӕ йӕ ауагътой сӕхимӕ. Ӕмӕ фӕстӕмӕ куы раздӕхти Мӕскуымӕ, уӕд йемӕ 'рласта тынг бирӕ лӕвӕрттӕ нӕ ахуыргӕнӕгӕн, стӕй махӕн не 'ппӕтӕн дӕр, – ӕвӕццӕгӕн ын сӕ йӕ мад батыхта. Уый дзурӕг у, иуӕй, йӕ зӕрдӕйы рӕдаудзинадыл, иннӕмӕй та, ома чындзӕхсӕвмӕ ссыдтӕн ӕмӕ афтидӕй куыд аздӕхон.

Лактемыр чызджытӕй уӕлдай хӕлардӕр уыдис Годжиты Ларисӕимӕ. Не 'ппӕтмӕ дӕр ахӕм цӕстӕнгас дардта, цыма йӕ хотӕ уыдыстӕм, фӕлӕ Ларисӕйы ныхӕстӕм уӕлдай тынгдӕр йӕ хъус дардта. Ӕмӕ йын-иу Ларисӕ куыд загъта, кӕнгӕ дӕр-иу афтӕ бакодта.

Лактемыр хистӕр кӕй уыдис, уымӕ гӕсгӕ-иу, фыццаг курсы цы этюдтӕ кодтам, стӕй фӕстӕдӕр цы скъуыддзӕгты хъазыдыстӕм, уым дӕр-иу фылдӕр уыд кӕнӕ фыд, кӕнӕ зӕронд лӕг. Ӕмӕ йыл фидаугӕ дӕр тынг хорз кодтой... Немӕ уырыссаг курсыты чи ахуыр кодта, уыдон-иу ардӕм куы ссыдысты, уӕд-иу бирӕты

зонгæ дæр нал бакодтой, фæлæ-иу Лактемыры æдзухдæр базыдтой. Лактемыр сæ зæрдыл лæууыд, уымæн æмæ, æцæгæйдæр, йæ бакастæй дæр, йæхи куыд дардта, уымæй дæр, йæ курдиатæй дæр тынг хицæн кодта.

*БАЛЛАТЫ Ритæ,*
*РЦИ-Аланийы культурæйы сгуыхт кусæг,*
*радиожурналист*

# СЫГЪДÆГ, ХÆЛАРЗÆРДÆ, СТЫР КУРДИАТЫ ХИЦАУ

Лактемыримæ базонгæ дæн нæуæдзæм азты Хъæууонхæдзарадон институты ахуыргæнджыты æмæ профессорты хоры разамонæджы куыст кæнгæйæ. Фæстæдæр национ зарæджы нæлгоймæгты хоры аивадон разамонæг æмæ дирижер куы сдæн, уæд уый дæр уырдæм рацыд æмæ куыстам иумæ.

Лактемыр уыдис æцæг ирон лæг æгъдауæй дæр, æфсармæй дæр, курдиатджын адæймаг; уымæн цы диссаджы музыкалон хъусынад уыд, уый алкæмæ нæ вæййы.

Ирон зарæгæн йæ хъуыды, йæ миниуæг Лактемырæй хуыздæр ничи æнкъардта. Уый хорз зыдта ирон зарæджы драматурги, уымæн æмæ йæ базыдта йæ мады æхсыримæ, уый уыдис йæ туджы, стæй ма йын æрдзæй лæвæрд уыд бирæ сфæлдыстадон курдиæттæ. Лактемыр фыста зæрдæмæхъаргæ æмдзæвгæтæ. Цалдæрыл дзы композитортæ ныффыстой музыкæ æмæ сæ мах бакодтам нæ хоры репертуармæ, абон дæр сæ зарæм.

Цыфæнды зын уавæры дæр-иу Лактемыр ахæм цæхгæр фæзилæн ссардта, æмæ-иу коллективы ’хсæн ахаст хорзæрдæм фæивта. Æвиппайды-иу æрбамæсты, фæлæ йæ маст бирæ нæ хаста, уайтагъд-иу хъазыны ’рдæм раздæхт. Коллективы йæ бирæ уарзтой, аргъ ын кодтой йæ ныхасæн, уымæн æмæ-иу, истæмæй зæрдæ бавæрдта, уæд-иу æй æнæ сæххæстгæнгæ нæ фæуыдаид. Ныр дæр нæм иу репетици дæр ахæм нæ вæййы, æмæ йæ ма æрымысæм. 2000 азæй фæстæмæ иумæ куыстам Цæгат Ирыстоны паддзахадон филармонийы, уый фæстæ немæ рацыд Мариинаг театры филиалмæ.

Лактемыр хорз зыдта ирон литературæ. Ног зарæг нæм-иу куы ’рбафтыд, уæд-иу йæ ныхæсты исты хъуагдзинæдтæ куы уыд, кæнæ дзырд æнæахадгæ у, кæнæ музыкæимæ нæ бады, кæнæ зын зарæн у, уæд-иу æй Лактемыр æнцонæй сраст кодта, æмæ мын уымæй уыд стыр æхxуыс.

Дард фæндагыл цæугæйæ дæр æдзух йæ хъус дардта йе ’мбæлттæм, исты хъæлдзæг хабæрттæ-иу æрхъуыды кодта, афтæмæй цыбыр кодта фæндаг.

Бетъырбухмæ автобусы цыдыстæм «Поющий мир», зæгъгæ, ахæм дунеон фестивальмæ. Фæндагыл сæм мæ зæрдæ фехсайдта – кæмæдæрты дзы карз нозт хæццæ кæны. Куы ныххæццæ стæм, уæд сын фысымуаты се ’ппæт карз нозтытæ дæр мæхимæ æрбахæссын кодтон. Фæстæмæ куы раздæхтыстæм, уæд бадын разæй, сæ карз нозтытæ – мæ къæхты бын. Иурæстæг хъусын хъæрæй худын, фæстæмæ ракастæн æмæ уынын: газеты йас егъау гæххæттыл стыр дамгъæтæй рагон грамотæйау фыстытæ. Йæ сæргонд – «Куырдиат». Дарддæр дзы, «Поющий мир» «Пьющий мир»-æй раивгæйæ, ахæм фыст: «Дунеон фестиваль «Поющий мир»-ы лауреаттæ курынц сæ хъæлæстæ сын ахуылыдз кæнын». Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, уыдис Лактемыры æрхъуыды, фысгæ дæр æй йæхæдæг ныккодта.

Хорз зонын æмæ стыр аргъ кæнын йæ бинойнаг Ритæйæн æмæ йæ чызджытæн дæр. Лактемыримæ сæ характертæ тынг алыхуызон сты, фæлæ йæм ахæм фæразон, уарзон зæрдæ дардта, афтæ йыл тыхсти Ритæ, æмæ диссаг. Лактемыр æй, куыд нæлгоймаг, афтæ дзургæ нæ кодта, фæлæ-иу ныхас йæ бинойнаг, йæ сабитыл куы рацыд, уæд-иу йæ цæсгомыл хур ракаст, йæ цæстыты цæхæр-иу фæирддæр, йæ хъæлæсы иу фæзындысты фæлмæн зæлтæ. Тынг рæсугъд бинонтæ уыдысты, æддæмæ сæ бырста зæрдæйы хъарм. Мæнгæй нæ фæзæгъынц, фыдæлты фарн мæрдтæм нæ цæуы. Йе ’гъдау, йе ’фсарм, йæ уæздандзинад йæ курдиат райстой йæ чызджытæ, уæлдайдæр кæстæр, йæ фыды фæндагыл æнтыстджынæй цæуы.

Ехх, цы фыд сын уыд, – æцæг ирон лæг æгъдауæй дæр, æфсармæй дæр, курдиатæй дæр. Йæ зæрдæ та – рæсугъд æмæ сыгъдæг сывæллоны цæссыгау, алкæмæ дæр æй хаста йæ армы хæссагау æргомæй. Æгъдау раттынмæ дæр – æцæг ирон лæг. Йæхи дарын чи нæ зоны, адæймаджы æгад чи кæны, ахæм хъуыддæгтæ-иу куы федта, уæд-иу хылыл дæр ныллæууыд. Афтæмæй та алкæмæ дæр дардта сыгъдæг æмæ хæлар зæрдæ. Йæ ацыдæй фæкъахыр æрмæст нæ зарæггæнджыты хор нæ,

фæлæ республикæйы æппæт аивад дæр. Нæ фаг кæны махæн куыд зарæггæнæг дæр æмæ куыд адæймаг дæр. Нæ ауæрста йæхиуыл, хицау уыд йæ дзырд, йæ ныхасæн.

*ДЗАНАЙТЫ Ольгæ,*
*Мариинаг театры Цæгат Ирыстон-Аланийы филиалы нæлгоймæгты зарæггæнджыты хоры аивадон разамонæг æмæ дирижер*

# ЙÆ ДЗЫРДÆН – ХИЦАУ

Бирæ азты зыдтам Лактемыримæ кæрæдзи, фæлæ дард фæндагыл балцы адæм хуыздæр базонгæ вæййынц. Нæ аивад æвдисынмæ балцы ацыдыстæм Венгрийы горæт Ясбереньмæ. Уым хуыздæр базыдтам кæрæдзи æмæ тынгдæр балымæн стæм Лектемыр æмæ Байты Юриимæ. Куы 'рбаздæхтыстæм, уæд цасдæр рæстæджы фæстæ сфæнд кодтон дыккаг хатт бинонты хъуыддаг бакæнын. Мæ хъуыды бамбарын кодтон Лактемырæн. Уый мæ фарсмæ æрбалæууыд æмæ минæварæй фидауынмæ зæрдиагæй балæггад кодта. Уæлдай æхсызгон та мын уыд, къухылхæцæгæй ныллæууынил мын кæй сразы, уый. Чындзæхсæв снысан кодтам 2014 азы 7-æм сентябрьмæ. Фыццæгæм сентябры ацыдыстæм, Бесланы 1-æм скъолайы бæллæхы чи фæмард, уыдоны рухс нæмттæ æрымысынмæ. Уым Лактемыры йæ зæрдæ батыхсын кодта æмæ йæ æхсæвы тагъд æххуысы машинæ рынчындонмæ аласта. Сæвæрдтой йын диагноз – инфаркт. Æз æм рынчындонмæ куы бацыдтæн, уæд йæхæдæг чындзæхсæвы кой ракодта æмæ загъта, къухылхæцæг кæй у, уыцы æгъдау æнæмæнг сæххæст кæндзæн, фæлæ, мыййаг, рынчындоны куы афæстиат уа, уæд уал чындзы æмдзуарджын рахондзæн, æгъдæуттæ та йæхæдæг кæй скæндзæн.

Хæдзары бинонтæ, куысты не 'мбæлттæ дæр тынг тыхстыстæм Лактемыры æнæниздзинадыл, рынчынфæрсæг æм цыдыстæм бонцухæй. Чындзæхсæвы бон куы 'рхæццæ, уæд, куыд баныхас кодтам, афтæ чындзхæсджытæ цæуынмæ хъавыдысты æнæ къухылхæцæгæй. Уалынмæ нæ дуармæ такси æрлæууыд æмæ дзы рахызтысты Лактемыр æмæ йæ бинойнаг Ритæ. Ацыдысты чындзхæсджытимæ, Лактемыр йе 'гъдæуттæ кæронмæ скодта æмæ фæстæмæ рынчындонмæ ацыд. Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй дохтырты сæ хъуырмæ скодта,

цæмæй йæ иу-дыууæ сахаты ауадзой æмæ йе ’гъдау скæна. Дохтыртæ йын æмбарын кодтой, ахæм низимæ цæуæн нæй, фæлæ сæ куы нал уагъта, уæд ын гæххæтт ныффыссын кодтой, исты йыл куы `рцæуа, уæд дзуапдæттæг кæй нæ уыдзысты, уый тыххæй.

– Æз ныхас радтон лæгæн, мæн æгъдау дæттын хъæуы, æмæ, мæ бон куы уа, уæд æй куыд хъуамæ ма сæххæст кæнон, – дзырдта Лактемыр.

Уыд æргом ныхас, æнæсайд, уыцы æгъдæуттыл чи нæ хæцыд, уыдонимæ та йын уыд хицæн ныхас. Æмгарæн, æмбалæн баххуыс, йæ фарсмæ балæууын нымадта йæ царды сæйрагдæр нысаныл.

Челябинскы уыдыстæм гастрольты, æмæ фестивалы фæстæ горæты хицауы бафæндыд, цæмæй ма горæтæй иу-сæдæ километры дарддæр дæр иу концерт раттæм. Лактемыр йæхи суазал кодта, фæрынчын, æмæ йæ бынаты ныууагътам. Æрбацыдыстæм æнафон. Не ’рбацыдмæ Лактемыр 27 адæймагæн æрцæттæ кодта æхсæвæр. Базармæ ацыд, балхæдта дзы дзидза æмæ æндæр халсартæ, сфыцын сæ кодта хæрæндоны æмæ фынг барæвдз кодта, дард бæлццон, дам, æххормаг вæййы. Бирæ, тынг бирæ лæггад фæкодта æрмæст мæнæн нæ, фæлæ адæмæн. Тынг фæкъахыр нæ зарæггæнджыты къорд Лактемыры ацыдæй. Фæлæ йæ фарн, йæ хорз хъуыддæгтæ махæй рох никуы уыдзысты. Йæ зарджытæ йын зарæм. Арæх æрымысæм сыгъдæгзæрдæ, æнæхин, йæ дзырдæн хицау, æмгаруарзон, хорз бинонты хистæр æмæ стыр курдиаты хицау, ирон лæг Дзытиаты Лактемыры.

*НИГКОТЫ Марат,*
*Мариинаг театры Цæгат Ирыстон-Аланийы филиалы нæлгоймæгты зарæггæнджыты хоры зарæггæнæг, Лактемыры æмбал*

# КИНОЙЫ ФÆЛГОНЦТÆ

Дзытиаты Лактемыр цы кинойы хъазыд – «Волшебная папаха», уымæй бирæ раздæр мæ зæрдæйæ нæ хицæн кодта комедион жанр, мæ бæллиц уыд ирон адæмон аргъау экранмæ рахæссын, фæлæ алцы адæймагæн йæхицæй аразгæ нæ уыд. Мæскуымæ, Паддзахадон телерадиомæ-иу арвыстам темæтæ, уыдон-иу сæ кæнæ сфидар кодтой, кæнæ-иу æрæрвыстой сæхи темæтæ. Ахæм рæстæджытæ уыд. Æмæ ацы кинонbackyard исынæн гæнæн куы фæци,

уæд сарæзтам киноисджыты къорд æмæ равзæрстам сæйраг рольты хъазæг актерты.

Уыдон уыдысты Ирыстоны зындгонд артисттæ Годжыцаты Исахъ, Бирæгъты Къоста, Дзытиаты Лактемыр æмæ Æрыдоны хихъæппæрисадон къорды архайæг Тылаттаты Темыр. Уый уыдис диссаджы сфæлдыстадон къорд. Зæгъын хъæуы уый, æмæ махæн кинорежиссертæн, Ирон театр у, курдиатджын актертæ, нывгæнджытæ, режиссерты сфæлдыстадон цæхæр æдзухдæр кæм судзы, аивады уыцы артдзæст.

Лактемыр уыдис алывæрсыг, алцæмæй æххæст, йæ хъуыддаджы алы лыстæг фæзилæн дæр æмбарæг курдиатджын актер, æмæ уымæ гæсгæ мах кинойы фæлварæнтæ (кинопробы кæй хонынц) дæр нæ сарæзтам. Уымæн æмæ йæ æз рагæй зыдтон, театры спектаклты æмæ киноты раздæр цы рольтæ ахъазыд, уыдонмæ гæсгæ. Уый Советон Цæдисы рæстæг, суанг, студент ма куы уыд, уæдæй фæстæмæ хуынд цыдис киноты исынмæ бæстæйы зындгонд студитæм...

Цы киноныв систам, уым æрмæст йæхи бæлвырд роль хорз, арæхстджын æххæстгæнæг нæ уыд, фæлæ ма-иу бирæ хæттыты цалдæр фæндонимæ æрбацыд æмæ-иу загъта, мæнæ афтæ хуыздæр нæ уыдзæн, мæнæ афтæ куы бафæлвариккам, уæд куыд уаид, зæгъгæ. Режиссерæн та уымæй стырдæр æххуыс нæй, æмæ йæ æз æнкъардтон, Лактемыримæ кусгæйæ, уымæн æмæ йæм уыдис, адæймаг дзы цы хуыздæр равзара, уый. Лактемырмæ уыд ахæм юмор, æмæ-иу кино исыны рæстæг цыфæнды карз быцæутæ куы рауад (уыдон та æдзухдæр вæййынц куысты рæстæг), уæд-иу æнæнхъæлæджы исты ныхас баппæрстаид æмæ-иу къорды уæнгтæ сæхи худæгæй схастой.

Иурæстæджы, сценарийыл кусгæйæ, тыхст ныхас рауад, æмæ йæм къорды уæнгтæй чидæр сдзырдта йæ цыбыр номæй Темыр, зæгъгæ. Лактемыр хъуыды дæр нæ акодта, афтæмæй ралæвæрдта:

– Темыр мæ ма хонут, æз уымæй дыууæ хатты стырдæр дæн, мæ ронбастмæ дæр нæ хæццæ кæны дæ Темыр, æз та Лактемыр, ЛæгТемыр дæн, æмæ мын йæ фыццаг хаймæ ма ’вналут.

Æмæ та карз ныхас цыдæр æрбаци, худынмæ та йæ раздæхта.

Къорд уыд комедион, æмæ-иу цыфæнды диалогæй дæр уайтагъд анекдот ацарæзтой. Лактемырæн адæммæ, уæлдайдæр та сылгоймаг актертæм цы хорз зæрдæйы ахаст уыд, уый уынгæйæ æз банкъардтон, йæ бинойнаг æмæ йæ чызджытæм цы хорз зæрдæйы ахаст дары, куыд сæ уарзы, уый.

Кино исгæйæ, зынаргъ у боныхъæды алы сахат дæр. Кæнæ хур æрныгуылдзæн, кæнæ йæ мигътæ бамбæрздзысты, æмæ уæд кино исæн нал ис. Дыккаг бон та кæнæ къæвда уыдзæн, кæнæ актертæй искæй театрæй кæнæ æндæр киноныв исынæй нæ равдæлдзæн. Уыдон та сты уæлдай финансон хæрдзтæ. Уымæ гæсгæ, рæстæгæй пайда кæнгæйæ, архайдтам фылдæр бакусыныл. Æмæ иуахæмы Цымытийы нæ тæккæ ахсджиагдæр архайдмæ куы бахæццæ стæм, уæд Лактемыр иу ныхас дæр нал кæны, æвиппайды æрлæууыд.

– Лактемыр цы кодтай, цы ’рцыди?

Къухдарæн, къайаг фидаргæнæн къухдарæн ахауд. Лактемыр ус ракуырдта киноныв исыны размæ æмæ, йæ ролы архайгæйæ, йæ къухы æнгуылдзты фезмæлдæй йæ къухдарæн фесæфта.

– Лактемыр, цæй акусæм уал, кæннод хур æрныгуылдзæн, уый фæстæ йæ рацагурдзыстæм, – загътон ын æз.

– Нæ, – цæхгæр загъта Лактемыр, æмæ æнæхъæн къордæй къухдарæн агурын райдыдтам. Нæй, нæ йæ арæм. Иурæстæджы Лактемыр йæ агурын фæуагъта æмæ афтæ:

– Хъусут-ма, æвæццæгæн æй не ссардзыстæм, фæдзурын хъæуы, æппæты цырддзастдæр чи у, уымæ.

– Æмæ чи у æппæты цырддзастдæр?

Уый бацамыдта оператормæ.

– Ныр та дын æй кинокамерæйæ райдайæм агурын?

– Нæ,– загъта уый,– оператор йæхæдæг.

Уыцы рæстæг оператор уыд Себетты Алан, уый æцæгæйдæр нæ архайдта къухдарæны агуырды. Æз æм фæдзырдтон æмæ йын загътон, дæ хорзæхæй, рацагур-ма йæ ды дæр. Æмæ стыр диссаг, куыд раст разынд Лактемыр. Алан фондз минутмæ ссардта къухдарæн. Æвиппайды лæг схъæлдзæг æмæ йæ ролы ахъазыд иннæ хæттытæй бирæ хуыздæр. Æмæ йын æз афтæ, зæгъын, дæ бинойнаджы равзæрст дын цы зынаргъ у, цы бирæ йæ уарзыс. Æмæ та ныл худæг бахæцыд. Фæзæгъынц, комеди исгæйæ, дам, йæ архайджытæ иуылдæр худгæ куы кæной, худæг сæм куы кæса, уæд æм кинодзау куы фæкæсы, уæд æнкъард вæййы. Фæлæ мах актертимæ афтæ нæ рауад. Се `ппæты дæр худын кодта Исахъ, худын сæ кодта Лактемыр.

Фæлæ киномæ развæлгъау куы кастыстæм, уæд дзы æнæ фæхудгæ иу дæр нæ фæци. Афтæ арæх нæ вæййы.

Лактемыр ма хъазыд кинонывтæ «Буйный Терек», «Ах, любовь» æмæ æндæрты.

Æддаг бакастæй æмæ йæ арф, рæсугъд миддунейæ уый гуырд уыд киноты хъазынæн. Фыццаг репетицитæй фæстæмæ дæр-иу æххæстæй равдыста йæ ролы фæлгонц, дзурын ын ницы хъуыд, фæлæ-иу уæддæр иу хаттæй-иннæмæ йæ рольмæ хаста ногæй-ногдæр ахорæнтæ, уыдон-иу уыдысты йæ роль хъæздыгдæргæнæнтæ, æмæ-иу æз дæр æхсызгонæй сразы дæн йемæ. Цæмæй равзарай, уый куынæ уа, актер ногдзинædтæ куынæ хæсса, уæд фæлгонц дæр рауайы лæмæгъдæр, фæлурсдæр. Актеры дæсныйад тынг зын у, домы удуæлдай фæллой, бирæтæ стыхсынц æмæ тæргæйттæм фæвæййынц. Лактемыр уыцы хъуыддæгты уыд тынг фæразон, йæ фæлгонц-иу афтæ æрдзон хуызæй равдыста, уыйбæрц лыстæг хъуыддæгтæй-иу æй баххæст кодта, цардмæ-иу æй афтæ æрбахæстæг кодта æмæ йыл адæймаг æуууæндыд. Уый æнцон хъуыддаг нæу, фæлæ Лактемыræн та æнтыст. Абон дæр нæ цух кæны мæ зæрдæйæ, тынг арæх æй æрымысын æхсызгонæй. Нæ йæ рох кæнынц, кино исгæйæ цы къордимæ куыстам, уыдон дæр.

Куыд хæларзæрдæ уыд, уый æвдисынæн ма иу цау мæ зæрдыл æрбалæууыд. Кино исгæйæ, Цъæйы фыс æнæхъæнæй сфизонæг кодтам. Нæуæдзæм азты хойраг парахат нæ уыд, æмæ ацы хъуыддагмæ уæлдай цымыдисæй кастысты туристтæ. Лакте мæм æртæ хаттæй фылдæр æрбацыд æмæ мын афтæ:

– Куы сцæттæ уа, уæд дзы адонæн дæр ратдзыстæм? Кæнод зæгъдзысты, Ирыстоны чъынды сты.

Куы сцæттæ, уæд сæм фæдзырдта. Ус æмæ лæг уыдысты Германы демократон республикæйæ. Лæппутæ сын арахъхъ дæр авæрдтой æмæ сылгоймаг тæлмацгæнæджы фæрцы бафарста, цас нæ фидын хъæуы, зæгъгæ. Лактемыр сывæллонау ныддис кодта:

– Мæнæ ма, мах сын уазджыты хуызæн лæггад кæнæм, ай та, цас уын бафидæм?

Кино ист куы фестæм, уæд æй арвыстам Мæскуымæ, центрон телерадиойы комитетмæ, цæмæй йын аргъ скæной. Уыцы азтæ уыдысты, бæстæ хæлыны къахыл куы ныллæууыд, уæд. Кинойæн æхца дæр нал фаг кодта, æмæ дзы чи архайдта, уыдонæн дæр æмæ мæнæн дæр ацæуын нæ бантыст. Советон рæстæджы-иу уырдæм киноныв куы æрвыстам, уæд-иу нæ хицауад дыккаг категорийæ

бæрзонддæр фыссын нæ уагъта, ома, куы йæ фæкъаддæр кæной Мæскуыйы, уæд фæхудинаг уыдзыстæм, æмæ йæ мах дæр дыккаг категориимæ арвыстам. Цасдæр рæстæджы фæстæ Мæскуыйæ райстам диссаджы хъусынгæнинаг арфæтимæ. Кинонывæн лæвæрд æрцыд дыккаг нæ, фæлæ фыццаг категори. Ахæм аргъгонд нæ кинонывтæй иуæн дæр никуы æрцыд. Уæлдай зæрдæмæхъаргæ ныффыстой актерты арæхстджын, дæсны хъазты тыххæй, æмæ уыдонимæ – Лактемырæн дæр.

Лактемырмæ уыд стыр сфæлдыстадон нысантæ, фæндыд æй адæмы сæрыл хæцæг абырæджы фæлгонц саразын, фæлæ йын нал бантыст.

Йæ ацыд ацы мæнг дунейæ стыр зиан у æрмæст кино æмæ театрæн нæ, фæлæ æппæт сфæлдыстадæн дæр.

*БЫРНАЦТЫ Измаил,*
*кинорежиссер,*
*ССР Цæдисы кинематографистты* цæдисы уæнг

# ФÆНДАГ ССАРДТА АДÆМЫ ЗÆРДÆТÆМ

Фыццаг бонæй фæстæмæ бадтыстæм, грим кæм фæкæнынц, уыцы иу уаты. Йæхицæй æнæхиндæр, сывæллонау æууæндагдæр, сыгъдæгзæрдæдæр адæймаг зын ссарæн уыд. Хатгай-иу фесхъиудта ныхасгæнгæйæ дæр, фæлæ-иу уайтагъд йæ маст цыдæр æрбаци. Цас фылдæр рæстæг цæуы йæ ацыдыл, уыйбæрц ирддæрæй æмæ сыгъдæгдæрæй слæууынц адæймаджы цæстыты раз йæ бирæ хорз хъуыддæгтæ, æхсызгонæй æрымысын йæ зæрдиаг ныххудт, йæ быцæу ныхас рæстдзинады охыл.

Гримеркæмæ куы бацæуын, уæд мын уыдон нæ фаг кæнынц, нæ мын фаг кæны Лактемыр. Нæ фаг кæны æнæхъæн театрæн дæр. Ныссабыр, нындзыг, зард дзы нал хъуысы. Уæдæ кæуылты уыд йæ курдиат зарынмæ дæр, цы рольты хъазыд, уыдоныл кусынмæ дæр. Лактемыр уыдис диссаджы зæрдæргъæвд. Рольтæ-иу куы байуæрстой, уæд-иу дыккаг бон йæ ролы ныхæстæ зæрдывæрдæй дзырдта. Ахæм зæрдыл дарыны миниуæг иумæ дæр нæ уыд. Уæдæ Лактемыр репетицимæ кæнæ спектакльмæ байрæджы кæна, ахæм

цаутæ æппындæр никуы уыд. Афтæмæй та æмгарæн балæггад кæнынмæ уый ничи æййæфта.

Бинонты хъуыддаг куы кодтон, уæд уыди зымæг, декабры хъызты цæуын хъуыд Хуссар Ирыстонмæ. Тъунел дæр арæзт нæма уыд. Фæлæ Лактемыр æрбалæууыд мæ фарсмæ, уыцы æвадат, зын фæндæгтыл нæ фæзивæг кодта. Уымæн æмæ æдзухдæр йæ хæсыл нымадта æмгарæн балæггад кæнын.

Рольтæй та, чысыл уа, стыр, се 'ппæтыл дæр куыста зæрдиагæй, æнæмæнг-иу ссардта йæхи ирд ахорæнтæ æмæ-иу цы фæлгонц сарæзта, уый-иу баззад театрдзауты зæрдæты. Йæ алы фембæлд дæр театрдзаутимæ æмæ суанг царды дæр уыдис цыдæр ногдзинад, цыдæр ирддæр æндæрхуызон фæзынд. Уыимæ, фæллад æппын нæ зыдта. Йæ æнæхин, фæлмæн зæрдæ æмæ стыр курдиаты фæрцы уæрæх фæндаг ссардта адæмы зæрдæтæм, йæхиуыл æппындæр нæ ауæрста, бакуыста адæмы хорзæх.

Мæнæн та мæ зæрдæ фæкъахыр уарзон хæлар æмæ курдиатджын æмкусæгæй.

Рухсаг у, Лакте!

*Хуыгаты Сурен,*
*Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны адæмон артист,*
*Уæрæсейы Федерацийы сгуыхт артист*

## ЛАКТЕМЫР:

### *Театр у мæ удлæууæн, мæ хосгæнæг!*

*Диссаг у, æвæдза, азтæ куыд тæхынц, уый. Не студи Щукины номыл институт каст куы фæци, уæдæй рацыди фынддæс æмæ ссæдз азы. Æмæ кæуылты азгъордтой, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтон. Мæ цæстытыл ма абон дæр ауайы, фыццаг хатт æнæхъæн курсæй театрмæ куы æрбацыдыстæм, уый. Куыд ныл цин кодтой, цытæ нын дзырдтой нæ хистæртæ. Ахъуыды кæнгæйæ, мæ цардæн йæ фылдæр хай арвыстон нæ Ирон театры. Куыд нæ йæ хонон мæ дыккаг хæдзар! Куыд нæ нымайон мæ бинонтыл, фынддæс æмæ ссæдз азы иу сценæйы алы райсом дæр кæимæ æмбæлын æмæ иу гутоны ифтыгъд кæимæ дæн, уыдоны! Æмæ уыцы амонд нæ куырдтон Хуыцауæй?! Театр у мæ удлæууæн, мæ хосгæнæг! Ногæй мæ куы бафæрсиккой, цы дæсныйад равзарис, зæгъгæ, уæддæр та артисты дæсныйад зæгъин. Аивадон куысты алцæмæй дæр разы дæн. Цы мæ фæндыд, уыдон, æвæццæгæн, æххæст дæр нал суыдзысты. Æмæ уым диссагæй ницы ис. Бæллицтæ иууыл нæ сæххæст вæййынц. Нæ рауадысты, æмæ – нæ рауадысты.*

*Мæнгарддзинад нæ уарзын. Лæг куы цæра, уæд йæ фæстæ хъуамæ исты ныууадза хорздзинадæй. Хъуамæ адæймаг хорздзинад тауа.*

*Документалон кинонпритыв «Мæ удлæууæн – театр...»-æй.*

## ÆЦÆГ СТЪАЛЫТÆ

Ирмæ у зарæг бæрзонд æвæрд рагæй,
Мады гуыбынæй йæ алчи хæссы!
Никуы стыхсы ирон лæг йæ цардæй,
Зарæг ын цин æмæ амонд хæссы!..

*Базард:*
Дæ хъæлæс баззад, баззадис дæ рухс ном.
Плиты Грис – нæ цин æмæ рис!..
Дæ зарджыты Ирон хъайтар куы раргом,
Уæд а зæххыл æнæ зарæг цы ис?!.

Дæ фæлмæн хъæлæс бирæтæ куы фæзмынц,
Нæ уарзон хистæр Баллаты Вало!..
Дзыхæй-дзыхмæ дæ зарджытæ скъæфынц,
Æнусон уæнт дæ хорз зæрдæ, дæ ном!..

Ехх, чи фæрæзта ’нæ скæугæ дæ зардмæ,
«Æнæ хай» уыд дæ зарджытæн сæ Гимн!..
Цæмæн афтæ фæтагъд кодтай дæ мадмæ,
Ирыстоны уарзондæр хъæбул Ким?..

Хуыгаты Гаврил, Пæррæстаты Зауыр,
Цæмæн ралгъыста сымах та Хуыцау?!.
Цæмæн разынди уæ хъысмæт æгъатыр?
Искуы ма байхъус уæ зардмæ, бецау!..

Азæлы кæмтты Будзулайы хъæлæс,
Бæстæ æдзæмæй ныхъхъус вæййы сонт!..
Зар ма нын иу уыйбæрц, Сабанты цæргæс,
Макуы фæцудæнт дæ хъару, дæ зонд!..

Хуыцауæй лæвæрд диссаджы хъæлæстæ,
Æрдз ратты иу хатт ахæмты æнус!..
Ныууагътат курдиат, намыс, цыт уæ фæстæ,
Уæ фæрцы ныл нæ цардвæндаг ныррухс!..
*Базард:*

## УАТАТЫ БИБОЙЫ ЗАРÆГ

*Дзытиаты Лактемыры ныхæстæ*

Нæ Иры сæрмæ та уæд сау мигътæй байдзаг,
Кæрæдзийы хойынц ног арв æмæ зæхх!..
Йæ уарзон хъæбулæй уый сидзæрæй аззад.
Æвирхъæуы хабар, æрцыдис бæллæх!..

Нæ уарзон сæрхъуызой, дæ фидар мæсыгæн
Йæ дуртæ куы згъæлынц бындзарæй, мæ бон!..
Куы нал ис кæрон дæр нæ судзгæ цæссыгтæн.
Куыд зæгъæм, Бимболат, дæуæн ныр хæрзбон?!

Къæдзæхы хуызæн лæг цæй тæнзæрдæ разынд,
Дæ фæтæн риуæй уый æддæмæ бырста!..
Рæстдзинад агурæг цынæ тохы бацыд,
Йæ бæстæйы раз уый бæрнон хæс фыста!..

Уататы Бимболат, дæ кады ном айхъуыст,
Дæ хъайтар сурæттæй уыдыстæм рæвдыд!..
Дæ курдиат – æгæрон, нывыл та – дæ бакуыст,
Ды скодтай нæ бæстæн ном, кад æмæ цыт!..

Дæ зарæг дæу абон фæндараст куы кæны,
Дзæнæты фæндагмæ цæмæн у дæ балц?!
Дæ уарзон Ирыстон хæкъуырццæй куы кæуы,
Дæ рæсугъд хъæлæс нын цæрæнбонтæн уадз!..

Бæтæхъойыхъæуæн нæ уарзон Ирыстон
Сæрбæрзонд уыд, райгонд йæ фырттæй æдзух!
Сыгъзæрин дамгъætæй сæ нæмттæ æрфыстой.
Фыдæлты истори уæ фæрцы ныррухс!..

## ДЖЫБЫЛАТЫ ЗАУЫРБЕДЖЫ ЗАРÆГ

*Дзытиаты Лактемыры ныхæстæ,*
*Кокайты Барисы музыкæ*

«Æмгаруарзаг, Джыбылаты Зауырбег,
Йæ куысты – арт, йæ фезмæлд та – цæхæр!..» –
Дзырдта æдзух йæ кæстæрæй Хасанбег.
Нæ сæрвæлтау æрхаста уый йæ сæр.

Беслæныхъæуы сау мылазон цаутæ,
Хъыгагæн, Ирыл абон дæр цæуынц,
Ныр цал азы нæма систой сæ саутæ?
Æмæ та ног сæ кæстæрыл кæуынц...

Дæ уарзон дæр куы баззади куырдуаты,
Дæ сидзæргæс мад иунæгæй, мæ бон!..
Дæ номыл чындз ныр нал ’рлæудзæн дæ уаты,
Дæ фæлмæн уат дын бафснайдтой бæстон...

Хуыцау йæ зонæг, цас фервæзт бæллæхæй
Дæ фæрцы абон сау мæлæтæй, охх!..
Зауырбег, уадзыс абон Ир дзæбæхæй,
Лæгсырдты ныхмæ уыд, бецау, дæ тох.

Бæргæ, æрттивид уыцы стъалы абон,
Дæ фætæн риуыл, о Хуыцау, бæргæ,
Фæлæ æнустæм баззадис сырх базыл.
Æппæт Ирыстон баззадис кæугæ.

Фæлæ йæ зон, хъæбатыртæ нæ мæлынц,
Сымахæн никуы, никуы ис мæлæт.
Æнустæм дæр нæ зæрдæты лæудзыстут.
Цæрæд уæ рухс ном, зарæджы нæрæд!

## ГÆЗДÆНТЫ БУЛАТÆН

Авдæнæй нын саби
Рахызти Гæздæнтæм!..
Уый куырыхон баци,
Йе 'нусмæ фæхæстæг!..

Фæндырæй Булатау
Чи цæгъды Кавказы?!.
Йе 'нгуылдзтæй æнæвгъау
Амонæнтыл хъазы!..

Цал фæндырдзæгъдæджы
Рацыдис дæ къухтæй?!.
Цал зарæггæнæджы
Батавтай дæ хуртæй?!.

Цæр, Булат Гæздæнты,
Мах фæндиаг 'нустæм!..
Дæ фæндыры зæлтæй
Арфæтæм куыд хъусæм!..

## ШАМИЛ

Нæ уæздан хистæр, фарны лæг Джыккайты,
Уыдтæ ды махæн Байрон дæр, Шекспир!..
Æдзух дæ фарнæй мах уыдыстæм хайджын,
Дæу хуызæн лæгтæй фидар у нæ Ир!..

Дæ цыргъ пъеро рæмудзæнау уыд, бомбайау знагæн,
Дæ иу рæнхъы тых астæумагъз сæтты!..
Дæ карз æмдзæвгæ удхортæн – сæ марæг,
Уæд зонды ныхмæ тугцъиртæ цы сты?!.

Рæстыл дзурæджы арф хъуыды лæг мары,
Йæ ныхмæ цæуын никæй бон у, нæ!..

Ӕлгъаг цъаммармæ арф хъуыды кæм хъары,
Йæ чъизи ми у алкæддæр цæттæ!..

Шамил, дæ рухс ном мысдзыстæм æнусты,
Домбай сæрхъуызой, фарны лæг, нæ зæд!..
Дæ кады зарæг фæлтæртæ кæндзысты.
Ӕнустæм Ирыл рухстаугæ нæрæд!..

* * *

Ӕз федтон фын, цыма мæ дард ыскъæфта,
Ӕрæфы стыр дон Ставд-Дуртæм зыдæй!..
Дыууæ мыггаджы фидар хид ысбаста,
О, ме стыр амонд, разы дæн дæуæй!..

Дзытиатæм, Зæнджион, фарн æрхастай,
Кæныс лæггад мæ мыггагæн зæрдæй!..
Дæхи халдих дыууæ хуры схастай,
Цæхæртæ калынц стъалытау фæрнæй!..

Дæ хистæртæн ныллæг кувын мæ сæрæй,
Дзæнæты бадæнт, аудæнт хæрзмæ!..
Кæнæд фæндараст алчи дæр йæ къæсæрæй
Ритæйы хуызæн алкæддæр рæстмæ!..

Мæ зын сахат цырагъау ды лæууыдтæ,
Дæу фæрцы æз мæ рыст къæхтыл цæуын…
Мæ удылхæцæг, ме стыр ныфс ды уыдтæ,
Дæ иу фендæй-иу айсæфтис мæ зын!..

Ды федтай бирæ маст æмæ зындзинад,
Хуыцауы снывонд, алцæмæн быхсын!..
Дæ сæнтты дæр фæагурыс рæстдзинад,
Дæ рыст зæрдæ ма мауал кæн тыхсын!..

Фæлтау ма райс дæ фæлмæн къухтæм фæндыр,
Кæддæрау та дзы «Ханты цагъд» æркæн!..
Æнустæм зæлæд а зæххыл нæртон мыр,
Ирон цагъдæн та макуы уæд фæуæн!..
Дæ рæсугъд цагъд у удыхос мæнæн!..

## БЕГАЙЫ ЗАРÆГ

Чеселты комæй нын тохы хъæр райхъуысти,
Хъолайы хъæумæ знаг фæбырсы, ой,
Бега нын бадзуры Чеселты фæсивæдмæ:
– Нæ Иры лæппутæ, рацæут тохмæ, ой!

Тохмæ куы фæбырсынц Иры хъæбатыр фырттæ.
Знæгты фæтæрæм нæ Фыдыбæстæй.
Хъолайы мæсыгæй судзгæйæ тахтысты
Знаджы æфсадыл Бегайы нæмгуытæ.

Бега æргæпп кæны мæсыджы уæд сæрæй.
Йæ болат кæрдтæ цæхæртæ калдтой.
Цалдæр булкъоны мæрдтæм куы барвиты, ой,
Хæцæг салдаты уый былмæ куы батæры.

Хъолайы мæсгуытæ судзын куы байдыдтой,
Иры хъæйтарты бындзагъд фæкодтой.
Бегайы куы 'рбахста уæйгæнæг цъаммар Гауыс,
Нæмыг куы ахызти йæ фæтæн риуы,

Косты мыггагæн ды кады ном скодтай,
Ирыстоны фарн бæрзондмæ систай.
Бега нын нæ амард, йæ рухс ном цæрдзæни,
Йæ зарæг нæрдзæни Хуссарæй Цæгатмæ.

# АРТИСТТÆ ХУДЫНЦ

Бытъæты Роберт Чъребайы уынгты рацæйцыд. Кæсы, æмæ æмдзæрæны дуармæ Лактемыр иунæгæй лæууы æмæ кæимæдæр зæрдиагæй хыл кæны. Куы йæм бахæццæ, уæд æй цымыдисхуызæй афарста:

– Лактемыр кæимæ хыл кæныс, кæ? Чи дæ бафхæрдта, дæ разы куы ничи ис?

– Ай цавæр дымгæ у, мæ сæр ныр цал хатты ныффастон, æмæ та мын æй ног сфæйлауы.



## ТЕАТРЫ АРÆЗТ ФÆЛГОНЦТÆ:

1. «О, ацы фæсивæд» – Бутуз
2. «Усгуртæ» – Хамырзæ, Уæхæнæз
3. «Æз ус нæ курын» – Жули
4. «Нарты Сырдон» – Хæтæлзæнг
5. «Кукла» – Кута
6. «Цола» – Цорæ
7. «Цолайы чындзæхсæв» – Цорæ
8. «Тимон Афинаг» – Кафис, абырæг
9. «Сидзæрты мад» – Пъисыр
10. «Сидзæрты мæсыг» – Охъулла
11. «Сау бæлас» – Бетъре
12. «Мад æмæ фыд» – Дрис
13. «Автобус» – Алдомираг
14. «Иссæйы фыццаг балц» – Атаман Гуцков

15. «Зæлийы чындзытæ» – Хъырым
16. «Мæгуыр лæг æмæ æлдары фырттæ» – Хъалбитта
17. «Чери» – Ханбитта
18. «Хæрзойты Фатимæт» – Булатыхъо
19. «Уарзон зарæг» – Усгур
20. «Лечъыр Гæболи» – Коро
21. «Усгуртæ» – Нури
22. «Аргъау» – Пехлеван
23. «Нæ усгур алыгъд» – Бæдæлæг, Хæмæт
24. «Дам-думтæ» – Хъобайнаг
25. «Уарзæттæ» – Сикъо
26. «Ирæттæ» – Гаппо
27. «Сыхæгтæ» – Сæид
28. «Софяйы зарæг» – Мæхæмæт
29. «Пæсæйы фæндон» – Усгур
30. «Ускуырд» – Анучкин
31. «Ревизор» – Фæсдзæуин
32. «Ус паддзах Зæринæ» – Минæвæр
33. «Чепена» – Шакро
34. «Зæронд хæдзар» – Джуджи
35. «Æрæджиауы хорзæх» – Сикъо
36. «Æмбисонды æвзæр дзæбæх ус» – Дзабырхуыйæг
37. «Усгуртæ», «Дыууæ зæрдæйы» – Батрадз
38. «Дыууæ чындзæхсæвы» – Асæбе
39. «Нафи æмæ Нафигæйы чызджытæ» – Джибыл
40. «Рай Сосе, Рай» – Мæрдтæйдзæуæг
41. «Туаллаг рæсугъд чызг» – Виртуоз Цмыти,
42. «Глупый Гонза» – Хингæнæг
43. «Сыхбæсты къæдзлæдзæг» – Сардион-Раман
44. «Сау нымæт» – Халон
45. «Æрдхорд æфсымæртæ» – Уыппи
46. «Дон Кихот» – Дон Кихот æмæ æнд.

## КИНОЙЫ РОЛЬТÆ:

1. «Мужское самолюбие» – Хазби
2. «Пираты XX века» – Пират
3. «Гибель эскадры – моряк
4. «Буйный Терек» – Керменист
5. «Браслет с камнями» – Æлхæнæг
6. «Хрусталев Машину» – Уазæг Кавказæй
7. «Крутизна» – Хоскæрдæг
8. «Диалог» – Хъæдгæсы фырт
9. «Динька» – Бурлак
10. «11 писем к богу» – Боев
11. «Убойная сила» – Абби
12. «Голос матери» – Зæронд лæг
13. «Август 2008 года» – Автобусы бæлццон
14. «Волшебная папаха» – Дзынга

25 азыы зарыд хоры: 12 азы – Хæххон паддзахадон аграрон университеты хоры, 13 азы – филармонийы хоры.

1100 Аланыстоны саргъуыды

# ФАРНХÆССÆГ ЦОМАЙТЫ ХАРЛАМПИ

Алы рæстæджыты Ирыстоны фæрныгадæн йæ удæй цырагъ чи сыгъта, уыдонæй иу уыд Цомайты Дрисы фырт Хадзырæт. Аргъуыды номæй йæ хуыдтой Харлампи.

Ацы адæймаджы хъысмæты хабæрттæ кæсгæйæ, зæрдæ, иуæй, сæрыстырдзинадæй байдзаг вæййы, цы лæгтæ нæм уыдис, цы, зæгъгæ, иннæмæй та, ныммæгуыр вæййы. Цы аххосджын фæцис, мæгуыр, талынг кæмттæм ахуыры æмæ зонды рухс чи бахаста, йæ фæрнджын хъуыддæгтæй Ирыстонæн бирæ хæрзты чи бацыд, адæмы хæрзæбонæн йæ уд нывондæн чи хаста, уыцы сыгъдæгзæрдæ курдиатджын лæг? Цы уыд йæ аххос?

1925 азы газет "Рæстдзинад"-ы корректорæй куы куыста, уæд иу дзырды дамгъæ рæдыдæй æнæрхъуыдыйæ кæй ауагъта, уый тыххæй адæмы знаг фестад, фыдгæнæг. Карз тæрхон ын чи рахаста, уыцы НКВД-йы оргæнты кусджытæй та æнæрæдыд æппындæр ничи уыд, цымæ?

1955 азы Харлампийы сраст кодтой, фæлæ уымæй зæрдæйы рыст нæ фæкъаддæр. Нæ арæм нæ бирæ фæрстытæн дæр дзуапп. Уæвгæ, йæ хъысмæт райдайæнæй йæ амæлæтмæ дæр уæззау бонты амæттаг уыдис.

Райгуырд Хадзырæт Уæлладжыры комы, Æрхоны, 1875 азы, мæгуыр лæджы хæдзары. Сывæллоныл дыууæ азы куы сæххæст, уæд цардæй ахицæн йæ мад, æмæ лæппуйы хъомыл кæнынмæ Мызурмæ ахаста йæ мадыфсымæр Магкæты Чермен. 1887 азы Харлампийы ахуырмæ радтой Салыгæрдæны миссионерты скъоламæ. Ахуырмæ æвзыгъд лæппуйы миниуджытæ æнæ бафиппайгæ йæ фесты йæ ахуыргæнджытæ. Алы дæс- ныйадмæ дæр уыд рæвдз, курдиатджын. Ахуыргæнджытæ бацархайдтой, цæмæй Харлампийы айстаиккой Александровы номыл Дины ирон училищемæ. Æнтыстджынæй радта фæлварæнтæ æмæ сси æппæты хуыздæр ахуырдзау. Иу къласæй иннæмæ аттестаци цыдис фыццаг "къæпхæнмæ" гæсгæ. Йæ уæгъд рæстæг та æрвыста семинары библиотекæйы. Уыцы ран кастис Хуыцауы Чингуытæ, Аристотелы "Этикæ", Канты "Сыгъдæг зонды критикæ". Арф ахуыр кодта Хуыцауы ныхас æмæ иумæйаг ахуырадон предметтæ. Йæ иттæг хорз ахуыр баста æхсæнадон архайдимæ дæр. Харлампи иудадзыг уыдис семинары къулы газеты редколлегийы уæнг. Дзуапп лæвæрдта рубрикæйæн "Бæрзонд фæткы тыххæй".

1897 азы Цомайты Харлампи каст фæци Æрыдоны Дины семинар æмæ уыд йæ фыццаг рауагъдонты къордæй.

Семинары ахуыры азты та нымад уыдис Цæгат Кавказы Чырыстон дины æхсæнад сног кæныны хъуыддæгты стипендиатыл, æмæ уымæ гæсгæ йæ хæс уыд миссионерон службæ хæссын.

Семинары фæстæ Харлампи æрвыст æрцыд йæ райгуырæн Æрхонмæ. Уым байгом кодта фыццаг скъола æмæ йæ бæрны лæууыд дыууадæс азы. Архивты гæххæттыты 'хсæн хъахъхъæд æрцыд, Цомайы-фырт Мæздæджы æмæ Дзæуджыхъæуы епископмæ цы куырдиат ныффыста, цæмæй йæ сауджыны бынатмæ аивтаиккой, уый тыххæй, уый. Афтæмæй, 1897 азы 1 октябры Харлампийæн радтой сауджынæй кусыны гæххæтт. Уæды заман "Грамота" хуындис. Йæ службæ райдыдта Зруджы Мады-Майрæмы æмæ Гæлиаты аргъуанты. Гæлиаты дæр сарæзта скъола, фæлæ йæ размæ сæвзæрд цæлхдуртæ. Фæстæдæр "Епархиалон" газеты 1908 азы фыста йæ мысинæгтæ, æрыгон азты активон рухстауæн куысты бæллицтæ йын тызмæг хæххон уавæртæ куыд ныппырх кодтой, уый фæдыл. Хæхбæсты æнцон нæ уыд сауджыны куыст кæнын, æмæ уырдæм дины кусджытæ цæттæ "Грамота"-имæ дæр нæ куымдтой. Æмæ Цомайы-фырт архайдта, дины кусджыты азтæ хæхбæсты дыууæ, фондзæй фылдæр цæмæй ма

уой, уыцы фарстыл. Уымæй уæлдай ма архайдта дины кусджытæн æмæ скъолайы ахуыргæнджытæн фатертæ раттыныл.

1900 – 1910 азты Харлампи куыста Беслæны. Фæстаг фондз азы йæ уæлдæр бынатмæ раивтой, æмæ ссис "Благочинный аргъуанты", зæгъгæ, бæрнондæр адæймаг. Беслæны сарæзта сылгоймæгты æмæ нæлгоймæгты дыууæ стыр скъолайы æмæ чиныгкæсæн залимæ фыццаг библиотекæ. Æвæджиауы курдиатджын, интеллектуалон Цомайты Харлампи хаста зонды цырагъ йе 'мбæстæгтæн.

1908 азы арæзт æрцыд миссионерты цыппæрæм съезд, æмæ уырдæм Ирыстонæй арвыстой Харлампийы. Съезды Цомайы-фырт ранызхас кодта Цæгат Кавказы чырыстон дины уæззау уавæры тыххæй. 1910 азы куыста Дзæуджыхъæуы Мады-Майрæмы аргъуаны. 1914 азы хорзæхджынгонд æрцыд "Сыгъдæг Синоды" къухылдарæн дзуарæй, 1919 азы та йæ протоиерейы цинмæ раивтой. Ссис уыцы иу рæстæг аргъуаны сæргълæууæг дæр. Фæуæрæхдæр æмæ сифтонг кодта хъæугæ æрмæгæй, аргъуаны мидæг ма цы хицæн иукъласон скъола уыдис, уый дæр. Йæхæдæг бацæттæ кодта 300 ахуырдзауы æмæ сæ алыхуызон скъолатæм бакодта. Уыдонæй бирæтæ уый фæстæ дарддæр ахуырмæ бацыдысты Уæрæсейы алы горæтты уæлдæр скъолатæм. Харлампи Олгинскæйы дыууæ- къласон скъолайы дæр куыста закъонамонæг ахуыргæнæгæй. Уымæй уæлдай куыста Библийы чиныг ирон æвзагмæ ратæлмац кæныныл дæр.



1915 азы Дзæуджыхъæу æмæ Мæздæджы епископ Антонийы Хуыцауы арфæйæ мыхуыры рацыд журнал "Чырыстон цард". Редакторæй йын нысангонд æрцыд Цомайты Харлампи. Ирыстоны культурон царды журналы фæзындæн уыдис егъау ахадындзинад. Ног рубрикæтæ, алыхуызон хъусынгæнинæгтæ æмæ фыстæджытæ фылдæр æмæ мидисджындæр кодтой. Журналимæ уыцы рæстæг æмгуыст кæнын райдыдтой зындгонд фысджытæ Токаты Алихан, Гæдиаты Секъа, Илас Æрнигон æмæ Хъороты Дауыт. Харлампийы хæлæрттæ уыдысты Коцойты Арсен, Æмбалты Цоцко, Гæтуты Дзахо, Байаты Гаппо, Æлборты Барис, ирон литературæ æмæ культурæйы иннæ зындгонд архайджытæ.

Революцийы размæ фыд Харлампи бацыд Хъазаны Дины семинармæ, фæлæ, йæ материалон гæнæнтæ къуындæг кæй уыдысты, уый тыххæй фæстæмæ æрыздæхтис. Цомайы-фыртæн уыдис фондз сывæллоны: Георги, Виктор, Павел, Вениамин æмæ Любæ. Цомайтæ цардысты Димитровы уынджы 7-æм хæдзары.

1917 азы Харлампийæн æнгом хæлар ахастдзинæдтæ уыдис Ирыстоны паддзахадон æмæ æхсæнадон архайæг Байаты Гаппоимæ. Уыцы хæлардзинады рæстæг ахаста, Байы-фырт эмиграцийы рæстæг фæсарæнтæм цалынмæ нæ ацыд, уæдмæ. Гаппоимæ-иу æмбæлдысты алыхуызон æхсæнадон фарстыты фæдыл. Ирыхъæуы, аргъуаны национ скъола дæр Гаппойы æххуысæй байгом уыцы заман.

Фыд Харлампи сауджыны санæй йæхи сисын кодта 1925 азы. Йæ бинонтыл мæгуырдзинад схæцыд. Аргъуанты архайд мынæг кодта, куыст нал уыдис. Цомайты Харлампи фæсгорæт хаццоны зæххы гæбаз райста æмæ уымæй дардта йæ бинонты. Тыхст замантæ ралæууыдысты. Æнаххос адæмы ахстой, сæ фæдыл зылдысты æмæ сæ Сыбыры бинаг къæйы амæттаг кодтой

Харлампи чингуыты тæлмацыл куыста. Æмбырд кодта адæмон сфæлдыстадон бынтæ, скъолаты та ирон æвзаг лæвæрдта. Фæстæдæр райдыдта Цæгат Ирыстоны адæмон ахуырады къæнцылары сæргълæууæгæй кусын, стæй газет "Рæстдзинад"-ы корректорæй. Фæлæ нæ бæстæйы историйы сыфтæ Харлампийы хъысмæты трагикон систы. Репрессийы рæстæг дины кусджытæ, рухстауджытæ, наукæ æмæ культурæйы архайджытимæ фесæфтой Харлампийы дæр.

1936 азы 10 сентябры йæ НКВД-йы оргæнтæ æрцахстой æмæ йæ аххосджынил банымадтой, контрреволюцион куыст ыл ныххуырстой, газет "Рæстдзинад"-ы корректорæй кусгæйæ, Советон Цæдисы прокурор Вышинскийы раныхасы тексты рæдыд кæй ауагъта, уый тыххæй. Фыццаг ын стæрхон кодтой 10 азы ахæстоны фæбадыны æмгъуыд, фæлæ, уыцы тæрхон ивд æрцыд, æмæ 1937 азы 28 декабры НКВД-йы "Тройкæ"-йы уынаффæйæ Цомайты Дрисы фырт Харлампи-Хадзырæтæн рахастой марыны тæрхон. 29 декабры йæ фехстой. Уыдон уыдысты, хæлардзинад, рæстдзинад æмæ сыгъдæг фæллойы бæрзонд миниуджытæ знаггадыл нымад куы цыдысты, ахæм фыдазтæ. Нæ зонæм, цавæр хъизæмæрттæ айста йæ рæстаг уд Хадзырæтæн, фæлæ Ирыстоны адæм зонынц, Цомайы-фырт никæцы хъуыддаджы

уыдис аххосджын. Харлампи уыд сыгъдæг уды хицау. Ирон адæмæн ахуыры æмæ зонды цырæгътæ чи хаста, рухс фæндæгтыл сæ чи хуыдта, ахæм ахуыргонд лæг. Харлампийы фыдæбæттæ не сты рох ирон адæмæй, æмæ йын кæддæриддæр рæсугъдæй мысынц йæ ном. Йе 'мдугонтæй не 'хсæн ничиуал ис, фæлæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ йæ кадджын ном уæлæрвты Æрфæны фæдау ирдæй зыны Ирыстоны историйы. Йæ мыггаджы кæстæр фæлтæрæй дзæнæты бадинаг Ростислав та Харлампийы мæгуыр æмæ æфхæрд удæн снывонд кодта номарæн æмдзæвгæ:

## ХАРЛАМПИЙЫ МОНОЛОГ

Æнаххосæй аххосджын рахуыдтой мæн,
Æфсæн хъадамантæй мæ сбастой.
"Дæ сусæг куыст раргом кæн. Чи дæ? Цæмæн?", —
Мæн алы бон фарстой.
Фыдмитæ мын кодтой, нæ мæ уагътой цух,
Уæлбæхæй мæ ехсытæй надтой.
Мæ тæрхоны сыфы æрфыстой сæ къух,
Æвыдæй мын дæс азы радтой.
Зæронд лæг — æнæбон, цы кодтаин, зæгъ?
Мæхимæ æз азым нæ ардтон.
Мæ адæм, сымах раз фæфыстон мæ хæс,
Мæ уд уыл æнæвгъауæй хъардтон.
Мæ Иры сæрвæлтау æдзух уыд мæ куыст,
Æз рухсмæ фæндæгтæ куы гæрстон,
Нæ тæрхоны лæгтæй та чи 'мбæрста рыст, —
Хæрзгæнæг Сыбыры "æрбæстон".
Хæххон лæг — æнæбон, цы кодтаин æз?
Хъысмæт мæм æнæхатыр разынд
Цæрынæн Сыбыры нæ ардтон фæрæз,
Куырой ма мæ сæрыл нæ разылд.
Мæн фехстой, нæ фехстой — нæ зонын бæлвырд,
Фыстой, зæгъгæ, хи низæй амард.
Фæлæ мын уæлæуыл нæ баззади цырт,
Мæ ном дæр Ирыстонæй адард.

Нæ зоны мæ кæстæр, цы ран ис мæ мард,
Æз дæр æй мæхæдæг нæ зонын.
Мæ уд та, зæххыстæн, нæ хæхты æрцард,
Уæлладжыры комы, Æрхоны.

Харлампийы цард æмæ архайды фæдыл бирæ хæттыты фыстой æхсæнады зындгонд минæвæрттæ, фæлæ та куыд не ’рлæууын кæнæм нæ зæрдыл йæ рухс ном, йæ бирæ хæрзтæ æмæ фыдæбæттæ, йæ мæгуыр æнамонд хъысмæт, цы рæсугъд Чырыстон юбилей нæм æрцæуы, уый кадæн.

*САУТÆТЫ Тамилæ*

*Уарзон фыд Харлампи!*

*Æрмæст знон федтон «Чырыстон цард». Ныррызти фыр цинæй мæ зæрдæ, ахъардта уæнгты йæ хъæр. Тар, æнкъард зæрдæ та федта рухс æмæ ныуулæфыд бындзарæй. Цин кæны, цин кæны зæрдæ «Чырыстон цард»-ы фæзындæй. Тарф уазал зымæджы фæстæ та сдардта йæ был уалдзыгон хур нæ Ирыл. Базмæлыдысты йæ тæфмæ уæнгтæ. Кæд йæ тæфæй стæфсид нæ салд бæстæ. Кæд ауадзид уидæгтæ нæ Иры къабæзтæм, кæд цъæх радариккой нæ сау къуыбыртæ, кæд бапырх кæнид рæзгæ дидинджытæ райсомы æрттивгæ уалдзыгон æртæхæй. Кæд рафтауиккой сыфтæр нæ хуыскъ бæлæстæ, кæд æртæхиккой цъиутæ дæр хъармæ æмæ нын зариккой уалдзыгон зарджытæ. Уалдзæджы тæфмæ кæд райхъал уаиккой мыдыбындзытæ æмæ кæниккой сæ куыст. Уалдзæджы цинæй кæд барухс уаид сæ зæрдæ нæ хуымгæнджытæн, кæд бакæниккой хъæлдзæгæй сæ куыст, байтауиккой мыггаг — адæмæн сæ удылхæцæг— æмæ зæгъиккой: «Чырысти, æрзайын кæн гъеныр дæ мыггаг дæ ирон хуымы дæр, кувæм дæм, кувæм!»*

*Тынг бацин кодтой, ам ирæй дæр цы гыццыл къорд зонын, уыцы адæмтæ. Йæ бон кæмæн цæмæй уа, уымæй баххуыс кæндзæн. Ацы хорз хъуыддагæй йæхи ничи аласдзæн, æз кæй зонын, уыцы къордæй. Зæрдæйæ тынг арфæ кæнæм журнал рауадзджытæн, иумæйаг хуымы фыдæбонгæнджытæн. Байрайут, байрайут, мыггагтауджытæ!*

*Токаты Алихан,*
*Бакуйæ Дзæуджыхъæумæ, 1915 азы, æвæццæгæн, февраль*

# АДÆМОН СФÆЛДЫСТАД

*Таурæгътæ*

## ХЪÆБАТЫР

Сыхаг хъæуты дыууæ æрдхорды цардис, иу дзы Хъæбатыр хуындис. Иубон Хъæбатыр йе ’рдхорды фенынмæ ацыдис, лæг ыл тынг бацин кодта, хорз æй суазæг кодта. Изæрмæ фæбадтысты, фæныхæстæ кодтой, æмæ йын уæд æрдхорд загъта, куыстмæ йæ цæуын хъæуы, зæгъгæ. Афæндараст дам-иу у: нæ йæ фæндыдис, уазæг уым куы баззадаид, уый.

Райсомæй лæг куыстæй куы æрцыдис, уæд кæсы, æмæ Хъæбатыр йæхи кæрты ивазы. Лæг æм дзуры, ам ма, дам куы дæ. Уæд гыццыл лæппу рауадис æмæ йæ фыдмæ дзуры:

– Баба, уый цæй Хъæбатыр у, дысон иунæгæй хуыссын нæ бауæндыдис æмæ мамайы фарсмæ схуыссыдис…

## МАДЫ ФЫН

Кæддæр æрыгон лæппуйæ автобусы цыдтæн горæтæй Алагирмæ, устытæ дзы ныхас кодтой. Æз сæ цуры лæуд фæдæн. Иу ус сын ахæм хабар радзырдта:

– Цалдæр боны размæ мæ сыхæгтимæ зианы уыдтæн. Иу усæн йæ лæппу цалдæр мæйы размæ амардис, æмæ йæ фыны федта арæзтæй, хъæлдзæгæй, æмæ йæ фæрсы:

– Цы хъæлдзæг дæ? Уыцы арæзтæй кæдæм цæуыс?

Лæппу йын дзуры:

– Ус курын райсом.

Хъæуы ном ын загъта, сæ мыггаг, чызджы ном æмæ ныффæдзæхста:

– Чындздзон дзаумæттæ йын ныххæсс, стæй йыл къухдарæн дæр бакæндзынæ.

Ус адæргай фехъал. Куыддæр бон фæрухс ис, афтæ нæм æрбахоста æмæ нын йæ фын радзырдта. Мах сыхы цалдæр усæй такси баххуырстам æмæ йемæ ацыдыстæм, кæдæм ын загъта йæ фырт, уырдæм. Уыцы хæдзары дуармæ адæм лæууыдис. Мах кæйдæр афарстам, ам цы ис, зæгъгæ, æмæ нын уый загъта:

– Дысон сæ чызг амардис.

Мах кæугæ бацыдыстæм, æмæ сын фын радзырдтам. Ус сæ бар ракуырдта, чындздзон дзаумæттæ йыл цæмæй уый скæна. Бар ын радтой, æмæ йын дзаумæттæ æмæ къухдарæн æрбаластам, æмæ йыл уыдон скодтой. Йæ боны та йæм мæрддзыгой фæцыдыстæм.

Ахæм цымыдисаг хабар фехъуыстон. Æвæццæгæн, дуне дзæгъæл нæу…

# ЧЫЗДЖЫ ФЫН

Кæддæр æй хъусгæ фæкодтон. Ацы хабар, дам, фæсарæнты уыдис. Иу рæсугъд чызг цæстæй нæ уыдта. Куыдз æм уыдис, æмæ-иу уыимæ рацыдис. Иубон фæндагмæ рахызтис, машинæ сæ фæцæймардта. Куыдз фæтарстис, йæхи атыдта, чызг тарст лæуд кæны: цы кодтаид, уый нæ зыдта. Лæппу машинæйæ рагæпп ласта æмæ хыл кæнынмæ хъавыдис. Куы йæ бамбæрста, чызг нæ уыны, уый, уæд æм бацыдис, æрсабыр æй кодта, кæм цæры, уымæй йæ бафарста æмæ йæ сæхимæ баласта. Æвæццæгæн, тынг рæсугъд чызг уыдис – лæппу йæ бауарзта. Арæх-иу сæм бауадис, фæлæ йын нæ разы кодтой, ды бонджыны фырт дæ æмæ нæ хынджылæг кæныс, зæгъгæ. Лæппу йæ йæ мадæн загъта, æмæ йын йæ мад афтæ зæгъы:

– Кой дæр æй мауал скæн! Дæ фыд дын ницы ратдзæн æмæ дæ хæдзарæй фæсурдзæн.

Уæддæр лæппу ууыл ныллæууыдис, мæн æндæр ничи хъæуы, зæгъгæ.

Æмæ иубон чызг йæ мадæн дзуры, мæ фыны, дам, чындзы ацыдтæн æмæ мын лæппу райгуырдис æмæ цæстæй уынын байдыдтон. Æмæ, æцæг, уыцы лæппумæ смой кодта. Лæппу сын райгуырдис, чызг цæстæй уынын байдыдта…

Алчидæр нæ хорз фынтæ уынæд!

# БÆХ

Бæх хъал æмæ тыхджын у, стæй, дам æм дыууадæсаздзыды зонд ис. Æмæ дын лæгмæ нæ коммæ кастис, йæхимæ йæ нæ уагъта. Лæг Хуыцаумæ бахъаст кодта, æмæ йын уæд Хуыцау загъта:

– Ацу, æз исты æрхъуыды кæндзынæн.

Бæхæн загъта:

– Абонæй фæстæмæ лæг дæ цæсты хохы йас зынæд æмæ дæуæй тыхджыдæр æмæ хъалдæр ма уæд.

Афтæ йыл лæг кусын байдыдта.

# АЛЫ ЗОНИНÆГТÆ

Суари – фондз капеччы; абази – ссæдз капеччы; туман – дæс сомы.

Куынц уыдис сæгъы цармæй фæндыры тæнты хуызæн конд, куырдадзмæ дымгæ уымæй кодтой.

Куыси уыдис хъæдæй къусгонд цыбыр хъæдимæ дæр, уыдис даргъ хъæдимæ дæр; агæй тæвд бæгæны кæнæ æндæр исты тæвд æвгæнынмæ даргъ хъæдимæ хуыздæр уыдис.

Цъутта – най-иу куы кодтой, уæд галты дзыхыл кодтой æнгом дзылар, цæмæй йæ, кæмæй кодтой, уый ма хæра.

Кæнæ-иу рæуæд йæ мады æрæджыйаумæ куы дадта, уæд ууыл та ахæм дзылар зæгæлтимæ кодтой, цæмæй йæ хъуг йæхимæ ма уадза.

Дугъ-иу куы уагътой, уæд алы дугъонæн дæр йемæ уыдис æмбал, æххуыс ын кодта, цæмæй фæндагыл уый бæх дæр уымæ гæсгæ рæвдздæр уайа, æмæ уый хуындис хъузон.

Чъегъи у хуыргаркæй бирæ къаддæр, у хуыргарчы хуызæн.

Лæг-иу изæрæй йæхицæн уынаффæтæ куы кодта, уæд, дам-иу, Хуыцау бахудтис, цымæ, дам, ацы лæг мæн нæ фæрсы? Æмæ уый тыххæй рагагъоммæ ничи уынаффæтæ кодта.

Сæ уæрыччытæ-иу кæмæн амардысты, уыцы фысты хуыдтой цъынæр фыстæ, æхсыр сæ фылдæр дыгътой.

Куыф уыдис уистæй быд стыр хор ласынмæ, мидæгæй хъуджы фаджысæй сæрст, фылдæр та сæ дардтой хуымтæм фаджыс ласынмæ.

Къæрта уыдис хъæдæй къахт. Уæд бедратæ нæ уыдис, æмæ дон дæр уыдоны хастой.

Къæрмæг у хъæдæй конд. Искуы дон куы кæла, уæд æй уым бакъуыр. Бирæ-иу чи дзырдта, уымæй-иу загътой, йæ дзыхы йын къæрмæг ныкъкъуырут.

Йæ къухæй-иу чъепс кæмæн фæхаудис, уый-иу загъта: «Мæ къухæй чъылбыс фæхаудис».

Уæгъд дзаумæтты-иу чи рацыдис æнæ ронæй, уымæй-иу загътой: «Ронбæгъдæй рацыдис».

Къæс хуыдтой гыццыл мæгуыр хæдзар. Лæг-иу уазæгæн загъта: «Мæ мæгуыр къæсмæ саккаг кæн».

Хохы нарæг уаццæгтæ-бауайæнтæ хуыдтой дæгътæ.

Хохы нæудзарм бынæттæ хонынц уæлдагъ.

Æрнæг хуыдтой, хъæуысæр фос кæм ривæд кодтой, уый.

Гыццыл чи хордта, уыцы лæгты хуыдтой гуыххæл лæгтæ.

* * *

Джерджытæ цардысты Ходы. Фæстæдæр дзы цалдæр хæдзары Къорамæ алыгъдис. Афтæ цалдæр æфсымæры иумæ ам скодтой хæдзар. Сæ кæстæр æфсымæр та Ходы баззадис, æмæ иуæхсæв йæ фыны федта урсбоцъо зæронд лæджы, æмæ йын уый дзуры:

– Уастырджийы кувæндонæй дур ахæсс Къорайы сæрмæ, дынджыр дуры фарсмæ йæ ныссадз, æмæ дзы кувæндон скæнут.

Афтæ æртæ хатты федта йæ фыны, æмæ йæ хъæуы Ныхасы зæронд лæгтæн радзырдта, æмæ йын загътой:

– Кæд афтæ у, уæд дæ йæхæдæг агуры, æмæ дын куыд зæгъы, афтæ бакæн.

Хъæуы лæгтæ дæр йемæ ацыдысты, кусарт дзы акодтой, хатыр ракуырдтой, фæкуывтой, æмæ дзы иу дур бæхыл сæвæрдтой, æмæ йæ йе ’фсымæртæм ныххаста, йæхæдæг дæр уым баззадис. Иуцасдæр дур хæдзары фæцис, æмæ та йæ фыны федта: «Дур схæссут, ныссадзут æй æмæ дзы куывд скæнут».

Афтæ хъæумæ хонæг арвыстой, гал аластой, куывд дзы скодтой. Куыд федтой, уæд уыцы стыр дуры алыварс хор йæхи æгъдауæй æрзадис, бон-изæрмæ та йæм хур кæсы, æмæ йæ уæд Хур æмæ Хоры Уастырджи схуыдтой.

Фæстæдæр та йæ Едзиты Сослæнбег саив кодта, æмæ йын дур фадын нæ куымдта. Æмæ йæ фыны федта, скувын хъæуы, зæгъгæ. Куы йын акуывтой, уæд æй æнцонæн асыгъдæг кодта, æмæ дзы Уастырджийы нывы скъахта.

# ХУЫНКЪ ДУР

Кæддæр быдырæй хохмæ иу лæг йæ хиуæттæм уазæгуаты сæмбæлд. Фæндагыл суадоны дон ануазон, зæгъгæ, уым иу рæсугъд дур ссардта. Дурæн йæ астæу – æмдымбыл хуынкъ, æмæ йæ йемæ рахаста. Йæ фысымтæм куы бацыдис, уæд дуармæ æрбадтысты æмæ ныхæстæ кæнынц. Уæд уазæг дур йæ дзыппæй систа æмæ йæ фысыммæ æвдисы. Уым æм бирæ фæкæстытæ кодтой. Æдде сæм устытæй чидæр кастис, æмæ хъæуы устытæн дзургæ ацыдис, дæлæ нæ сыхæгтæм диссаджы дæсны æрбацыдис, зæгъгæ.

Хъæуы иу лæг æмæ ус алы бон дæр хыл кодтой, сæ хъæрмæ-иу адæм æрæмбырд сты. Æмæ дыккаг бон уыцы ус æрцыдис уазæгмæ æмæ йын радзырдта, алы бон сæ хъæрмæ, сæ хылмæ адæм куыд æмбырд кæнынц, уый æмæ йын лæгъстæ кæны, баххуыс, дам нын кæн. Лæг ын дзуры, дæсны кæй нæу, уый. Уæд æм йæ фысым дзуры, исты йын бацамон, зæгъгæ. Лæгæн уыцы дур йæ зæрдыл æрлæууыдис, йæ дзыппæй йæ систа æмæ усмæ дзуры:

– Мæнæ ацы дур ахæсс æмæ-иу дæ лæг куы æрбацæйцæуа, уæдиу къусы дон ныккæн, дуры хуынкъæй-иу дæ лæгмæ акæс, къусы-иу æй ныппар, уыцы донæй-иу ахуыпп кæн, æмæ иу æй дæ дзыхы дæр, цалынмæ дæ лæг хыл кæна, уæдмæ.

Ус дур рахаста, æмæ йын куыд бацамыдта, афтæ-иу дон йæ дзыхы дардта. Лæг-иу бирæ фæхъæр кодта, ус æм ницы дзуры. Уæд лæг хъуы-

ды кæны: «Ай мæм куы ницы дзуры, уæд цæуыл хыл кæнын!» Афтæ хъæуы уыдонæй хуыздæр ничиуал цард.

Алы сылгоймагмæ дæр ахæм хорз зонд æрцæуæд, сæ бон ныббарын куыд уа. Кæрæдзи уарзгæйæ цæрут.

## ФОСДЖЫН ЛÆГ

Иу лæг бирæ фос дардта. Фосгæстæ йæм уыдис, йæ фос ын хъахъхъæдтой. Æмæ йæм иубон бирæгъ æрбацыдис æмæ йæм дзуры:

– Дæ фосæн мæ гæсæй райс.

Уæд æм лæг дзуры:

– Æз мæ фосæн гæс дæу тыххæй куы дарын, уæд дæ куыд райсон?

Уæд æм бирæгъ дзуры:

– Лæппуйæ йæ каистæм чи цæры, Хуыцау мæ уый кадæй фæцæрын кæнæд, æз дын дæ фосмæ куы бавналон, уæд.

Æмæ йæ уæд райста, афтæмæй йын бирæгъ бирæ рæстæг æнæзæрдæхудтæй йæ фос фæхъахъхъæдта.

Бирæгъ дæр ма йæ ныхасæн хицау разынд…

## СИЛÆМ

Асыйы æлдар йæ чызджы моймæ дæттынвæнд скодта æмæ алырдæм арвыста фидиуджытæ, бафæдзæхста сын:

– Асыйы æлдар йæ чызджы моймæ дæтты, къуыримæ сæдæ дзæбидыры марды чи 'рхæсса, уымæн æй ратдзынæн.

Усгуртæ алырдыгæйты цæуын байдыдтой, амæй ай хуыздæр цуанæттæ. Ирыстоны дæр куыннæ уыдис цуанæттæ, фæлæ дзы Гæвдийы хуызæн цуанон нæ уыдис. Ноджы ма йæм уыдис диссаджы куыдз Силæм. Гæвдийæн ма уыдис æрдхорд æфсымæр Арсæмæг, уый дæр хорз цуанон. Æмæ йæм Гæвди барвыста:

– Ме 'фсымæр, Асыйы æлдар йæ чызджы моймæ дæтты, мах дæр нæ амонд куы бавзариккам.

Дыууæ æрдхорды абалц кодтой Асымæ æлдармæ, ирæдыл бафидыдтой. Дыккаг бон хохмæ фæцыдысты, иу айнæджы бын ралæууыдысты æмæ афтæ баныхас кодтой:

– Нæ иу иу комыл ацæуæд, иннæ та – иннæ комыл. Изæры айнæджы сæр куыд баиу уæм, афтæ.

Æмæ фæйнæ комыл ацыдысты, цуангæнгæ. Сæ изæр айнæджы сæрмæ схастой. Уым фембæлдысты æмæ фæлладæй æрбадтысты тигъыл. Сæ кæрæдзийæн сæ цуаны хабæрттæ кæнынц Гæвдийы сырды мæрдтæ, цас æмбæлыдис, уымæй дыууæ хатты фылдæр рауадысты. Арсæмæг æм тынг бахæлæг кодта, йæхицæн бынат нал ардта. Уæд хин фæнд йæ сæры февзæрд. Сыстад æмæ айнæгæй дæлæмæ кæсы. Иуафон тынг ныддис кодта æмæ Гæвдимæ дзуры:

– Дæлæ-ма ныккæс, иу дынджыр дзæбидырæн йæ сæр – митæй урсдæр! Искуы ахæм федтай?

Уæд Гæвди фестад:

– Æз дæр ахæм дзæбидыр никуы федтон.

Æмæ айнæджы былыл алæууыдис. Йæхи айнæгæй акъул кодта, ныккæсон æм, зæгъгæ. Арсæмæг æй фесхуыста, æмæ ма Гæвди хаугæ-хауын ныхъхъæр ласта:

– Силæм, мæ туг-иу мын райс!

Уæд Арсæмæг топп фелвæста æмæ куыдзы æхсын райдыдта. Куыдз ралидз-балидз кодта æмæ ралыгъдис. Афтæ Силæм хæдзармæ æрлыгъдис æмæ дуармæ ниудта. Фыд рауадис, куыдзы ниугæ куы федта, уæд æй бамбæрста, йæ лæппуйыл цыдæр кæй æрцыдис, уый. Хъæуы фæсивæд дæр æрæмбырд сты, куыдз сæ разæй, афтæмæй фæдисы рацыдысты. Айнæджы бын ма Гæвдийы пырхæнтæ æрæмбырд кодтой æмæ сæ йæ хæдзармæ æрластой. Дыккаг бон алырдыгæй мæрддзыгой цæуынц. Силæм дуары цур сбадтис, æмæ сæм æдзынæг кæсы.

Уæд иуафон Арсæмæг дардæй кæугæ æрбацæуы:

– О мæ иунæг æрдхорд æфсымæр, уый дæхицæн цы бакуыстай? Æз дæр ма мæ зæрдæ дæуыл куы дардтон!

Уæд куыдз уыциу гæпп фæкодта æмæ йыл йæхи ныццавта. Йæ гуыбынмæ йын фæлæбурдта æмæ йын йæ тъæнгтæ ратыдта. Адæм куыдзмæ фесты, уæд сæм Арсæмæг дзуры:

– Куыдзы уадзут, мæхи аххос уыдис.

Æмæ сын радзырдта, Гæвдийы былæй куыд асхуыста, уый. Афтæ Силæм йæ хицауы туг райста.

Алчи дæр нæ ахæм æрдхæрдтæй хызт уæд.

# ХЪÆДЫ ТÆРХОН

Хъæд тæрхон кодта, ацы фæрæт нæ бындзагъд кæны æмæ йын исты æрхъуыды кæнæм. Æмæ сæм уæд сæхицæй иу дзуры:

– Фæрæт нын бæргæ ницы кæнид, уæртæ нæхицæй, йæ фæстаджы чи бабырыдис, уый куы нæ уаид, уæд.

Уæд рахастой ахæм тæрхон, зымæг уазал рæстæг хъæбæр хъæдтæ фæйнæрдæм куыд тоной. Æмæ тынг уазал рæстæджы хъæбæр хъæдтæ атонынц.

# НЫСТУАН

Хъæубæсты зиан уыдис, æмæ, фæндаджы был хæдзары цы адæм æрцардысты, уыдон сæ сывæллæттæн бафæдзæхстой:

– Адæмы размæ лæуудзыстут, æмæ сын дынджыр къусæй бæгæны дæтдзыстут.

Æмæ сывæллæттæ бæгæны хæссынц, фæллад адæм та нуазынц. Уæд сæм иу лæг дзуры:

– Уæхимæ уæм хыл нæ кæндзысты?

Æмæ йæм сывæллон дзуры:

– Уæддæр дзы махæй ничи нуазы, мыст дзы ныххаудис.

Лæг уый куы фехъуыста, уæд хъæдын къус йæ къухтæй æрхаудис æмæ дурыл асастис. Уæд сывæллон ныккуыдта:

– Ныр ма æхсæв кæм миздзыстæм?!

# ФÆДЗÆХСТ

Мæлæг уд дæ тынг куы агура, уæд-иу æм нæ цыдысты, исты æвзæрдзинад-иу сын ныууагъта.

Мæлæг уд йæхи дуармæ фæхонын кæны, æмæ-иу æй нæ уагътой, бæсты хуыз, дам, йемæ ахæсдзæн. Уæды адæм алцы дæр зыдтой.

Тынг уарынтæ-иу куы бахæцыд, уæд-иу уæлмæрдты фыс аргæвстой, бæгæны-иу скодтой, кæрдзынтæ-иу схастой æмæ-иу сæ Нарты мæрдтæн æмæ зæронд мæрдтæн ныххæлар кодтой, æмæ-иу уый фæстæ ныррæстæг кодта.

# МÆГУЫР ЛÆГ ÆМÆ БИРÆГЪ

Мæгуыр лæг фос дардта, æмæ йæ бинонтимæ уыдонæй цардис. Афтæ сæрды фос сау хъæдмæ атардта. Иубон сæ хъæды æрдузмæ баздæхта. Бирæгъ сæм пыхсæй бирæ фæкастис, стæй æрхмæ йæхи ныййиста æмæ сæм æрхы схъуызыдис. Æрхы был йæ гуыбыныл схуыссыдис æмæ æнхъæлмæ кæсы, фыстæй мæнырдæм чи æрбацæуа, уый æрхы дæлæмæ аласдзынæн, зæгъгæ.

Фыййау къодахыл бады æмæ зæрдæбынæй кæуы æнæрæнцайгæ. Бирæгъ æм бирæ фæхъуыста, æмæ лæджы кæуынмæ йæ зæрдæ срыстис. Фæстæмæ абырыдис æмæ йæхицæн загъта:

– Ацы фыййау мæ маргæ куы кæна, уæддæр мын æй æнæ базонгæ нæй, афтæ зæрдæхалæн куыд цæуыл кæны, уый.

Иннæуылты ахъуызыд æмæ фыййаумæ ком-коммæ фæцæуы. Фыййау æй куы ауыдта, уæд æм топп фæдардта. Уæд æм бирæгъ лæджы хъæлæсæй дзуры:

– Ма фехс, уымæн дæр дын рæстæг уыдзæн. Æз æрбацыдтæн дæ фыстæй ахæссынмæ, фæлæ дын дæ кæуын куы фехъуыстон, уæд мæхи зæрдæ суынгæг. Ныр дæм фæрсынмæ æрбацыдтæн, афтæ зæрдиагæй цæуыл кæуыс, уый мын зæгъ.

Уæд æм лæг дзуры:

– Абон хъæумæ нæхимæ афойнадыл куынæ ныфтон, уæд мæ бинонтæй иу дæр нал аирвæздзæн.

Уæд æм бирæгъ дзуры:

– Æмæ ацу, дæ фосмæ дын æз фæкæсдзынæн.

Уæд æм лæг дзуры:

– Дæ бар сæ ныууадз, ды нынниудзынæ, алырдыгæй иннæ бирæгътæ æрæмбырд уыдзысты, æмæ дзы сæнычы хъус дæр нал сæййафдзынæн.

Бирæгъ ын алы сомытæ кæны, фæлæ йыл лæг не 'ууæнды. Уæд æм бирæгъ дзуры:

– Дæ бар дæхи, æз дын тæригъæд кæнын æмæ ма дын иу ныхас зæгъын. Хуыцау мæ æнæдзуапп хъæу æмæ æнæдзуапп хæдзары æгадæй фæцæрын кæнæд, æз дын дæ фосмæ куы бавналон, уæд.

Лæг дæр сразы, йæ фосæй йæ бинонтæ зынаргъдæр уыдысты, йæ хæдзармæ æрцыдис, йæ бинонты фервæзын кодта. Æхсæв йæ бинонтимæ баззадис, райсомæй раджы фестадис æмæ йæ фосмæ

атындзыдта. Йæ зæрдæ риссы, цы дзы баййафдзынæн, зæгъгæ. Уæлбылæй хъæды æрдузмæ ныккастис, йæ фос æфсæстæй ривæд кæнынц. Бирæгъ сæ алыварс зилы, хъахъхъæны сæ. Лæгæн фыр цинæй йæ зæрдæ суынгæг, бирæгъы йæ хъæбысы ныккодта, фосмæ бацыдис. Нарддæр тохъхъыл дзы раласта, аргæвста йæ æмæ бирæгъмæ дзуры, уый дæ хай у, зæгъгæ.

Афтæ лæг йæ тыхсты рæстæг алкæуыл дæр бауæнды, æмæ бирæтæ уымæй сæхи пайдайæн цыдæртæ тонатæ кæнынц.

## ÆЦÆГ ХАБАР

Нæ фыдыфсымæртæй иу усгур лæппуйæ амардис. Не ’рвадæлты ус нæ фыдимæ дыууæ хойы цот уыдысты, æмæ ус æдзухдæр рынчыны цур бадтис. Æмæ иуизæр мæ фыдмæ дзуры:

– Нæхимæ ныууайон, сывæллæттæн хæринаг акæнон.

Мæ фыд дæр йæ фæстæ ныццыдис æмæ йæ фæрсы:

– Нæ рынчыны хабар дæм куыд кæсы?

Уæд нæ фыд загъта:

– Ды дæр æй уыныс, æз дæр æй уынын, фервæзгæ рынчын нæу. Райсом арвитын хъæуы, гал дæр æркæной, фыстæ дæр æмæ бæх дæр.

Фос та фæсхох уыдысты, махæн дæр сæ уыцы ус дзырдта. Фæстæмæ куы æрцыдысты, уæд та йæ цуры æрбадтис. Мæ фыд сæ хистæр уыдис, æмæ йæ Гаги хуыдтой. Æмæ, дам мæм рынчын дзуры, Гаги мын мæ хай рахицæн кодта, зæгъгæ.

Дыккаг бон лæппуты арвыстой фæсхохмæ гал æмæ бæхмæ. Æмæ сын саргъы бæх ахсын нæ бакуымдта. Кусгæ кæуыл кодтой, уый æрцахстой, æмæ та сæм рынчын дзуры:

– Æллæх, æллæх, фæллад бæх мын æрласынц.

Кæд никуы ницы ис, уæд сæ цæмæй зыдта, цы дзырдтой æмæ цавæр бæх æрцахстой, уыдæттæ?!

## ТÆРИГЪÆДДЖЫН ЗЫН УДИСÆН

Æвæццæгæн, уæлæуыл æвзæрæй цы скæнай, уыдон мæрдты фидын хъæуы. Нæ мад-иу цы дзырдта, уыдон фыссын. Мæйдзыдæй базза-

дис сидзæрæй. Йæ хистæр хотæ дæр сывæллæттæ уыдысты, уæддæр æй хъомыл кодтой. Фæстæдæр сæ фыд дыккаг ус æрхаста. Фыдсыл кæй фæхонынц, ахæм. Фыдыус – фыдрын. Бирæ хъизæмæрттæ йын бавзарын кодта. Туалгомы ма кæимæдæр ацардис. Уым дæр уыдис дыккаг усæн, æмæ сывæллæттæн уыдис æвзæр. Сæ сывæллоны дæр сын уæлхæдзарæй раппæрста, æмæ амардис. Уыцы фыдми бакæнгæйæ, уырдыгæй ралыгъдис. Иуцасдæры фæстæ йæ мæ мадыфыд ракуырдта, цæмæй йæ зыдта, цы фыдми бакодта Туалгомы сывæллонæн, уый. Нæ йæ зыдта, лидзгæ ракодта, уый дæр.

Мæ мадыфыдимæ иуцасдæр куы ацардис, уæд та ам дæр йæ фыдмитæ кæнын байдыдта, мæ мадитæн уыдис тынг æвзæр. Мæ мадæн йæ хурхыл уыдис стыр нос, æргæвдгæ йæ кодта, куыддæртæй ма йæ бынæй алыгъдис, туг калгæ. Фыд уый куы федта, уæд усы асырдта. Фæлæ та сæм иуцасдæр рæстæджы фæстæ фæзындис, цас ма ацардис, чи зоны, фæлæ куы æррынчын ис, уæд дуармæ лæгтæ ныхас кæнынц, цы бахъæудзæн, ууыл.

Уый мидæгæй хуыссы æмæ, дам, сынтæгæй дзуры, уæдæ, дам-ма, истæмæ бавналут, зæгъгæ. Иуцасдæры фæстæ мæ мадмæ дзуры, дæлæ, дам, уыцы сывæллоны нæ уыныс, мæ къæхтыл бады, мæ бон дзы нал у, айс ма йæ мæ къæхтæй, зæгъгæ. Уæд æм мад дзуры, ничи дзы ис, зæгъгæ. Уæд ыл ус ныхъхъæр ласта:

– Куырм дæ æви йæ нæ уыныс?!

Уæд та йæм ус ногæй дзуры:

– Уæртæ фæсдуар уыцы ус та чи у, йæ къухæй мæм додой кæны.

Ногæй та йæм фæдзырдта, дыууæ кæрдзыны мын скæн, зæгъгæ. Мæ мад сæ сыхаг усæн скæнын кодта иннæ уаты, æмæ та йæм фæстæмæ фæдзырдта, дæхи къухæй, дам мын скæн дыууæ кæрдзыны. Мæ мад ын скодта дыууæ кæрдзыны, æмæ сæ куыддæр ныххæлар кодтой, афтæ йæ уд систа.

# БОВАЙЫ ХЪЫСМÆТ

Раджы заманы цардис иу бонджын æлдар Абысал, уыдис æрыгон. Уымæн баззадысты йæ фыдæй хъæздыгдзинæдтæ. Йæ дæлбар уыдис бирæ хъæутæ, зæххытæ, горæттæ. Йæ бæстыхæйттыл цæст не

’ххæссыдис. Йæ хъæздыгдзинад алы бæстæтыл хъуыстгонд уыдис. Йæ дыргъцæхæрадæттыл цæст не ’ххæсыдис. Алы мæргъты зарын сæ хъуыстис, фæлæ уыдон Абысалмæ никæцæй зындысты. Уый цардис иунæгæй, йæхицæн агуырдта цардæмбал, фæлæ йæ бон йæхицæн æмбал равзарын нæ уыдис. Абысал агуырдта æппæтæй рæсугъддæр, сæрæндæр æмæ æгъдауджындæр чызг.

Бацамыдтой йын ахæм чызг – Турчы къннйазы чызг Косерханы. Йæ рæсугъддзинадæн æмбал нæ уыдис. Косерханмæ бирæ паддзæхты фырттæ усгур цыдысты, фæлæ йæхицæн къайæн никæй равзæрста. Уый дæр агуырдта алцæмæй дæр æххæст лæппу – кондæй, уындæй, хъаруйæ æмæ хъæздыгдзинадæй.

Иубон æм фæзындис хæрзконд усгур Абысал. Косерхан æй куы ауыдта йæ мæсыджы сæрæй, уæд йæ зæрдæмæ тынг фæцыдис. Йæ фæсдзæуин чызджы арвыста йæ фыдмæ, цæмæй уазджыты сбуц кæнынмæ йæхи цæттæ кæна, уый тыххæй. Къннйаз бамбæрста, чызджы зæрдæмæ лæппу кæй фæцыдис, уый æмæ фæдзырдта йе ’ххуырстытæм, цæмæй уазджыты размæ акæсой. Къннйазæн дæр Абысал йæ зæрдæмæ тынг фæцыдис, æмæ йæхи цæттæ кæнын байдыдта чындзæхсæвмæ.

Куыннæ йæм уыдаид алы исбон, алы бæстæтæм арвыста хонджытæ. Куыннæ скодтаид хъæздыг чындзæхсæв, æмæ алы хъæздыг лæвæрттимæ йæ чызджы рафæндараст кодта Абысалы галуантæм. Абысал тынг хъал æмæ сæрыстыр уыдис йæ рæсугъд ус Косерханæй, фæлæ уый нæ зыдта, Косерханæн уыцы рæсугъддзинад чи балæвар кодта, уыцы Хуыцауы хай ма йын кæй радта маргæйдзаг зæрдæ дæр. Чи зоны, цас ацардысты, фæлæ иубон Абысалмæ йæ æххуырстытæ хæрзæгкурæггаг уадысты, Косерханæн лæппу кæй райгуырдис, уый тыххæй. Абысал фæхъæлдзæг, йæ цæсгом фæрухс æмæ сæм дзуры:

– Мæ цуры ма цæмæ лæуут? Цæугæут æмæ уæхи цæттæ кæнут куывдмæ æмæ ном æвæрынмæ, хæдзары мацæуыл бацауæрдут, цæмæй рæсугъд æмæ бæркадджынæй ацæуа нæ циндзинад, ууыл бацархайут. Уæ иутæ фынгтæ рæвдз кæнæнт, иннæтæ – кусæрттытæ, аннæтæ та хонджытæ арвитæнт, æмæ сын-иу зæгъут, Абысалæн фырт райгуырдис, куывд кæны, стæй йыл ном æвæры, æмæ алчи дæр йæ ном сцæттæ кæнæд.

Кæй ном схауа, фæнды хъæздыг уа, фæнды – мæгуыр, уый уæлдай нæу, æгъдаумæ гæсгæ уый æрцæрдзæн мæ кæрты, мæ бынтæй йын хай бакæндзынæн, æмæ ам мæ цуры цæрдзæнис.

Стыр дыццæг бон Абысалы кæрт адæмæй æмызмæлд кодта. Фынгтæ дæлæмæ æртасыдысты сæ бæркадæй, бур физонджытæ цъысцъысгæнгæ, сау бæгæны сырсыргæнгæ хастой. Алчи æнхъæлмæ кастис йæ ном схауынмæ, алкæй дæр фæндыдис Абысалмæ хæстæг бауæвын, æмæ Косерханы рæсугъдмæ кæсынæй бафсæдын. Æнæхъæн мæй адæм минас кодтой, Абысалы кæрты сæ зарын æмæ фæндырдзагъд уæларвмæ хъуыстис, афтæ мæйы фæстæ дыццæг бон æрхæццæ, æмæ, хур куыддæр скаст, афтæ исын райдыдтой хæлттæ. Гъемæ, æппын кæмæ не 'нхъæлмæ кастысты, ахæм хабар æрцыд: йæ хал схаудис хъомгæс Сабазæн. Уый йæхæдæг уым нæ уыдис, йæ уæлæ хуызæнæн дзаума цы 'скодтаид, уый йын нæ уыдис, фæлæ йæ ном сæрвыста. Халы фыст уыдис йæхи хуызæн мæгуыр лæджы ном – тыхджы хъæбатыр Бова. Хæлттæ цæхдджытæ уайтагъд фехъусын кодтой, мæгуыр хъомгæсы хал схаудис, зæгъгæ. Уæд Абысал ныххудтис æмæ загъта:

– Æмæ цы кæны, иу хатт мæгуыр лæгмæ дæр амонд куы 'рхауа, уæд? Ныр цæугæут æмæ йæ ардæм раласут йæ бинойнагимæ.

Файтон аифтыгътой æмæ Сабазы мæгуыр хæдзары дуармæ æрбалæууыдысты. Мидæмæ бахъæр кодтой æмæ сæм Сабаз ракастис.

Абысалы адæм, дам дæм дзурынц æд бинойнаг. Уæд сæм Сабаз дзуры, йæ бон кæй нæу ацæуын, стæй бинойнаджы бон дæр нæу ацæуын. Абысалæн, дам, лæппу куы райгуырдис, уæд махмæ та чызг райгуырдис. Уый куы фехъуыстой фæсдзæуинтæ, уæд бацыдысты хæдзармæ, сывæллоны дæр атыхтой æмæ Сабазы йæ бинонты къордимæ Абысалы кæрты æрбалæууын кодтой. Ноджы ма Абысал куы базыдта, Боваимæ уыдонæн дæр чызг райгуырдис, зæгъгæ, уæд ын ноджы æхсызгондæр фæцис, æгайтма, йæ фырт кæимæ хъомыл кæндзæнис, ахæм сывæллон фæзынд, æмæ йыл йæхæдæг сывæрдта ном Газифирæ. Йæ уазджытыл бацин кодта æмæ сæ мидæмæ бахуыдта, сæ ног цæрæнтæ сын бавдыста, сæ уæлæйы дарæстæ сын раивын кодта. Кæд Абысал хъæздыг уыдис, уæддæр иннæ хъæздыг лæгты хуызæн зыдгæнаг нæ уыдис. Йæ зæрдæ кæддæриддæр мæгуыр адæмæн хорздзинæдтæ загъта æмæ сын алцæмæй æххуыс кодта, æмæ уыйбæрц йæ мулкыл фылдæр æфтыдис.

Чи зоны, цас ацардысты, бонтæ цыдысты, азтæ кæрæдзи ивтой, Бова хъомыл кодта хæрзконд, тыхджын æмæ хъæбатырæй. Кæд мады

рæвдыд нæ уыдис, уæддæр Абысал тынг хъал уыдис йæ хæрзконд æмæ уæздан усæй. Фæлæ йын бирæ нæ ахаста.

Косерхан йæ марг зæрдæйæ сфæнд кодта Абысалы амарын. Сæ куывды бон йæ зæрдæмæ фæцыдис паддзах Султан, æмæ уымæй фæстæмæ йæ фырт Бовайæ дæр йе сæфт федта. Алы хуызы дæр архайдта йæ лæджы амарын, æмæ, йæ къухы куы ницы æфтыдис, уæд сфæнд кодта Султанмæ арвитын. Иу уалдзыгон бон, йе 'ххуырстытæй кæуыл æууæндыдис, ахæм лæджы арвыста Султанмæ. Уый, цас фæцыдис, чи зоны, фæлæ иуафон бахæццæ ис Султаны галуанмæ. Æфсæн дуары раз æрлæууыдис æмæ хъуыды кæны, гæххæтты цы фыст ис, уый куыд базона. Косерханы рæсугъд фыста афтæ:

«Мæ зынаргъ, мæ дунейы рухс Султан! Æз нæ куывды рæстæг бамбæрстон дæ зæрдæйы уаг, фæлæ мæхиуыл дæр уыцы бон хуыздæр бон нæ уыдис, гæнæн мын нæ фæцис демæ бæстон аныхас кæнын, æмæ уыцы бонæй абонмæ мæ зæрдæ судзы. Нал у æнæ дæу мæ бон цæрын, кæд ма дæм уыцы боны зæрдæйæ исты баззад, уæд мæ фервæзын кæн ацы хъизæмары цардæй, рарвит мæм Абысалы ныхмæ де 'фсад. Йæ амарын дæ къухы куы бафта, уæд нæ цард баиу уыдзæн, уымæн æмæ мæ йæ удæгасæй никæмæн ратдзæн. Ноджы ма дæ иу хатт курын, цæмæй мæ фервæзын кæнай. Æз Хуыцаумæ кувдзынæн, цæмæй ды фæуæлахиз уай».

Фæсдзæуин уыдон куы бакастис, уæд фæстæмæ ралидзынмæ хъавыдис, фæлæ йæ Султаны адæм æрцахстой, æмæ йæ Султаны къæхты бынмæ баппæрстой, йæ зонгуытыл æй æрлæууын кодтой. Паддзах фæхъæр ласта:

– Ай чи у?!

Уæд уыдон загътой, галуаны раз æй кæй æрцахстой, æмæ, чи у, уый нæ дзуры. Уæд паддзах йæхи фæфæлмæндæр кодта æмæ йæм дзуры:

– Зæгъ-ма, чи дæ æмæ цæмæ 'рбацыдтæ ардæм?

Уæд уый бакаст Султанмæ æмæ йын загъта, йæ адæмы цæмæй æддæмæ арвита.

Адæм куы рацыдысты, уæд сыстад æмæ хæстæг бацыдис Султанмæ æмæ йæм фыстæг бадардта. Султан æй тагъд-тагъд акастис, æмæ йæ цинæн кæрон нал уыдис. Фæсдзæуинтæм фæдзырдта æмæ сын загъта, цæмæй лæджы хорз феной æмæ йæ фæстæмæ афæндараст кæной. Хорз æй федтой, стæй йæ афæндараст кодтой.

Султан ын бафæдзæхста, цæмæй Косерханæн зæгъа, тар хъæды кæй æнхъæлмæ кæсдзысты Абысалмæ.

Уыцы рæстæг та Косерхан йæ Абысалæй куырдта, цæмæй ацæуой хъæдмæ атезгъо кæнынмæ, æрдзы рæсугъддзинад феной, байхъусой мæргъты зарынмæ, бафæндыд æй стыр доны сæрты ахизын, æмæ уый уылæнтæм фæкæсын. Цæмæй зыдта Абысал, йæ маргæйдзаг ус ыл фыдвæнд кæй скодта, уый, æмæ лæг сразы ис æцæгдæр сæхи аирхæфсыныл. Сæхи арæвдз кодтой æхсæз барæгæй æмæ араст сты сæ фæндагыл. Барджытæй иу йемæ райста йæ хъыримаг. Косерханы уый дæр нæ фæндыдис, кæд цуаны нæ цæуæм, зæгъгæ, фæлæ лæг ныллæуыдис, уæд та ныл искуы фыдгæнæг фембæлдис, зæгъгæ. Косерхан дæр ницыуал сдзырдта, лæг ыл истæмæй куы фæгуырысхо уа, уымæй тæрсгæйæ. Йæ зæрдæ дардта Султаны æфсадыл. Фæндагыл хъазгæ- худгæ цыдысты, фæлæ Абысалы зæрдæйы цыдæр æнтъыснæг ныббадтис. Косерхан архайдта йæ мойы схъæлдзæг кæныныл, фæлæ уымæн йæ дзыхæй дзырд нæ хаудис.

Бахæццæ сты тар хъæдмæ. Гауызтæ æрытыдтой, хæринæгтæ æрæвæрдтой, афтæ Косерхан фестадис æмæ дидинджытæ тоныны æфсон, Султан кæм уыдис, уыцырдæм йæхи байста æмæ сын бамбарын кодта, иу хъыримаг йедтæмæ сæм кæй ницы ис, уый. Уæд сыл Султаны адæм сæхи ныццавтой, Абысал та æнхъæл ницы уыдис, æмæ сæхи ирвæзын кодтой. Хъыримагæй иу нæмыг дæр дзæгъæл нæ ацыдис, фæлæ æхсæз барæгæй дæр фæмард сты.

Фæстагмæ уæззау цæфтæй баззадис Абысал, æмæ йæ бæхы цурмæ йæ гуыбыныл бабырыдис. Бæх æй куы федта, уæ йæ фарсмæ æрхуыссыдис, æмæ йын Абысал йе рагъмæ бабырыд. Бæх сыстад æмæ, йæ бон цас уыдис, уый уайын байдыдта. Косерхан дæр æй ауыдта – алцы дæр ын хъуыдыгонд уыдис. Йæ фæсдзæуинтæй кæуыл æууæндыдис, уыдонæн бафæдзæхста сæ фæстæ хиды фæйнæджытæ куыд райхалой, афтæ. Бæх хиды цурма бахæццæ, дзыхълæуд фæкодта æмæ ныууасыдис.

Уæд Абысал бамбæрста, уыдон Косерханы митæ кæй сты, уый. Йæ бæхы донмæ фæцарæзта, æмæ бæх абухгæ донмæ багæпп кодта. Косерхан куы федта, йæ мой фесæфтис, уый, уæд сæ бæхтыл сбадтысты, йæ фæсдзæуинтимæ куыд ныхасгонд уыдысты, афтæ уыдон хиды фæйнæджытæ фæстæмæ ныххуыдтой, æмæ Косерхан йæ ног моимæ Абысалы галуантæм æрбаздæхтысты. Ам уал ацæрдзысты, стæй ацæудзысты Иранмæ, Султаны бæстæм цæрынмæ.

Гыццыл Бова дæр семæ цардис, кæд æй зыдта, уый йæ фыд нæу, уæддæр. Фылдæр йæ бонтæ кæугæйæ ’рвыста, йæ ног фыд æм æвзæр цæстæй кастис, нæ йæ уарзта. Бова уый æмбæрста, кæд æнахъом уыдис, уæддæр. Фылдæр йæ номæвæрæг Сабазыл бафтыдис, æдзух йæ дæлбазыр бадтис, æмæ дзы куырдта, цæмæй æндæр искæдæм алидзой æмæ ацы æнæхуыцау адæмы мауал уыной. Фæлæ Сабазæн йæ бон ницы æрхъуыды кæнын уыдис æмæ йын æдзух дзырдта:

– Тагъд байрæздзынæ, дæ хо Газифирæ дæр нырма гыццыл у, æмæ уæ кæдæм фæласон ахæм æнахъомтæй…

Æмæ-иу Бова дæр ныхъхъус.

Косерхан ферох кодта, фырт дæр ма йын кæй ис, уый æмæ амондджынæй цардис Султанимæ. Уæд иуæхсæв Султан йæ тар фынæйæ фæхъæр кодта, йæ хуыссæны рабадт æмæ улæфын дæр йæ бон нал уыди, афтæмæй Косерханмæ дзуры:

– Мæ дунейы рухс, мæ ахсджиаг, фервæзын мæ кæн, ме сæфт æрхæццæ кæны, мæ фынтæй йæ мæ зæрдæ зоны.

Уæд ус йæ мойы цурмæ бауадис æмæ йæ тарстхуызæй фæрсы:

– Цавæр фын федтай, радзур-ма, Султан.

Султанæн йæ зыр-зыр не ’нцад, афтæмæй дзурын райдыдта:

– Цыма иуран бадæм цъæх нæууыл, уæд нæ разы февзæрд дæ куыдзы къæбыла Бова æмæ мæм лæгæй-лæгмæ æрлæууыдис. Йæ къухы æхсаргард æмæ мæм дзуры:

– Гъей ме знаг, æгъгъæд дын уæд мæ фыды бынтыл цæрынмæ, ныр ацу мæ фыды цурмæ, ды мæ фыды æнæ аххосæй амардтай, ницы дæ хъыгдæрдта, – афтæмæй уыцы ныхасимæ йе ’хсаргард фелвæста, мæ тъæнгты мын æй фæсагъта, бæрзонд мæ уæлæмæ фехста, фæстæмæ куы ’рцæйхаудтæн, уæд мæ æртæ дихы фæкодта, бахудт, æмæ мæм дзуры:

– Уый дын мæ фыды тыххæй, науæд ын мæрдтимæ цæрыны бар нæй.

– Ахæм фын федтон æз, дæуæй курын, цæмæй дæ къæбылайы амарын кæнæй, кæннод æз цæугæ кæнын.

Косерхан байхъуыста йæ моймæ æмæ сразы йæ хъæбул Бовайы амарын кæныныл. Райсом раджы Сабазмæ фæдзырдта æмæ йын загъта, Бова цæрыны аккаг кæй нæу, æмæ, ды йæ номæвæрæг кæй дæ, уымæ гæсгæ йæ хъуамæ амарай, мæлгæ та хъуамæ акæна талынг ныккæнды, æххормагæй.

Сабаз ӕрӕнкъард, ӕмӕ ӕнӕдзургӕйӕ ацыдис Бовамӕ. Уыцы афон Бова йӕ гыццыл хо Газифирӕимӕ хъазыдис цъындгӕнджытӕй. Бова куыд бацъынд кодта йӕ цӕстытӕ, афтӕ йын Сабаз йӕ цӕстытӕ фидар абаста, ӕмӕ йӕ ныккӕнды фӕмидӕг кодта. Ныккӕнды та уыдис иу гыццыл рудзынг, ӕндӕр ӕм рухс никӕцӕй цыдис. Бова нӕ бамбӕрста, чи йӕ баппӕрста, цӕмӕн, ӕмӕ, кӕугӕйӕ, хъӕр кодта Газифирӕмӕ, цӕмӕй йын йӕ фыд Сабазимӕ баххуыс кӕной. Уыцы рӕстӕг Сабаз йӕ хӕдзары йӕ сӕр хоста, йӕ мӕгуыр цардӕй йӕ чи фервӕзын кодта, уыцы Абысалы ӕнӕхъом хъӕбулӕн йӕ бон кӕй ницы у. Фыдлӕджы ми йын бакодтон, афтӕ куыд хъуыды кодта, афтӕ йӕ чызг Газифирӕ дуарӕй бахызтис кӕугӕ ӕмӕ йӕм дзуры, Бова зын уавӕры кӕй ис, ӕмӕ йын баххуыс кӕй хъӕуы. Сабаз йӕ чызгмӕ йӕ хъус куынӕ ӕрдардта, уӕд чызг ноджы хъӕрдӕрӕй ныккуыдта:

– Цӕй-ма, баба. Бова талынг ныккӕнды амӕлдзӕнис!

Уӕд Сабаз йӕ гыццыл чызгмӕ дзуры:

– Мах тыхӕй ницы бакӕндзыстӕм, хинӕй нӕ къухы куы ницы бафта, уӕд. Ды баздӕх ӕмӕ алы бон Бовайӕн хӕринаг рудзынгӕй ӕппар, дӕуыл хъахъхъӕнджытӕ нӕ фӕгуырысхо уыдзысты. Уӕдмӕ исты ӕрхъуыды кӕндзыстӕм ӕмӕ йӕ адавдзыстӕм.

Чызг-иу йӕ роны кӕрдзын авӕрдта, ӕмӕ-иу чындзытӕй хъазыны ӕфсон йӕхи байста ныккӕндмӕ. Бовайӕн-иу рудзынгӕй хӕринаг ныппӕрста. Афтӕ йыл рӕстӕг цыдис, уӕдмӕ Сабаз та быдта бӕндӕнтӕ. Асин быд ын куы фӕцис, уӕд уый йӕ чызджы барвыста, рудзынг чи хъахъхъӕдта, уый цурмӕ, цӕмӕй йӕ ныхӕстыл дара. Чызг йӕ чындзытимӕ хъахъхъӕнӕджы цурмӕ бацыдис ӕмӕ йӕ алцӕмӕйты фӕрстытӕ кодта, ныхӕстыл ӕй дардта. Уыцы рӕстӕг Сабаз сусӕгӕй бахъуызыди, рудзынгӕй бӕндӕнӕй конд асин ауагъта ӕмӕ Бовайы систа. Рудзынг фӕстӕмӕ бадзӕбӕх кодта, ӕмӕ лӕппуимӕ сусӕгӕй рацыдысты. Чызг дӕр сӕм йӕ цӕст дардта, ӕмӕ сӕ куы федта, уӕд ма иугыццыл ахъазыди, стӕй рацыди. Хӕдзары Бовайы куы баййӕфта, уӕд ӕй йӕ хъӕбысы ныккодта, Газифирӕйы мад Бовайӕн фӕндаггӕгтӕ хызыны авӕрдта ӕмӕ Сабазимӕ рацыдысты. Сабаз Бовайы фӕндагыл бирӕ фӕхуыдта, стӕй йын загъта:

– Фӕндагыл ӕмраст цу, чи дӕ-иу фӕрса, уымӕн-иу дӕ ном Уари, зӕгъгӕ, зӕгъ.

Йӕхӕдӕг фӕстӕмӕ ӕрбаздӕхт, йӕ хуыссӕны уыдис, бон куы ӕрбарухс ис, уӕдмӕ. Бон куы ӕрбарухс, уӕд хъахъхъӕнӕг дуары

хуынкъай бакасти, æмæ læппуйы куынæ ауыдта, уæд фæфæдис, Бова цыдæр фæцис, зæгъгæ. Султан фæгæпп ласта:

– Куыд алыгъди? Тагъд агургæ кæнут æмæ йæ мæнмæ ракæнут, æз æй мæхæдæг атондзынæн.

Бова бирæ фæцыдис, бафæллад, æххормаг дæр куыннæ суыдаид. Талынг кæнын байдыдта, йæ фæстаг тыхтæ æрбамбырд кодта æмæ цыдæр хъæумæ бахæццæ. Ахсæв ам баззайдзынæн, зæгъгæ, иу бæласы мæрайы бабырыд, йæ фæндаггæгтæй гыццыл цыдæртæ ахордта æмæ тар фынæй бацис. Райсом бон куы æрбарухс, уæд цъиуты зарджытæм райхъал. Мæрайæ рабырыдис, иу къæбæр ахордта, æмæ дарддæр араст, кæдæм, уый йæхæдæг дæр нæ зыдта. Иуафон бахæццæ денджызы былмæ, уый ахæм дон никуы федта, æмæ йæм хæстæг бацыдис. Фæлæ уыны ноджы стырдæр диссаг: доны астæу лæууы рæсугъд хæдзар. Адæм дзы рацу-бацу кæнынц. Бова, доны был цы лæг лæууыдис, уый бафарста:

– Ацы хæдзар доны куыд бахаудис?

Лæг бахудтис, йæ сæр ын балæгъз кодта æмæ йæм дзуры:

– Уый хæдзар нæу, фæлæ доны чи цæуы, ахæм нау кæд у.

Бова йæхи хæстæг байста адæмы ’хсæнмæ, бабырыдис, æмæ науы сбадтис. Гыццыл фæстæдæр нау сабыргай араст ис, науы хистæр бахъуыды кодта, læппу иунæгæй кæй æрбацыдис, уый, æмæ ам дæр иунæгæй кæй бады, æмæ йæ фæрсын байдыдта, чи у, стæй кæдæм цæуы. Уæд Бова загъта:

– Мæ фыд – дзæнгæрæг цæгъдæг, мæ мад та – дзаумæттæ æхсæг, мæ ном та – Уари. Мæ мад æмæ мæ фыд амардысты, æз та иунæгæй баззадтæн.

Лæджы зæрдæмæ тынг фæцыдис læппу, æмæ йæ йæхицæн ныууадзынмæ хъавыдис, фæлæ науы иннæ кусджыты зæрдæмæ дæр фæцыдис, æмæ йыл хыл кæнын байдыдтой, алчидæр æй йæхицæн иста. Куынæ йыл фидыдтой, уæд æй сфæнд кодтой доны ныппарын, фæлæ уæдмæ доны былгæронмæ бахæццæ сты, æмæ та денджызы был дæр загъд кодтой. Сæ алыварс адæм æмбырд кæнын байдыдтой, уæдмæ сæм тæрхоны лæгтæ дæр æрбацыдысты. Афтæ сæ хъаугъа паддзахмæ байхъуыстис, æмæ уый йæ адæмы рарвыста хъуыддаг базонынмæ. Уыдон ын загътой, науы хистæр кусджытæ цыппарæй хыл кæнынц иу гыццыл læппуйыл.

Паддзах сæм йæхæдæг рацыдис, фæхъæр сыл кодта æмæ иууылдæр фæйнæрдæм алæууыдысты. Паддзах лæппума бакастис æмæ йæ зæрдæмæ фæцыдис. Æмæ сæм дзуры, цæмæй лæппуйæн аргъ скæной. Уæд ын уыдон загътой, кæй йæ уæй кæнынц мин сомыл. Паддзах сын загъта:

– Мæнæ уын дыууæ мины.

Бовайы йæ фæсарц сæвæрдта æмæ йæ ахаста. Уыцы бон æй радта йæ бæхгæстæм. Бова уым семæ цæрын райдыдта. Афтæ йыл рæстæг ратахтис, æвддæс азы йыл сæххæст. Уæд иубон паддзахы чызг Земфирæ йæ мæсыджы рудзынгæй кастис æмæ бæхдоны дуармæ ауыдта Бовайы лæугæйæ. Земфирæйæн йæ зæрдæ бахъарм ис, йе 'ххуырст чызджы фыдмæ фæхабар кодта. Чызджы фыд мæсыгмæ куы ссыди, уæд йæ чызджы уадзыгæй баййæфта æмæ хорзау нал фæцис. Уæдмæ чызг йæхимæ æрцыдис, йæ фыды раз йæ зонгуытыл æрлæууыдис æмæ йын лæгъстæ кæны, цæмæй йын уыцы лæппуйы мæсыгмæ скæна. Паддзахы кæд нæ фæндыдис, уæддæр йæ иунæг чызгæн йæ бон «нæ» загъын нæ бацис. Фыд ын дзырдта, уый дæу аккаг нæу, фæлæ чызг лæгъстæ кæны. Уæд паддзах æрцыд Бовамæ æмæ йæм дзуры, цæмæй уый ссæуа мæсыгмæ æмæ йæ иунæг чызджы цурмæ бацæуа, фæлæ йæ уарзгæ ма бакæна æмæ чызгæн цæмæй загъа, уый аккаг кæй нæу, уый.

Бова нæ куымдта, фæлæ йыл паддзах куы схъæр кодта, уæд фæраст ис бæстырæсугъд Земфирæйы мæсыгмæ. Куы схæццæ мæсыгмæ, уæд дуар йæхæдæг байгом, æмæ мидæмæ бахызтис. Чызг йæ къухтæ кæрæдзиуыл æрцавта æмæ йæ фæсдзæуинтæ фæцыдæр сты. Уæд æм Земфирæ дзуры:

– Мæнмæ алырдыгæй паддзæхты фырттæ курæг цæуынц, фæлæ дзы никæмæн комын. Ныр дæу куы федтон, уæд мæхицæн бынат нал арын, афтæ дæ бауарзтон.

Уæд æм Бова дзуры, мæ зæрдæмæ нæ цæуыс, зæгъгæ, æмæ йæ бынаты тынг ныррызтис, Земфирæйы кæй бауарзта, уымæй. Паддзах бамбæрста, Бова æмæ йæ чызг Земфирæ кæрæдзи кæй бауарзтой æмæ æрхъуыды кодта хиндзинад. Бовамæ фæдзырдта æмæ йын бамбарын кодта, хуыцаубоны кæй кæнынц куывд, æмæ сæ Земфирæимæ хо æмæ æфсымæр кæй кæны. Иумæ кæй цæудзысты ахуыр кæнынмæ.

Адæм куывды бонмæ æрæмбырд сты, хо æмæ æфсымæр иумæ æрлæууыдысты, алырдыгæйты æрæмбырд сты паддзæхтæ, уыдонимæ

уыдис Ботас-паддзах, æмæ, Земфирæйы куы федта, уæд йæ зæрдæмæ тынг фæцыдис, æмæ йын йæ фыдæн бамбарын кодта, кæй хъавы Земфирæйы йæ фыртæн ракурынмæ. Уый фыды зæрдæмæ дæр фæцыдис, фæлæ йын дзуапп нæ радта æнæ йæ чызджы бафæрсгæ.

Чызг Бовайæн аивæй йæ русæн аба кодта, Бова уыцы хъуыддагæй фæкуыддæр, æмæ йæхи бæхдонмæ айста, æмæ æхсæвы дæр уым баззадис. Райсомæй йæм чызг нырвыста, ахуырмæ, дам сын æрæджы кæны. Бова бамбæрста, чызг æй æгæрон уарзтæй кæй бауарзта, уый, æмæ йæ афтæ нал ныууадздзæн. Уæд Бова æппæт дæр радзырдта Земфирæйæн, уый дæр паддзахы фырт кæй у, æмæ йæ Земфирæ ноджы тынгдæр бауарзта.

Уыцы рæстæг Султан йæ минæвæрттæ æрбарвыста, цæмæй йын Земфирæйы йæ фыртæн радтой, кæннод æй кæй ахæсдзæнис йемæ, фæлæ чызг цæхгæр дзуапп радта, фæлтау мæлæт кæй райсдзæн. Уæд паддзах арвыста Султанмæ, йæ чызг разы кæй нæу, æмæ цæттæ у хæстмæ. Афтæ дыууæ паддзахы бирæ рæстæг фæхæцыдысты, бирæ адæм амардтой кæрæдзи. Иубон Земфирæ Бовaимæ ныхас кодта, зоныс, дам, хæст цæуыл цæуы, уый? Бова загъта:

– Ницы йын зонын.

Уæд ын чызг радзырдта, хæст уый тыххæй кæй цæуы. Уæд Бова мæсыгæй ратагъд кодта æмæ скъæты фæмидæг. Уым къуымæй фелвæста стыр æфсæйнаг уисой, паддзахы бæхыл саргъ авæрдта, абадтис ыл, æмæ йæхи ауагъта Султаны ’фсадыл, цæгъдын сæ райдыдта æфсæйнаг уисойæ, цалдæрæй ма дзы аирвæзтысты æмæ радзырдтой Султанæн, иунæг лæг сæ кæй ныццагъта æнахуыр хæцæнгарзæй, уый. Уæд æм Султан барвыста, цыбыр рæстæгмæ йæм кæй æнхъæлмæ кæсдзæн Сау денджызы был. Бова уый куы базыдта, уæд бацыд паддзахмæ æмæ йын загъта, цæмæй йын райсоммæ æрцæттæ кæной стыр кард, йæ уæз пут æмæ ’рдæг, йæ дæргъ дыууæ санчъехы.

Паддзах фæдзырдта йæ куырдмæ æмæ йын бамбарын кодта, ахæм æхсаргард цæмæй райсоммæ цæттæ уа, йемæ ма арц. Æмæ йæ уæд бамбæрста, Бова хуымæтæджы лæг кæй нæу, уый. Райсоммæ хæцæнгæрзтæ цæттæ уыдысты. Паддзах йæ сырх бæх ракодта, саргъ ыл сæвæрдта æмæ йыл Бовайы сбадын кодта. Бова араст хæцæн бынатмæ æмæ барвыста Султанмæ, цæттæ кæй у хæстмæ. Бирæ рæстæг æй нæ бахъуыдис, уайтагъд сын хæст бацайдагъ. Бова иунæгæй фæцагъта

Султаны тыхджындæр æфсады. Уæд Султаны фырт йæхи нал баурæдта æмæ йыл йæхи рауагъта. Уæд æм Бова дзуры:

– Ацу, нырма æгæр æрыгон дæ, æмæ дын таригъæд кæнын.

Уæд æм Султаны фырт дзуры:

– Куыдзы къæбыла, кæд дæ ныфс нæ хæссыс, уæд зæгъ, кæддæра нæ кæй бауыдзæн Земфирæйы рæсугъд, – æмæ йыл йæхи ныццавта.

Афтæ цас фæхæцыдысты, чи зоны, фæлæ йын Бова йе ’хсаргард ныццавта æмæ æртæ дихæй атахти. Уæд ын йæхи дæр æрцавта æмæ зæхмæ дыууæ дихæй æрхаудис. Султан уый куы федта, уæд фæтарстис æмæ ралыгъд, æмæ паддзах Ботасы дуармæ æрлæууыд æмæ йын загъта, цæмæй йын баххуыс кæна æмæ йын разыйы дзуапп радта:

– Æз дын баххуыс кæндзынæн йæ амарынмæ, æрмæст ахæм дзырдæй: Бовайы куы амарон, уæд мын дæ чызджы ратдзынæ усæн.

Султан æй кæд зыдта, йæ чызджы йын æхсæзæм усæн кæй агуры, уæддæр ын разыйы дзуапп радта. Уæд Ботас гæххæтт ныффыста, Бовамæ барвыста, цæмæй йæ ныххæццæ кæна Султанмæ, æрмæст, дам, дæ каисæн дæр æмæ дæ усæн дæр мацы зæгъ. Афтæ Бова араст ис. Цас фæцыдис, чи зоны, фæлæ иу ранмæ бахæццæ. Хур тынг ныккастис, дон та дзы нæ уыдис. Уæд кæсы, æмæ иу ус дон æрбахæссы. Уæд Бова йæ бæх уыцырдæм фæцарæзта, бæхæй æргæпп кодта, усæн салам радта æмæ дзы дон ракуырдта. Ус доныл сусæгæй хуыссæджы хос ныккодта æмæ йæ Бовамæ балæвæрдта. Бова йæ зыднозт бакодта, усæн раарфæ кодта æмæ дарддæр йæ фæндагыл ацыдис. Уалынджы йæ хуыссæг æрцахста. Йæ бæхæй æрхызтис, саргъ йæ нывæрзæны бакодта æмæ афынæй. Хингæнæг ус дæр та йæ цуры балæууыдис, йе ’хсаргард æмæ йын йæ арц йæ астæуæй райхæлдта, йæ бæхы йын æрцахста æмæ рацыдис. Бова куы райхъал, уæд кæсы, æмæ нал бæх, нал хæцæнгарз. Бирæ фæхъуыды кодта æмæ бамбæрста, уыцы ус ын кæй бакодта ахæм куыст. Сыстад æмæ фистæгæй араст. Иуафон бахæццæ Султаны дуармæ æмæ бахоста. Ракастысты йæм æмæ йæ мидæмæ бахуыдтой. Султанмæ фæхабар кодтой. Султан фæдзырдта йæ адæммæ æмæ Бовайы æрцахсын кодта æмæ сын загъта:

– Уазал ахæстоны йæ бакæнут.

Æмæ тæрхон кæнын райдыдтой, цы мардæй йæ амарой, ууыл, æмæ йын рахастой ахæм тæрхон: æххормагæй йæ бирæ фæдардзысты уазал ахæстоны, стæй йæ æрцауындздзысты æмæ йын йæ быны арт

бакæндзысты. Султан æм бацыдис æмæ йын радзырдта йæ тæрхон. Уæд æм Бова дзуры:

– Ботасы фыстæгæн та цы дзуапп ратдзынæ?

Уæд уый ныххудтис æмæ йын загъта, уый дæр ыл хинæй кæй рацыдис æмæ йæ барæй кæй рарвыста. Бова бæмбарста, фæлæ ма йын цы гæнæн уыдис. Султаны адæм æй ныккæнды ныппæрстой къæхтæ æмæ къухтæ бастæй. Бова бирæ хъуыдыты фæстæ уазæл зæххыл бафынæй æмæ федта диссаджы фынтæ, цымæ йæ чидæр ацы уазал ахæстонæй фервæзын кодта. Фæлæ йæ фын бирæ нæ ахаста, уайтагъд фехъал, райсомæй хуры тынтæ рудзынгæй Бовамæ бакастысты, æмæ сын Бова æгас цу загъта.

Афтæ алы бон дæр хурæн æгас цу дзырдта æмæ йæ хъару фылдæр кодта. Уæд æм иуæндæсæймаг бон Султан бацыдис. Уый æнхъæл уыдис, Бова æнæ дон æмæ кæрдзынæй тынг ныллæмæгъ æмæ йын лæгъстæ кæндзæн, цæмæй йæ ауадза. Фæлæ Бовайы ахæм хъæлдзæгæй куы федта, уæд æй фæрсы, афтæ хъæлдзæг цæмæй у. Бова йын дзуры:

– Дæс боны ам бæстытæй баулæфыдтæн, мæ хъаруйыл хъару бафтыдис.

Султан фæхъæр кодта:

– Тагъд ын йæ къухтæ райхалут, æмæ райсоммæ хъизæмар кæна. Райсом æй атыдтытæ кæндзынæн!

Уæд Бова йæ зоныгыл æрлæууыдис æмæ Хуыцаумæ кувын байдыдта:

– Хуыцау, куы никæмæн ницы кодтон, уæд мæ ацы хъизæмарæй цæмæ марыс?

Уæд Бовайæн йæ кард йæ разма æрхаудис. Бова уый куы ауыдта, уæд тынг ныццин кодта, кард йæ хъæбысы бакодта æмæ бонмæ дзæбæх бафынæй. Райсомæй йæ хъуамæ сауыгътаиккой. Дуар куы байгом, уæд Бова фестад, хъахъхъæнджытыл йæхи ныццавта æмæ сæ амардта. Бова бацыдис Султанмæ, уый дæр йæ астæуыл дыууæ дихыл ахауын кодта. Султаны адæм тынг фæтарстысты æмæ йын дуарттæ фегом кодтой. Фæстаг дуаргæс æм дзуры:

– Дæ бæх æмæ дæ арц дæр ам сты.

Бова йæ бæх бæхдонæй ракодта, уæдмæ йын дуаргæс йæ арц дæр радавта. Бова йæ бæхыл абадт, æмæ рараст Ботасæй йæ маст исынмæ. Цæуынтæ байдыдта æмæ бахæццæ иу æнæдон быдырмæ. Кæсы, æмæ

та уыцы ус æрбацæуы йæ къæртатимæ. Бова йæм бæх фæцарæзта æмæ йæм дзуры:

– Мæнæ хингæнæг, адон мын иууылдæр дæ куыстытæ сты.

Æмæ йæм кард фелвæста. Ус йæхи зæххыл аппæрста æмæ йæм дзуры:

– Ма мæ амар æмæ дын феххуыс кæндзынæн, цæмæй Земфирæ дæхи бауа.

Уæд Бова бæхæй æргæпп ласта:

– Цæмæй зоныс Земфирæйы æмæ кæм ис?

Уæд хингæнæг ус æрбадын кодта Бовайы æмæ йын райдыдта дзурын:

– Ды гæххæтт куы ахастай, уæд Ботас зыдта, кæй нал раздæхдзынæ, уый, æмæ Султаны æмæ усы бакодта ахæстоны, æмæ Земфирæйы та йæхицæн усæн акодта, фæлæ Земфирæ ком нæ дæтты, уый дæумæ æнхъæлмæ кæсы. Ботасæй бар райста, цæмæй йын æхца ратта, горæты мæгуыртæн Бовайы рухсаджы тыххæй æхца байуара, æмæ сæ уары. Æхца уæрст куы фæуа, уæд ын срæзы уыдзæн.

Горæты мæгуыртæ алы бон цæуынц, æмæ сын Земфирæ дæр æхца уары. Ды дæр бацу, æз дын ратдзынæн хос, дæ кардыл дзы куы æркалай, уæд дын къæдз лæдзæг фестдзæн, дæхиуыл æй куы æркалай, уæд зæронд лæг фестдзынæ, дæ бæх та гæбæр хæрæг фестдзæн. Уæд-иу дзы Бовайы цæрæнбон зæгъ. Уый Земфирæ куы фехъуса, уæд бауадзыг уыдзæн. Адæм лæбурдзысты, фæлæ-иу ды æнцад лæуу. Чысыл рæстæджы фæстæ Земфирæ йæхимæ æрцæудзæн, мидæмæ дæ бахондзæн. Уым ма уыдзæн æххуырст чызджытæ, æмæ йын-иу уыдоны дæр арвитын кæн.

Уæд Бова уырдыгæй рараст кодта æмæ иуафон Ботасы зæххытæм бахæццæ. Уым иу къудзиты бын æрбадтис, йæ дзаумæттæ уым раласта æмæ донæй йæхиуыл æркалдта, æмæ зæронд лæджы хуызæн фестади, бызгъуырты, йæ кард та – къæдз лæдзæг, йæ бæх та гæбæр хæрæджы хуызæн фестади. Йæ арц æмæ йæ дзаумæттæ уым бамбæхста æмæ араст паддзах Ботасы галуанмæ. Дуаргæсæн загъта, цæмæй йæ бауадза мидæмæ Бовайы рухсаджы тыххæй. Уыдон ыл ахудтысты, стæй йæ бауагътой. Бова бацыдис Земфирæмæ, уым уыдис бирæ мæгуыр адæм. Æмæ-иу алчидæр Бовайæн рухсаг загъта, æмæ-иу сын Земфирæ æхца сæ къухты авæрдта. Уæд Бова дæр бацыдис æмæ йæ къух бадаргъ кодта. Стæй загъта Бовайы цæрæнбоны тыххæй. Земфирæ уый куы фехъуыста, уæд бауадзыг. Йæ фæсдзæуинтæ æрбамбырд сты æмæ йыл дон калынц. Иннæтæ та Бовайы æддæмæ ластой, фæлæ уый йæ

бынатæй змæлын нæ бакуымдта. Бова кæд зæронд лæджы хуызæн уыдис, уæддæр йæ хъару йæхимæ уыд, æмæ æнхъæлмæ кастис Земфирæйы æрчъицынмæ. Уæдмæ Земфирæ йæхимæ æрцыдис æмæ Бовайы бацагуырдта. Бовайы йæм куы бахуыдтой, уæд уый кæугæ кодта, æмæ Земфирæ йæ фæсдзæуинтæм тынг фæхыл кодта, æнæ аххос зæронд лæджы кæй бафхæрдтой, уый тыххæй. Стæй уæд фæрсын байдыдта:

– Бовайæн рухсаг нæ загътай, фæлæ цæрæнбон.

Уæд Бова ницы дзуры, фæлæ загъта, адоны дæр цæмæй арвита. Фæсдзæуинты куы рарвыстой, уæд Бова загъта, цæмæй дуар дæр сæхгæна. Земфирæ дзы тæрсгæ дæр кодта, фæлæ уæддæр дуар сæхгæдта æмæ хъусын райдыдта зæронд лæгмæ. Зæронд лæг дзурын байдыдта, Бовайы арæх кæй уыны. Уæд Земфирæ дзуры лæгмæ:

– Фыстæг дын ныффысдзынæн, æмæ йæм æй фæхæццæ кæндзынæ?

Зæронд лæг фидар дзуапп радта, райсом кæй фæхæццæ кæндзæн фыстæг. Уæд ын Земфирæ йæ дзыппы æхца авæрдта æмæ йын загъта, кæд Бова æгас разына, уæд æй тынг кæй схъæздыг кæндзæн. Уый фæстæ зæронд лæджы афæндараст кодта, йæхæдæг йæхиуыл дуæрттæ сæхгæдта æмæ æхсæв иу цъынд дæр нæ бакодта. Хур куы æрбакастис, уæд йæ зонгуытыл æрлæууыдис æмæ кувын байдыдта Хуыцаумæ, стæй Уастырджимæ, цæмæй Бовайæн æххуысгæнæг уой, кæд æгас у, уæд. Хурты хурзарин, ды та дæ хъармæй Бовайы батав æмæ йын йæ хъаруйыл хъару бафтау.

Куывд куы фæцис, уæд чидæр дуар æрбахоста, зæронд лæг бахызти æмæ дзурын байдыдта. Уæдмæ йыл Земфирæ йæхи ныццавта кæугæйæ æмæ йæ фæрсы:

– Дарддæр ма дзур, зæгъ мын, Бова æгас у æви нæ.

Уæд ын Бова фæтæригъæд кодта æмæ йæм дзуры, Бова мæхæдæг дæн, зæгъгæ. Уæд æм Земфирæ бирæ фæкастис æмæ йæхицæн загъта:

– Ай цыдæр æрра куы у.

Бова бамбæрста, чызг æй æрра кæй хоны. Уæд Бова йæхи хосæй ахсадта æмæ, раздæр цы уыдис, уый фестадис. Æмæ йын уæд фæдзырдта хабæрттæ. Фæстæмæ та йæхи донæй æрæхсадта æмæ зæронд лæг фестадис, æмæ йын загъта, цæмæй йын Земфирæ дидинджытæ бахæсса. Бова сыл дон æпырх кодта, æмæ йын загъта, цæмæй сæ паддзах Ботасмæ бахæсса, уый сæм куы басмуда, уæд бафынæй уыдзæн. Земфирæ афтæ бакодта. Ботас куы афынæй, уæд та Бова

йæхи ныхсадта, йæ кард æмæ йæ бæхыл дæр æркалдта дон, æмæ, цы уыдысты, уый фестадысты. Земфирæимæ бæхыл сбадтысты æмæ Ботасы адæммæ дзуры, Ботасмæ кæй æнхъæлмæ кæсдзæн быдыры, зæгъгæ. Ботас куы райхъал, уæд Земфирæйы агуры. Æмæ йын загъ-той, Бова йæ бæхыл кæй ахаста æмæ йæм быдыры кæй лæудзысты. Уæд Ботас фæхъæр кодта:

– Тагъд мæ бæх æмæ хæцæнгæрзтæ!

Бæх та ахæм уыдис: æрдæгæй размæ – лæг, уымæй фæстæмæ та – бæх. Ботас бæхыл абадтис æмæ сæ фæстæ цæуын байдыдта. Иуафон ныууыдта уисæй быд халагъуд æмæ бæхыл фæхъæр кодта:

– Тагъд тулдз бæлас расæтт æмæ йæ маргæ!

Уыцы ныхæстæм Бова фестад æмæ йæ кард фелвæста. Бæх баласæй Бовайы æрцæва, зæгъгæ, афтæ Бова йæ бынты агæпп ласта æмæ йыл абадтис, йæ хурхыл ын бахæцыдис. Уæд æм бæх дзуры:

– Ма мæ амар, æз дæр Ботасы ахæсты бахаудтæн æмæ дын ард хæрын, дæ фарсмæ кæй æрлæудзынæн!

Æмæ иумæ хæцын байдыдтой паддзахы ныхмæ. Уæдмæ иннæ паддзæхтæ дæр Ботасмæ æххуысмæ фæзындысты, æмæ бæх æмæ Бова радыгай хæцын байдыдтой. Иу сæ хæцгæ кодта, иннæ та Земфирæйы хъахъхъæдта. Фæлæ дын иубон Бова нал фæзындис. Бæх фенхъæлмæ кастис бон-изæрмæ, Земфирæйы хъахъхъæдта. Æхсæвы Земфирæйæн дыууæ фаззон лæппуйы райгуырдис. Бæх хуыссыдис халагъуды къ-æсæрыл, Земфирæ та халагъуды. Бæх кæсы, æмæ иу уæйыг æрбацæуы, йæ хъæлæсæй цæхæр кæлы. Бæх халагъуды дуар фидар сæхгæдта æмæ уæйыгимæ хæцын байдыдта. Æхсæв-бонмæ кæрæдзи дæндагæй æхсыдтой, æмæ бонæй дыууæйæ дæр амардысты. Земфирæ райсомæй дуар гом кæнынил архайы, æмæ йын нæ комы. Уæд хъæр кæны бæхмæ, фæлæ ницы. Уæд йæ тыхтæ æрбамбырд кодта æмæ дуар ратыдта. Уым сæ мардæй куы федта, уæд, дыууæ фаззоны йæ хъæбысы, афтæмæй иу хъæуы кæронмæ бахæццæ. Йæ фаззæтты зæххыл æрæвæрдта æмæ зæхх къахын байдыдта. Уæдмæ адæм дæр йæ цурты цæуын байдыд-той æмæ йын æххуыс кодтой. Афтæмæй иу къуым сарæзта. Авд азы рацыдис. Авд азы Бовайæ хабар нæ уыдис. Бова авд азы фæхæцыдис авд паддзахимæ æмæ сæ басаста, æрбацыдис сæ цæрæн бынатмæ æмæ дзы никæй баййæфта, æмæ уый дæр уыцы хъæумæ æрбацыдис. Кусын дзы байдыдта.

Уæд иубон лæппутæ хабар фехъуыстой æмæ йæ сæ мадæн радзырдтой. Мады нæ бауырныдта, фæлæ уæддæр ацыдис æмæ йæ базыдта Бовайы. Фæлæ йæм хæстæг нæ бацыдис, мыййаг мыл куынæуал барвæсса, зæгъгæ. Йæ лæппуты арæвдз кодта æмæ сæ кæрæдзийы къухтыл хæцгæ арвыста сæ фыдмæ. Уыдон паддзахы галуанмæ куы бахæццæ сты, уæд дуаргæсмæ дзурынц, мидæмæ нæ бауадз, зæгъгæ. Æмæ сыл уый схъæр кодта, цæугæут, къулбадджытæ, уæ хæдзармæ, зæгъгæ. Уæд уыдон рудзынджы разæй æмхъæр ныккодтой, Бова, зæгъгæ. Сæ хъæрæй хæдзар базмæлыдис. Уæд Бова бынмæ æрцыдис æмæ дуаргæсы фæрсы, уый, дам, чи хъæр кодта. Уый ын загъта, дыууæ æнахъом лæппуйы, зæгъгæ. Уæд сæм Бова дзуры:

– Мидæмæ-ма рацæут.

Лæппутæ куы бацыдысты, уæд сæ Бова фæрсы:

– Чи стут? Кæй лæппутæ стут?

Лæппутæ радзырдтой, Бовайы фырттæ кæй сты, уый, хъæуы кæрон сын ис гыццыл хæдзар, дыууæ карчы дæр сæм ис. Сæ мад кусы æххуырстæй. Бова уыдæттæ куы фехъуыста, уæд файтон æифтындзын кодта æмæ фæраст ис Земфирæмæ. Йæ дыууæ фырты дæр – йемæ. Хæдзармæ куы бахæццæ сты, уæд лæппутæ сæ кæрчытæ ахсынмæ фесты, аргæвдæм, дам сæ. Бова æмæ Земфирæ кæрæдзиуыл фæцинтæ кодтой, стæй галуанмæ рацыдысты. Кæд иумæ хъæздыг æмæ амондджынæй цардысты, уæддæр Бовайæн йæ зæрдæ цавæрдæр маст сыгъта. Æхсæвæй-бонæй æнкъард кодта. Земфирæ йæ иубон фæрсы:

– Нæ цард хорз куы цæуы, уæд афтæ æнкъард цæмæн дæ?

Уæд æм Бова бакаст æмæ йæм фæлмæн бахудтис, стæй йын загъта:

– Хорз, æз дын радзурдзынæн æппæт дæр. Мæнæн ис туг исинаг, æмæ цалынмæ мæ фыды туг райсон, уæдмæ мæ маст не 'рцæудзæн. Ныр мæ райсоммæ балцмæ бацæттæ кæн, æмæ уырдыгæй куы æрыздæхон, уæд уыдзынæн хъæлдзæг æмæ мæхи хондзынæн æппæтæй амондджындæр.

Земфирæ йын сцæттæ кодта фæндагмæ алцытæ.

Бова бахæццæ æлдары галуанмæ, бахоста дуар. Дуаргæс æм куы ракасти, уæд ын Бова загъта:

– Уе 'лдарæн зæгъут, Бова йæм кæй фæзындис йæ фыды туг исынмæ æмæ йæм æнхъæлмæ кæсдзынæн.

Ælдарæн куы рахабар кодтой, уæд хорзау нал фацис, фæлæ йын æнæ цæугæ нæ уыдис. Йæхи арæвдз кодта æмæ араст. Ælдар Бовамæ куы бахæццæ, уæд хæцын байдыдтой. Мæнæ йæ Бова йæ арцы бырынкъыл систа æмæ йæ кардæй æртæ дихы фæкодта. Йæ бæхы фездæхта æмæ араст ис йæ мадæй дæр йæ фыды туг райсынмæ, фæлæ йæм куы бакасти, уæд æм йæ къух нал батасыди æмæ йын загъта, мады ном хæссыны аккаг кæй нæу, уый. Уырдыгæй бацыдис Сабазы бинонтæм æмæ кæрæдзиуыл бирæ фæцинтæ кодтой, йæ кæнгæ хойæн фæхъæбыстæ кодта æмæ сæ йемæ аласта.

Абон дæр ма иууылдæр иумæ амондджынæй цæрынц.

*Радзырдта сæ Едзиты Адокка,*
*ныффыста сæ йе ’рвад Андрей (Тымыгъ)*

## ИРОН ЗОНДЫ АВНАЛÆНТÆ

# ХУЫЦАУЫ УАЗÆГ УТ!

*Æвæццæгæн æмæ царды иу ахæм къабаз, иу лыстæг фæзилæн дæр нал баззад, фыдæлты цæхæрцæст зонд цы нæ фæфиппайдта, цæй тыххæй не скодтой сæ хатдзæг. Æмæ йæ сæ фæстагæттæн ныууагътой æлхъывд ныхæстæй æмбисæндтæ æмæ чысыл таурæгъты хуызы.*

*Æмæ нæ дугты сæрты дæр уыдон дисы 'фтауынц, хуыздæр зонд ныл тауынц, зæрдæбынæй хъусынмæ ма сæм куы арæхсиккам, уæд...*

*Иу хатт ма йæ зæгъын: Гуытъиаты Хъазыбеджы æмбырдгонд æмбисæндтæ дæр æмæ Байаты Гаппойы, Айларты Измаилы, стæй ма нæм дзы цы ис мыхуыргондæй, уыдон иууылдæр бæргæ сты биноныг кæнинаг æмæ бæстонæй цæсты ахадгæ чиныгæй рауадзинаг абоны æмæ фидæны фæлтæрты ирон адæймагæй цæрайы сæраппонд. Тæхуды, тæхуды...*

*Абон та æз «Ирон æмбисæндты» æмбырдгондæй фæстаг хатт пайда кæнын æмæ ма кæд япойнаг зонды авналæнты 'вдисæнтæ 'рхæссон. Уый та уымæн, æмæ мæ кæддæр стыр дисы бафтыдтой сæ мидцарды æгъдæуттæ – ирон царды уаг, æфсарм æмæ фæткæн æнахуыр хæстæг уыдысты. Кастæн сæ В.Я.Цветовы чингуыты – «Ветка сакуры» æмæ «Корни дуба»-йы – кæд нæ радийын, уæд.*

*Нæ зæххон дуне дæр, дам, æвæгæс нæу, æнæ аудæг, æнæ хицау. Æмæ йæ ном та нæ фæдзæхсæгæн у Хуыцау.*

*Гъемæ ранымайæм, Хуыцауимæ баст æмбисæндтæ æмæ дзырдбæстытæй иукъорд. Йæхæдæг дзырд «Хуыцау» куыд равзæрд, уый тыххæй бакæсæн ис Абайты Васойы «Дзырдуаты» 4-æм томы 255 фарсыл.*

*Æз дзы нæ фæлæууыдтæн уырдыгæй цалдæр дзырдбастмæ æнæ 'рхæсгæ...*

# НÆХИ ХУЫЦАУ

Хуыцауы арфæ; Хуыцауы фæдзæхст; Хуыцау ме 'вдисæн; Хуыцауы хорзæх; Хуыцауы фæндæй; Хуыцауы æлгъыст…

Мæхи «хардзæй» ма сæм æфтауын: Хуыцауы налат; Хуыцауы сфæлдыст-сконд; Хуыцауы лæвар; Хуыцауы зæрдыл хорзæй лæуу…

Мæ зæрдыл æрбалæууыд иу хабар – кæддæрты мын æй дзырдта Борыхъуаты Елдзарыхъойы бинойнаг, Елæмырзæ, Хъазыбег æмæ Эльбрусы мад, чызгæй та Бæтæгатæй, – зилгæйæгтæ се ’ппæт дæр:

– Чындзхасты ме ’мгар чындздзон чызджытимæ лæууын. Æмæ цæмæйдæр тыхсын, цыдæр мæ удæнцой нæ уадзы. Кæй бафæрсон, цы уа, цы хабар уа, зæгъгæ, йæ бæлвырд ын куынæ хатын мæ удхарæн, уæд. Стæй хъавгæ-хъуызгæ мæ цæстытæ нæ ныхмæ лæууæг усгур лæппутыл ахастон æмæ – фестъæлфыдтæн: Борыхъуаты гуырд мæ йæ цъæх цæстыты зынгæй судзы, хуынкъ мæ кæны – Дзагко-Елдзарыхъо… Æмæ йæ мæ зæрдæ базыдта æмæ мæм фæдисонæй сдзырдта: «Уартæ ис дæ Хуыцауы лæвар, нал фæсаджил уыдзæн æндæрмæ дæ фæндаг, уый фыццаг кæндзынæ!..»

Æндæр хатт та дзырдбаст «Хуыцауы лæвар» Хазбийы зарæджы фехъуыстон – мæ фыдыфсымæр Хадзы-Умар æй зарыд (уыцы вариант, æнхъæлдæн, мыхуыргонд никуы уыд цензурæйы домæнтæм гæсгæ):

*Ой, Нана, дысон, дам, цымæ нæ кæртмæ*
*дыуузæ ’хсинæджы ’ртахтис*
*Æмæ кæрæдзи пакъуы æнæвгъау куы тыдтой.*
*Уæд мын уыцы фын та цы амоны, Нана?*
*Ой, мæ иунæг, мæ мæгуыр, мæ хъæбатыр Хазби,*
*Нана дын дæ рынтæ ахæра.*
*Уый дыууæ ’хсинæджы куы не сты,*
*дыууæ ’хсинæджы,*
*Фæлæ дæ мардæй дæ Хуыцауы лæвар*
*æмæ дæ иунæг хо*
*Кæрæдзи дзыккутæ бындзыггай куы тондзысты!*

О, кæддæрты та хылы-мылытæй цыдæртæ фыстон – хуыздæр уæдæ кæд Цæлартæнаты Ханджери арæхсы – æмæ Хуыцауæй «нæхи ирон Хуыцау» загътон, æмæ йын цыма нæ фæхъыг, афтæ мæм дзуры мæ сонт зæрдæ. Уымæн мæм афтæ дзурдзæн, æмæ табугæнæг, кувæг адæмтæн ныхæстæ куы уæрста, уæд дзы сæ тæккæ кæрдагдæртæ æмæ дзадджджындæртæ, сæ тæккæ аивдæртæ æмæ зæрдæйы арфæй цæуджытæ ирон адæмы хай бакодта – æндæра къорд кавказаг адæмты цындзинæдты дæр бамбæлдтæн æмæ уымæн афтæ уæндонæй зæгъын…

Æцæг ма Йæ цæстуарзон хъулон хайы аккаг куы уаиккам æмæ нæ уды зæрдæ, нæ зæрдæйы уд, нæ ирон ном æмæ туг – нæ табуйаг æвзагыл – бæзджын хъуына хæцын, сындзджын пыхсыты бын фæкæнын æй куынæ бауадзиккам, Хуыцауы зæрдæ ныл цæмæй ма фæхуда, афтæ!..

*Хуыцауы уазæг ут!*
*Уазæг – Хуыцауы уазæг.*
*Æнæ Хуыцау цæрæн нæй.*

Цардыстæм, уæллæй-биллæй, бауагътам суанг нæ рухс кувæндæттæй дæр хынджылæг кæнын, аргъуантæ-мæзджыттæ халын, æмæ уæд дæлимон йæ худ фыр цинæй хæрдмæ ’ппæрста…

*Хуыцауы хай дæ куынæ сафа, уæд æдас дæ.*
*Хуыцау, фыдбылызæй нæ бахиз!*
*Хуыцауы ’вастæй мацы зæгъ.*
*Хуыцауæн йæ хорзæй куыд бузныг стæм, йæ фыдæй дæр ын афтæ бузныг хъæуы.*

Ацы фæдзæхст мæм уæлдай хъуыдыйаг кæсы, ноджы ма ногæй-ногмæ иннæ æмбисонд дæр куы ’рымысон, уæд:

*Хуыцауы ракond Хуыцауы сой у.*

Стæй та мæнæ æцæг бæллиццаг царды арфæ:

*Хуыцау нæ удæгасæй ма амарæд!*

Ома, дам, æнæныфс лæг æнæныгæд мард у. Стæй ма фыдæлтæй ахæм арфæ дæр баззад, æмæ, дам, фыдгулы хæдзарæй дæр æгады мард ма рахæссæнт …

Ноджы ма рохуаты цы алæмæты ныхæстæ баззадысты, цы æвæджиауы арф хъуыдыджын:

*Хуыцау! Цардудæй мæ сæрæргæвстæй ма фæцæрын кæн!*

Æнæкæрон бирæ сты Хуыцауы хорзæхимæ баст ирон арфæтæ дæр:

*Хуыцау дын æй царды хос фæкæнæд!*

Есо Чырысти хæрæгыл бадгæйæ кæй цыд, уыйадыл баззадаид, цымæ, ахæм зондæвронггæнæг ныхас:

*Хуыцау тагъд нæ кæны.*
Иннæрдыгæй та афтæ:

*Хуыцаумæ згæ ницы кæны.*
*Хуыцау тæразæй бары.*

Йæхицæн рæстæй аргъгæнæг-тæрхонгæнæг лæг загътаид мæнæ ахæм ныхæстæ, æндæр уæдæ чи:

*Хуыцауы хуыздæр истæмæн куы хъæуон, уæд мæ нæ уыны?..*
Уымæн, æмæ, дам:
*Хуыцауы цы фæнда, уый уыдзæн.*

Науæд, дам, лæг фæндтæ куы фæкæны, йæ фидæны нывтæ куы фæкæрды Уый æвастæй, уæд, дам, Хуыцауыл худæг бахæцы. Æмæ хорз загътой уый тыххæй уырыс дæр, зæгъгæ, *человек полагает, а Бог располагает.*

*Хуыцау – уынæг, зæхх – æвдисæн.*

Гъемæ, дам, Калак дæр иу масты аргъ нæу, æмæ нæ Хуыцау, гæнæн æмæ амалæй, фылдæр бонты æнæ мастæй уадзæд. Мастгæнæгæн та йæ фыдæх – йæхи…

*Цацæг фæдзырдтон, хорз адæм, уацæг мæ къона.*

*Егар*

# ФЫДÆЛТЫ ХÆЗНА

*ЧЕДЖЕМТЫ Геор*

Уац

Рагон заманты дæр скифтæн уыди сæхи сусæг дуне: æддагоны цæст кæдæм нæ хæццæ кодта, сæ сыхæгтæ дæр æххæстæй кæй нæ бамбæрстой, ахæм дуне.

Кæддæр сæм Персы æфсæдтæ куы бабырстой, уæд сын скифтæ сæ паддзах Дарийæн барвыстой «хуыны» лæвæрттæ: цъиу, мыст, хæфс æмæ фондз фаты. Адон цы амонынц, зæгъгæ, персайнæгтæ куы бафарстой, уæд сын «хуынхæссæг» загъта: «Кæд æрхъуыдыджын разынат, уæд æй уæхæдæг бамбардзыстут, мæн та æвæстиатæй фæстæмæ аздæхын хъæуы!»

Бирæ рахъуыды-бахъуыдыйы фæстæ Дарий æрцыд ахæм хатдзæгмæ: мыст цæры зæххы, хæфс – доны, æмæ мын сæ зæхх дæр æмæ дон дæр дæттынц, фондз фаты та амонынц сæ хæстон тых, æмæ мын уый дæр æвæрынц мæ разы. Фæлæ Дарийы уынаффæгæнджытæй иу – Гобри йæ ном – афтæ райхæлдта скифаг «лæвæртты» нысан: «Кæд æмæ сымах, персайнæгтæ, цъиутæ фестгæйæ, уæлæрвтæм нæ фæтæхат, кæнæ зæххы хуыккæмтты мыстытау нæ бамбæхсат, кæнæ, хæфсытæ фестгæйæ, цадтæм нæ ныггæпп кæнат, уæд нал аздæхдзыстут фæстæмæ, нæ фæтты амæттаг фæуыдзыстут».

Иу рæстæг та æнæнымæц персайнæгтæ æмæ скифтæ ныхæй-ныхмæ æрлæууыдысты хæстæввонгæй. Уалынмæ скифаг барджыты æхсæнæй тæрхъус агæпп ласта, æмæ йæ скифтæ, хъæргæнгæ, расур-басур байдыдтой. Уый цавæр уынæр уа, зæгъгæ, Дарий куы бафарста, уæд ын рахабарчындæуыд: не знæгтæ, дам, тæрхъус расур-басур кæнынц. Уæд Дарий афтæ зæгъы: «Ацы адæм нæ мурмæ дæр нæ дарынц... Æмæ нæ æрсагъæс кæнын хъæуы фæстæмæ дзæбæхæй аздæхыныл».

Кæй зæгъын æй хъæуы, Персы паддзах Дарий, стæй йæ уынаффæгæнджытæ скифты дунеæмбарынад хуыздæр куы зыдтаиккой, уæд зын рахатæн нæ уыди скифаг барджыты фæдис. Хабар та уый мидæг уыд, æмæ скифтæм (стæй сæ фæстаггæттæ ирæттæм дæр) тæрхъус нымад уыди фыдæмбæлæгыл, æмæ йæ скифаг стæронтæ хъавыдысты арцы фындзыл фелвасынмæ. Лæгæн-иу стыр балцы размæ æрмæст

йæ зæрдыл куы ‘рбалæууыдаид тæрхъус, уæддæр нæ фæуыдаид рæствæндаг. Афтæ хъуыды кодтой нæ рагфыдæлтæ.

Уæвгæ уыцы æмбарынад уыди уырысы фыдæлтæм дæр (чи зоны, æмæ сæм скифтæй фæхæццæ). Историйы зындгонд у ахæм цау: Александр Пушкин декабристты сыстады архайыны тыххæй рараст Михайловскæй, фæлæ йæ развæндагыл æрбасæррæтт кодта тæрхъус, æмæ поэт фыдвæндаг фæуыны тасæй аздæхт фæстæмæ.

Уæдæ скифтæ уæззау тохы размæ æнæнымæц бирæ персайнæгты мурмæ дæр нæ дардтой, зæгъгæ, уый бынтон афтæ нæ уыд. Растдæр зæгъгæйæ та, бынтондæр афтæ нæ уыд: скифаг стæронты æддæг-мидæг ауайын кодта фыдæмбæлæг тæрхъус, фæлæ æгайтдæр ма Дарийы сагъæсыл бафтыдта уыцы «тæрхъусвæдис», æмæ фæстæмæ аздæхыны къахыл ныллæууыд...

Бирæ сусæгдзинæдтæ ахастой семæ нæ рагон фыдæлтæ, куыд фæзæгъынц, Ауугæтты дунемæ. Ахуыргæндтæ ма бæргæ архайынц скифты сусæгдзинæдтæ рафæлгъауыныл, сæ зондахасты хиæдтæ бамбарыныл, фæлæ уый æдзухæй къухы кæм æфты. Уæлдай фылдæр «базон-базонтыл» ахуыргæндтæ æмбæлынц скифты аивадон æмбисонды хæзнатæ иртасгæйæ.

123 фарсыл цы аивадон хæзнайы ныв уынут (Скифаг зæрингуырды куыст), уый дæр хауы скифаг «базон-базонтæм». Уæвгæ, ахуыргæндтæм, аивадиртасджытæм æндæр хъуыдытæ ис уый тыххæй, æмæ, æвæццæгæн, растдæр уыдзæн, иучысыл уал куы базонгæ уаиккам уыцы иртасæн æрмæджытимæ, уæд.

Фыццаджыдæр уал уый зæгъинаг дæн, æмæ ацы аивадон хæзна æгас дунейыл дæр хъуыстгонд кæй у. Аргæ та йæ скодтой Цæгат Кавказы, 1909 азы археолог Н.И. Веселовскийы разамындæй скифаг обау куы ракъахтой, уæд. Нывонд уæрдоны хъилыл сагъд кæй уыди, уымæ гæсгæ йæ уырыссагау хонынц «навершие». Ахуыргæндтæ куыд зæгъынц, афтæмæй арæзт æрцыди мах эрæйы размæ фæндзæм æнусы.

Дыккаджы та уый хъуамæ зæгъон, **æмæ ацы хæрзвидыц аивадон хæзна цы нысан кæны, рагон зæрингуырд** (растдæр зæгъгæйæ, æрхуыгуырд) **цавæр цæрæгойы фæлгонц саразта, ууыл æппæт дунейы скифологтæй иу дæр, æвæццæгæн, дызæрдыг нал кæны**. Кæмдæриддæр сæмбæлдтæн ацы хæзнайы репродукцитыл (уырыссаг, украинаг, немыцаг, англисаг чингуыты), алы ран дæр æй хонынц тугдзых маргъы сæр. Цæвиттоны æвдисæндарæн дзы æркæсæм иу-цалдæрмæ.

1974 азы чиныгуадзæн «Аврора» джиппы рауагъта бæрæг-бонвæлыст альбомы хуызы Паддзахадон Эрмитажы аивадон хæзнатæ. Чиныг мыхуыргонд у англисаг æмæ уырыссаг æвзæгтыл. Наукон редактор ын у хъуыстгонд скифолог, профессор М.И. Артамонов. Æнæхъæн фарсыл дзы рæсугъд мыхуыргонд æрцыди, ныртæккæ ныхас кæуыл цæуы, уыцы скифаг æрхуыгуырды уацмыс. Æмæ йæ афтæ æмбарын кæнынц аивадиртасæг ахуыргæндтæ: «Навершие – массивная фигурная пластина **в виде птичьей головы**. Она завершается **изогнутым клювом**, конец которого замыкается в спираль. У нижнего края пластины помещен выпуклый **человеческий глаз**; над ним и посередине навершия – рельефные маленькие стилизованные птичьи головки...»

1985 азы фæззæджы журнал «Знание – сила» ныммыхуыр кодта, цæстуынгæ æрмæджытæй хъæздыг чи уыд, ахæм стыр уац скифты тыххæй. Ис дзы нæ зонгæ уацмысы ныв дæр, æмæ йæ скифолог Еленæ Кузьмина хоны «Голова грифона».

Иугонд Нациты Организаци 15 æвзагыл цы æрвылмæйон журнал «Курьер ЮНЕСКО» уадзы, уыдонæй иу номыр æгасæйдæр уыди скифты тыххæй (1977 азы тъæнджы мæй). Ирон чиныгкæсæг ма йæ хорз хъуыды кæны – мыхуыргонд дзы æрцыди Абайты Васойы уац «Скифы и осетины» дæр. О, æмæ та ацы журналы дæр фенæн ис нæ иртасинаг аивадон-культон хæзнайы репродукци. Цымыдисаг у, зæххы цъары алы дзыллæтæм ацы уацмыс цы хуызы фæхæццæ, журнал «Курьер ЮНЕСКО» йæ милуангай кæсджытæм цы хуызы бавдыста, уый базонын. Журналы 22-æм фарсыл кæсæм: «**Бронзовая голова хищной птицы** (VI-V вв. до н.э.), найденная на Кубани, была некогда навершием на обрядовом шесте...»

Ранымайæн ма уаид дæсгай чингуытæ æмæ журналтæ, фæлæ нæ иртасинаг уацмысы тыххæй ногæй ницыуал базондзыстæм: чи йæ «грифоны сæр» хоны, чи – «тугдзых маргъы сæр», чи та хуымæтæгдæр – «цъиуы сæр».

Раст зæгъын хъæуы, мæнмæ дæр райдианы хъæрццыгъайы сæры хуызæн фæкаст скифаг æрхуыгуырды арæзт фæлгонц: цыма рагон нывгæнæг «тугдзых маргъы» æндон бырынкъ тынгдæр æрзылдта, аивадон стилизацийы æгъдæуттæм гæсгæ йæ зиллакк зылд ныккодта... Бырынчъы райдианмæ хæстæг маргъы цæст «йæхи» ныййирд ласта æмæ цыракæнонхуызæй кæсы дунемæ... Фæлæ маргъы сæрыл (раст-

дæр зæгъгæйæ – йæ хъуырыл) цы дынджыр цæст ис (ахуыргæндтæ йæ «человеческий глаз» хонынц), уый уæззау кастæй ме уæнджы цыдæр мигъ бадти: цæмæн ма бахъуыд рагон æрхуыгуырды цъиуы сæрыл адæймаджы цæст аразын? Цавæр бастдзинад ын ис «тугдзых маргъы» фæлгонцимæ? Цы сусæгдзинад ын бавæрдта йæ мидæг скифаг æрхуыгуырд?

Ацы фарстытæн зæрдæзæгъгæ дзуапп ссарын мæ бон нæ уыд, æмæ фæлмæцыдтæн мæхинымæр. Иузаман, хурздæхæн афоны медитацион фæлварæнтæ кæнгæйæ, мæ размæ райхæлд скифаг æрхуыгуырды рагон сусæгдзинад. Ныр ног хуызы федтон нæ рагфыдæлты куырдаивадон (ювелирон) уацмыс, æмæ дзы «тугдзых маргъæн» йæ кой, йæ хъæр дæр нæ разынд. Рагон æрмдæсны æрхуы æмæ къалайы æмтадæй (бронзæйæ) сарæзта... саджы сæр. Сæрджын саджы сæр! Уæдæ дзæнгæрæджы раз (кæс нывмæ) дынджыр цæст дæр «человеческий глаз» нæ разынд, фæлæ – саджы хъоппæг цæст. Уæд цæсты сæрмæ тигъгæрæттыл уыдон та цытæ сты? Аивадиртасæг ахуыргæндты хъуыдымæ гæсгæ, уыдон та сты «маленькие птичьи головки» (Скифы. Путеводитель по выставке. Л., 1981, 30 ф.).

Скифологты ацы хъуыдыимæ дæр сразы уæвæн нæй, фæлæ ма фæстæдæр йæ рады раздæхдзыстæм ацы фарстмæ. Ныр та уал иучысыл афæлгæсæм нæ рагфыдæлты дунейыл.

Нæ фыдæлтæм кадджын уыди сæрджын саг. Æфсатийæн нывондæн кæй хастой, буцдаринаг уазæджы кæмæй хынцтой, уый уыди сæрджын саг. Ныхасæн баззад: «Сæрджын саг дын рамардтон».

Фæлæ ма сæрджын саг кадджын уыд æндæр хъуыддаджы тыххæй дæр. Йæ сæрыкъуыдыр ын æвæрдтой кауы михтыл, уæтæры хъилтыл, хæдзары фисыныл, зæппадзы цъуппыл. Нæ рагфыдæл æууæндыд, сæрджын саджы хъаболæ йæ кæй бахиздзæн фыд-иблистæй, хæйрæджытæй, æрдзы фыдазартæй. Гъе, йæ аивадон фæлгонц дæр ын уымæн арæзтой скифаг æрхуыгуырдтæ æмæ зæрингуырдтæ. Ноджы ма иу диссаг: цæмæй сæрджын саджы фæлгонцы бархъомыс цалдæр хатты тыхджындæр фæуа, уый тыххæй-иу æрхуыгуырд сарæзта цалдæр саджы сæры (æрмæст къаннæджытæ!) æмæ сæ-иу сæрджын саджы сæры фæхстыл бандæгъта. Уæдæ-ма ногæй æркæсут куырдаивадон хæзнайы нывмæ: саджы хъоппæг цæсты сæрмæ цы зиллакк фæлгонцтæ ис, уыдон «чысыл цъиуы сæртæ», мыййаг, не сты,

фæлæ сты **фæлхатгонд саджы сæртæ** (банымадтон дзы фондз), иу та дзы æрхуыгуырд сарæзта астæуæй. Астæуккаг **сæрджынсаджы цæст** ахæм ран æвæрд рауад, æмæ фæлгонц æгасæй дæр райста хъæрццыгъайы æнгæс миниуджытæ. Гъе уыцы æнгæсдзинад йæ фæдыл асайдта скифологты, æмæ æрцыдисты мæнг хатдзæгмæ: «Навершие в виде головы хищной птицы» (А.М. Хазанов. Золото скифов. М., 1975, 38 ф.).

Астæуæй цы саджы сæры схематикон фæлгонц ис, уымæ ахуыргæндтæ лæмбынæгдæр куы 'ркастаиккой, уæд æнæмæнг цæсты сæрмæ бафиппайдтаиккой... саджы хъус. Куыд зонæм, афтæмæй уаритæн, цæргæстæн, хъæрццыгъатæн, цъиусуртæн хъустæ нæй, æмæ рагон æрхуыгуырды «хивæнд митыл» æрсагъæсгæнæн уыдаид. Сагъæс æмæ хъуыдыйы фæндаг та иртасæджы фылдæрхатт æрхоны æцæгдзинадмæ.

Ацы ран ма мæ цалдæр ныхасы зæгъын фæнды, нæ иртасинаг хæзнайы бæстастæу цы цæрæгойы ныв ис, уый тыххæй. Йæ сæры фæлгонцмæ йын лæмбынæг куы 'ркæсæм, уæд бæлвырдæй фендзыстæм сæрджын саджы реалистон ныв. Фæлæ мингай азты сæрты кæсгæйæ, нывгæнæджы зæрдæйæ æнкъарын скифаг æрхуыгуырды – мæ рагон фыдæлы: сæрджын саджы парахат сыкъатæ æмæ егъау гуыр кæм



сарæзтаид, уыйбæрц фæзуат нал баззад йæ уацмысы быдыры. Æмæ нæртон сæрджын сагæн сарæзта... нарæгастæу сæгуыты гуыр æмæ сæгъы сыкъа. Ноджы ма саг-сæгуыты хъуырыл разынын кодта гыццыл сæрджын саджы сæр: ома уадз æмæ куырдаивадон хæзнайæн фæфылдæр уа йæ культон-магион тых, йæ уæларвон бархъомыс...

Мæ ныхасы кæронбæттæнмæ хæстæг мæ фæнды цæстæнгас раздахын мæхи конд нывмæ. Мæ размæ, чи зоны, æгæр стыр хæс сæвæрдтон, фæлæ бафæлвæрдтон (цæстуынгæдæры тыххæй) нæ ир-

тасинаг хæзнайы равзæрды эволюцион райрæзт бавдисын: рагон скифаг нывгæнæг лæмбынæг фæкасти сæрджын саджы сæрмæ, йæ фидæны куыстæн дзы «райста», цæстæй размæ цы хай ис, уый. Аивадон стилизацийы бындурыл ын йæ зæбул хæмхудты характерон миниуæг фæтыхджындæр кодта, декоративон хахзилæнтæ йæм бахаста. Саджы сæры аивадон силуэт куы срæвдз и, уæд ма йæ цалдæр хатты сфæлхат кодта. Æндæр ныхасæй, сарæзта ма саджы схематикон гыццыл сæртæ æмæ сæ аивадон бæлвырд фæткыл равæрдта сæйраг фæлгонцыл. Æппынвæстаг ма йыл бафтыдта хъуытæзтæ-дзæнгæрджытæ, æмæ **фарны хæзна** сцæттæ ис. Фарны хæзна та уымæн зæгъын, æмæ-иу куырды къухæй цы хæзна рацыд, уымæн фылдæрхатт уыдис удрæсугъдгæнæн æмæ бæстæсыгъдæггæнæн нысаниуæг. Сыгъдæг та сæ кодта алы фыд-иблистæй, бæркадсур уплитæ æмæ хæйрæджытæй, зинтæ æмæ дзинкъуыртæй, хызта сæ зæххы кæлæнтæ æмæ арвы фыдæхæй...

Бирæ ныхæстæ ма ракæнæн уаид скифаг куырдаивадон уацмысы тыххæй – дзуринæгтæн кæрон бæрæг дæр нæй. Фæлæ ма мæ скæнын фæнды дыууæ фиппаинаджы.



Фыццаг. Кæй зæгъын æй хъæуы, цыфæнды цæрæгойæн дæр исты ном æрхъуыдыгæнæн уаид. Ныр ныхас цы цæрæгойыл цыди (сæрджын сагыл), уый ирон мыхуыры куы «цæгатаг саг» рахонынц, куы та «тъæпæнсы саг», хатгай та йæ уырыссаг номæй – «лось». Фæлæ ирон æвзаг, æгайтдæрма, бавæрдта æмæ бахызта ацы нæртон саджы рагон

ном – **сæрджын саг**. Сæрджын саг та йæ цæмæн хуыдтой? Уымæн, æмæ «æнæуи» сагимæ абаргæйæ, йæ сæр у бæлвырд егъаудæр. Æмæ йæ нæ фыдæлтæ фыццаг хонгæ дæр афтæ кодтой: **стыр сæрджын саг**. Фæлæ йæ æнцондæр дзурыны тыххæй хонын байдыдтой цыбырдæр загъдæй – **сæрджынсаг**. Цæй æмæ йæ мах дæр хонæм нæ фыдæлтау йæ рагон, йæ нæртон номæй.

Дыккаг фиппаинаг. Фæстаг заманты, нæхи хуыздæр æмбарын куы байдыдтам, нæ дзыллæйы равзæрды уидæгтæ бæлвырддæр куы федтам, уæд арæхдæр æрымысæм нæ номдзыд фыдæлтæ – **скифты**. Фæлæ рагфыдæлты мысын æмæ сæ номы рухсмæ сагау сæрбæрзондæй фæлгæсын, цымæ, махæн фаг у абон? Нæй нæм, скифты цардыуаг æмæ тохы фæндæгтæ æвдыст кæм цæуынц, ахæм аивадон уацмыстæ, сценикон нывтæ, нæй нæм зонадон кусджытæ – скифологтæ. Ирон зæрдæйæ хуыздæр чи банкъардзæн нæ рагон фыдæлтæ – скифты цардыуаг, сæ дунеæмбарынад, сæ сусæгтæ, сæ диссæгтæ? Махæн та, хъыгагæн, нæ чиныгзонæг фæсивæды дæр ничи амидин кæны, ничи сæ разæнгард кæны нæ кадджын фыдæлты царды хабæрттæ æмæ уддзарды рухсытæ фенынмæ, скифты дунемæ цæуæг фæндæгтыл сæ ничи æфтауы.

Æмæ мæхинымæр арæх æрцæуын ахæм хъуыдымæ: номдзыд фыдæлты фæдон уæвын, сæ кады аккаг цардæй цæрын æнцон хъуыддаг нæу нæ ирон зæххыл...

# ИРОН ПРОЗÆЙЫ АНТОЛОГИ

## ХОХОЙТИ ЭНВЕР

(1956)

Поэт æмæ прозаик, дыууæ национ премийы лауреат – Джусойты Нафийы номыл (чиныг «Хеваст зæрдæ»), стæй Кулиев Хъайсыны номыл (чиныг «Хуарзæй байрайетæ! Фарнæ уæ хæдзари уæд!), Уæрæсейы Фысджыты цæдисы уæнг Хохойты Салафиры фырт Энвер райгуырд Ирæфы районы Сырх-Дыгуры хъæуы 1956 азы 25 майы. Скъола фæцис иттæг хорз бæрæггæнæнтимæ каст. 1977 азы сси ЦИПУ-ы филологон факультеты студент. Фæндзæм курсы ма куы ахуыр кодта, уæд кусын райдыдта Стыр-Дыгуры скъолайы уырысаг æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнæгæй.

1982 – 1998 азты куыста Мидхъуыддæгты министрады къабæзты. 1989 азæй 2004 азмæ лæвæрдта уырыссаг æвзаг æмæ литературæ кусæг фæсивæдæн 11-æм скъолайы. Фараст азы та уыд республикон адæмон газет «Дигорæ»-йы бæрнон секретарь.

Энвер фыццаг литературон уацмыс ныффыста, скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд, рацыд ын Дыгуры районы газет «Ленинец»-ы. Абон йæ уацмыстæ мыхуыргонд цæуынц Цæгат Ирыстоны æмæ Уæрæсейы литературон журналтæ æмæ газетты.

Энвер у 23 аивадон чиныджы автор. Ноджы ма йын бантыст къорд уырыссаг æмæ кавказаг поэттæ æмæ фысджыты уацмыстæ дыгурон диалектмæ ратæлмац кæнын дæр.

# БÆЛЦЦОН

*Мæрзауон Льянæн*

Мæ райдзаст зонгæ уат – пазургин цийнæй æмидзаг рæусæнтти сæхъун астъонæ. Зонун æй, æнæ мæнæй дæ тар æрхунæг гъигæ дардзæнæй. Къуру, æдзæрæгау уодзæнæ.

Цал анзи «дæ уод-мæ уодæй» фæццардан?! Мæ цийнæ, мæ рист, мæ рохс бæлдæ, сауæнгæ ма дæбæл мæ тæхсагæ фæсмон дæр некæд басосæг кодтон.

Изæригон дæмæ тæнæгавгæ, бæрзонд къæрæзгитæй нæуæгигурд къæлос, æхсирф мæйæ даргъ æвзестæ тунтæ парахатæй

итаудзæнæй, æ æйкуорс рохсдзийнадæ æ устур æстъалугин арф сарсийни лæуардзæнæй, тегъдзæнæй. Фиццагау бабæй ку æрфецауа бараггенæй, уæд ибæл, цит, æппун ма бадес кæнæ! Е дæр мæн агордзæнæй – развæлгъау æй зонæ! Корун ди, æма ин сабургай балæдæрун кæнæ: адæймаг кæдмæти цæра, уæдмæти тæхвад, æвæлмæцгæ бæлццон æй, æ исонбони хуæздæр хабæрттæмæ фенгъæлмæ кæсуй. Рæстæг, дан, æмгъудтæ нæ зонуй, хъаурæгин æй! Балци арæх, рохс амондхæссагæ, цийнитæ итауагæ фæууй. Еци зин æма рæсугъд, лигъз æма гургъахъ нæдтæбæл ранæхстæр унмæ исфæндæ кодтон æз дæр.

Фæскæркуасæнтæ, сæумæраги, мæн мæ æрвон хестæр хуæрæ, зингцæстæ Бонвæрнон, гъай-гъай дæр, агордзæнæй. Æ уарзти хабæрттæ мин кæнагæ фæууй. Æма уобæл дæр маци баримæхсæ.

Мæ кизгон æргъæу кири устур къумай дæгъæл мæбæл ескутемæй ку сæмбæлун кæнидæ. Уоми тъæпæнивæрд æнцæ мæ æрвон ирд изæлу, хори фæлмæн лæфинттæй уфт пъолциаг, кæмари æма Сослани Æндурæ – нарæг ронæ, уæдта сæрвасæн.

Мæ кизгон уат – мæ рæуæг сæнтти рауозæ-бауозæ, зурнæйзилд авдæнæ. Æвæдзи, еунæгæй æнкъард дæр кæндзæнæ? Корун ди, æма мæбæл дæ зæрдæ ма фæхходæд! Абонæй фæстæмæ дин, мæ бæсти тухст сахатти фенцойнæ æмбæлттæ уодзæнæнцæ къæлос мæйæ æма тæбар-тубургæнагæ Бонвæрнæ.

## РАСТ ГЪÆДÆ ДОН ФÆЛЛАСТА

Дæ цæуæти хестæр фурти имонауæй биццеу ке фæххонис, е бабæй æ катаййи еу бæрæг бунат ку нæбал еруй. Æ фиди райгурæн къæс – сабийдогон аргъæутти сæхъун авдæнæ, арф коми гулф донмæ хауæг тухст лæгæн, синдзи къотæрау, æ хуæздæр, фæстаг фæххуæцæн фæцæй... Ивазæги ’й ивазуй цъидигъдогон сæнттадæ гъар астъонæ. Æ къæлæт, мадзора бостæ авдæнæ – уоми: тугури уæгъдæ гæлстæй тауæг хъуæцæ æма фæлмæн, хуæрагæ æскъорæй еугур тархузæ райста. Гобийау фæкъкъуру æма къуæдти æй. Æ бæсти ибæл айдагъдæр ма цæрдæг «цауæйнæнттæ» — хæлауртæ банвæрстæнцæ. Уонæн си бараггенæй гупп цард бацъен æй. Еу адæймаг, дан,

инней рохс амонд æма тухст æнамонддзийнадæн рантæсуй аци уæлиуон дуйнемæ. Гъо, гъо, е æцæгæйдæр уотæ ’й.

Ниххæлхъойтæ, æздухститæ æй æ цард дæ лæппойæн. Æнæнгъæлти, фæскоймагау, æ рауон-циуон тæнæгбилтæ, соцъазæрдæ бинойнагæй фæххецæн æй. Ка ци агора, уой æнæмæнгæ ескæд ба уæддæр иссеруй: хуæздæр уодæмбал лæгбæл искъобалæ ’й. Тъибиртт кæсалгæ, дан – дони арф, адæймаг ба хуарз цард фæййагоруй.

Хуæрззæруа æрбауай, седзæр, ристзæрдæ Мадæ! Зонис, гъай-гъайдæр, еу æнæраст цардон æмбесонд: «Раст гъæдæ дон ласагæ æй, къæдзæ ба и донгæнттæбæл цæхгæрмæй байзайуй». Гъо, хæдæгай, уæдта ма уотæ дæр фæззæгъунцæ дзурдæргъæвд рацæргæ адæмтæ: «Фæлмæн гъæдæ калм бахуардта».

Зонун бæлвурд уой дæр, æма дæ зæрдæдаргæ фурт рæстуод ке ’й игурцæй, уæдта æ идарддæри цæрæнбонти дæр æ уодигъæдæ раййевун æ бон нæбал исуодзæнæй, нæбал. Æма – хъæбæр хуарз.

# МАДИ ХУÆРÆ МАДИ АДÆ КÆНУЙ

*Анейæн*

Тухст седзæри унгæг бонтæ æнæуод, даргъ, ивæзæггун, ингин цихтау фæуунцæ. Хор бон дæр син бæзгин, тар лæкъун мегъау æй. Дзæгъæли хумæтæги нæ дзурдæуй: «Хор дæр æгасей æмхузæн нæ тавуй!»

Æцæгæйдæр уотæ ’й, бустæгидæр ба – седзæрти.

Дууæ анзи дæбæл цудæй æдеугурæй. Уæд дæ æнæхатир тогцæстæ Хъисмæт уæ уарзон мадæй гъолонæртæст рацæйкодта. Ци дæ бон æй? Цард фудæбон æй! Æгæр æнæхъаурæ ан уæйугæмдухæ хъисмæти размæ. Æнæбари бухсæн. Мадта!

Нæ ургæфтуд мади, æзгули сахарæй арæх мæ бон рабæрæг кæнун и даргъ надмæ гæсгæ нæ исуй. Нур дæр бабæй, мæ æнафони фур фæллад, æвзонг уод дæумæ æргæлстон, нæ мади хуæрæ. Мæ рист зæрди тæхсагæ ностæ, арфгон никъæттæ, фæлмæн, лæдæрагæ дзурди æздæхтæй, цума хуасийни имонаудуд кæнис... Мæхе медæги дæбæл сосæг дестæ кæнун:

– Ӕдта, рæстæмбес гурикондæй, хумæтæги зæнхон силгоймаг уогæй дæмæ ци ивулагæ хъауритæ ес!

Седзæри, дан, æ цард ниддæмуй, уомæ гæсгæ ба раздæр исбайлæгъ уй, царди æзнæт, рæхсбетагæ фæлхъæзæнти нихмæ накæ кæнун æй раздæр багъæуй, уæззау цæстисугтæй æхснад бæнттæбæл ниффæлтæруй...

— Ане, зæнхон изæди хай, мæ лæхъуæни сæрæй дин ниллæг ковун, хуæрззæруа фæууо дæ тумугъ бийнонтæ, ахил, зонгити хæццæ! Ӕрмæст ди еу гъуддаг ба корун, хатир коргæй, – ду ми хестæр дæ: – Дæ хуарзæнхæй, мæн дæр исахур кæнæ, ис, царди гъизагæ бонти хæццæ гъæбесæй хуæцунбæл...

Гъо, баруагæс ми æй, æцæгæйдæр, нур цалæймаг хатт: «Мади хуæрæ мади адæ кæнуй».

## ТУНД ДЕДЕНÆГ ÆМПУЛАГÆ ’Й

Уо, дæ рунтæ бахуæрон, нанай Зæрийнæ-Лæфийнæ! Ӕдæрегъæд уодгоймаг тухуаст зин иссерæн иссæй. Гъулæггагæн, абони ни алкедæр айдагъдæр æхе сагъæс кæнуй сæрмагондæй.

Арæх уотæ фæззæгъис: «Хестæрти тæрегъæд сæ кæстæртæ фæффедунцæ!» Дæ зæгъдтитæ, æвæдзи, раст дæр æнцæ æма нæ ’нцæ! Сæйрагдæр – дæхе уод сувæллони зæрдау – кæдзос сæумон æртæхау рæсог уæд, цæмæй е ба, еске хæццæ фембæлгæй, ма уай æрæгиау фæсмони сæргубур æма уонтæхъел! Алли гъуддаг дæр æ афони фæткæбæл федауй. «Уес» гъæуама цъæхснаг уа! «Мех» ба тасагæ нæбал фæууй, еу ескæд ба æ тухтасти æ састкъæрцц фæсмойнади цæстисугтæ расайуй.

Иронх ди ма уæд, Зæрийнæ-Лæфийнæ, тунд деденæг цурд æмпулагæ æй!

## ТАР АХÆР РАЦУДÆЙ

Ехх, кæддæр циуавæр, ци рæсог æрвон, сугъдæг, дессаги уарзти пеллон, цъæх-сурхгон, зинг æвзаггин арти цæфстан, ци?! Кæрæдзей нифсæй, кондгин уиндæй æстугути ирæзтан, базургин адтан уæлвонгитæхæг мæргътау. Зинг зæрдæй бæрзонди æнтæст цъететæ дæр ма тайун кодтан. Нæ цори, уæд хори гъар ба ци адтæй?

Ӕрдзи уарзтбæттæг, уарзти сугъзæрийнæ лæфинттæй æлвист искондадæ деденæг æ райгурцæй дæр фур имонау фæууй. Ӕ тæмæссагдæр, сæнттадæ догæ ба æ æлхийкъоси райхæлди рæстæги уоми фæууй... Ци æвдадзон, фур адгин тæф ба фæккæнуй, уæд? Реу си æфсес нæбал фæйййеруй. Ӕвæдзи имæ уомæ гæсгæ гув-гувгæнагæ, и æвæлмæцгæ мудибиндзитæ, пæр-пæрбазур гæлæботæ кезугай сæ ирух уомæн раздахунцæ?!

Уо, фал алцæмæндæр куд райдайæн, уотæ кæрон дæр æрхъæртуй. Ӕ «тæнæгуод» пъерф деденæгæн æ хуасийнæ мудадæ кунæг кæнун ку райдайуй, цъæхдзæстæ, ходгæ-идзулгæ уалдзæг ибæл ку ниттайуй, гъе уæдта имæ нæдæр гæлæботæ, нæдæр некæцибал биндзитæ сæ æргом фездахунцæ.

Ехх, кæддæр ци æнæлæкъун, æрвон уарзти пеллон арти сугъдан, ци! Уæлæрвти тахтан. Еуæй-еу хатт нин итигъд арв дæр минкъий, нарæг адтæй, нæ хъæрдтæй. Нур ба, нур?! Ӕхцай цъæпæратæ, ревæд, æнæуод гъæздугдзийнади мулкитæ, фæрсæй – æндæр кæмæдæрти зудæ, æдзæстуарзæ, соцъа каст... Нæ уарзти ирд, ходгæ цæститæ нин æнæнцойнæ цард æзнæт тæхти, кæддæри финкæбазур фæлхъæзæнти лæпъæда-лæкъæрдæ байсæрстæкиндæй æма бустон бакурмæ æй. Ӕппунæдзох мæ дæ алцигъæуаги гъарæнгитæй «рæвдауис». Ӕнæкæрон тузмæг хилтæй мæ «хинцис». Кедæр «раун-циуон», машинæгин лæгтæ мин дæнцæн хæссис. Фæззæгъис:

– Адæми уоститæ мудикъос æма царви æвдулунцæ, тахт æнцæ нæуæгæлхæд дарæстæй, фæсуарунти æндурау, æз ба, æз, раст хауæлли фецейау...

Цæй рæсог æма лæкъун уарзт кенæ ба ма цæй æндæр сугъдæгзæрдæ адæймагон æнкъарæнтæ? Гæрр, циуавæр тар ахæр сæ фæлласта, кумæ, ке фудæй, кæд, цæмæн?!.

## ЦИ ӔЙ УАРЗТ?

Тухуаст исгъигæ дæн æнхъуæт асфальтæй гъæздуг сахарæй. Мæхе бабæй бæгъæмвад рагбонти, сæхъун авдæнæ – райгурæн гъæу Сурх-Дигорæмæ ниггæлстон. Алли алцæбæл ци фæллад бацæй мæ тæнуод арт цæгъдунæй! Мæ карæй, æвæдзи, æппун минкъийдæр еу-дууæ хатти кардзуддæр исдæн. Ӕнæ уотæ уæн дæр ин нæййес. Адæймаг еунæг ку

фæууй, уæд алцидæр айдагъ æхемæ фенгъæлмæ кæсуй. Ка ке мæтæй мæлуй? Уæлдайдæр ба аци æбæлвурд рæстæги. Сæудегейрадæ – уæйæ кæнун, кæрæдзей сайунбæл æрæнцадæй нæ цард, гъулæггагæн.

Сæумæраги мæ фиди хæдзари зæрбатгути игъæлдзæг цъæбар-цъубурмæ райгъал дæн. Рауæлæ дæн... Æндæкъæразгæ, галеу фарсæй сæрккаг къуми æрæстæфтдæн нæуæгарæзт астъонæ. Дууæ зæрбатуги кезугай сæ гъæлæстæмæ биндзити, саскъити уæлдæфи цурдæскъæфæ кодтонцæ. Сæ боргон, «итигъд цъух» бæдæлттæ ба сæ листæг хъуртæ уонæмæ æзгулиивæзт искæниуонцæ... Мæ цæститæ, уонæмæ зудæкæсæ кæнгæй, дзæвгарæ рæстæг «æфсес» нæбал ирдтонцæ. Мæ зæрди бабæй æрæфтудæй еу кæддæриккон цæхгæрфарст: – Ци æй, цума дессагæн, Уарзт? – Уотæ мæмæ фæккастæй, цума ибæл аци хатт æнхæст дзуапп хорæфсес зæрбатгути тумугъ бийнонтæ лæвардтонцæ. Ка ’й зонуй, кæд рæдуйун? Уогæ, уæхæн фарст мæнмæ кæддæр ма лæвардта мæ фицциаг сувæллæнтти мадæ, раздæри ходгæбилæ рæхснæг мæтæг дæр. Æ дзурдтæбæл ин æваст дзуапгъон нæ исдæн, уæдта искарстон:

– Уобæл ба еумæ, кæрæдзей æнæхийнæ уарзгæй, нæхе фæллойнæй цæргæй, рæстуод-æмдзæрийнæй, еумæ дзуапп ратдзинан, сабийти царди тонхи рауадзгæй...

Рацудæй æнæрлæугити бæнттæ, къуæретæ, мæйтæ, æнзтæ... Æнæгъæнæ финддæс анзи. Æма ци?

Нæуæгæй бабæй мæхе хинцфарст кæнун:

– Ци æй уæддæр Уарзт? Е нæ ’й гъай-гъайдæр мулкитæ, бугътæ даргъ къæбæлтæгин пахсайæй æмбурдгæнæгау, зонгæ адæймæгути зæрдитæ æнæнгъæлæги, фуддæйрадæн, тæвдæ, циргъ ухститæй рæтъозун, хæстæг адæймæгутæй — изол æнæзонгæ æцæгæлæнттæ, уæлбунсæр, сæрзелæггун æцæгæлæнттæй ба – мулкитæмæ гæсгæ, цубур рæстæгмæ уодрæвдауæн, хеерхæфсæн миути сæрбæлтау «хеуон» адæй мæгутæ кæнун.

Нæ! Е Уарзт нæ ’й, нæ, мæ нури рæстæги æррæстæ зонгæ! Дæхе си сайис...

## КЕ БАФАРСТÆУА?

Мæ кæддæри айкæмлигъз даргъ цæсгомбæл æнæхатир Рæстæг æвæлмæцгæ нивтæкæнæг хевастæй æ циргъкæрон къариндасæй

ærræstæ, kæmi ba къæдзæ-мæдзæ хæнхитæ kænuй... Æрмæст мæн бон ба сæ рартасун, байаргъаун нæй, нæ!

Дессагæн, цума æ финстихалæн kæmi æй? Ке бафарстæуа?

# ЦÆМÆ МАРÆН УАРЗТ?

*Уо, æзинæ дæр ма, цæстæй-цæстæмæ*
*Кæрæдземæ игонзæрдæй ку кастан,*
*Гъе, фалæ абони ба æностæмæ*
*Уарзти хъур æнгом-къумæлхий ниббастан...*

Уарзæг адæм, раст уодтæ, алли карити уарзæнттæ цума цæмæн æййевунцæ уотæ æнцонтæй сæ зæрдихатт уарзæнттæмæ, уарзондзийнадæмæ? Е кæд рæстæгмæ æй адæймаги уоди рахаст æви иннердæмæ – зæрдити уазалдзийнадæ – фиццаг бæрæггæнæн: уарзон адæймаг ди изол кæнуй алкæдмæ... Дзæгъæли æцæг Уарзт, рæсог Уарзондзийнадæ еуæй-еу ахургæндтæ нез нæ хонунцæ. Цæйдæрбæрцæ рæстæг рацуди фæсте кæдзос уарзти цийнæ, сæумон æртæх хормæ исусæгау, исусун райдайуй. Хъауритæ сæттагæ æрхæндæгдзийнадæ зæрдитæн фудæнæни хузæн хеваст æлдареуæг фæккæнуй.

Раздæриккон дзамани, дан, уарзт адтæй гъæздуг адæми хеерхæфсæн фæрæзнæ. Æма, гъай-гъай дæр! Уонæн уидæ уæгъдæ рæстæг, æндæрхузи гъæугæ фæггæнæнтæ. Берæ дзиллæ – цардæй æнкъардæй, æнæ уарзт – иуонгмардæй. Уогæ, уоми уотæ дессагæй дæр ци ес?!. Тæлаф-тулуф мулдзугутау сæумæй-изæрмæ – æнæнцойнæ, кодтонцæ гæрзурзтæй æнауæрдон, хедæртад фæллойнæ. Кæмæн адтæй зæрди фæндон бауолæфуни рæстæг? Циуавæр уарзт кенæ ба – цæй Уарзондзийнадæ?.. Хур-хургæнагæ тикиси фунтæ – æнахуст, нæуæгконд хъæбунтæ.

Уо! Е адтæй евгъуд доги. Нур ба, нур?.. Нур ба – æгасæй дæр уарзунцæ... Уарзт сæ гъæуй. Уарзтмæ бæллунцæ. Фал куд уарзгæ, уой ба, и мæгурдæйрæгтæ, нерæнги ку нæма зонунцæ. Нæуæг еу æма инсæйæймаг доги нæузæнхæй тиллæг исесунмæ бæргæ гъавæн. Ахур кæнæн уарзунбæл æма уарзт æнæргъудитæй нæ «марунбæл».

Дæ уодæй æнтæст гъардзийнадæ цæстуарзонæй дæттун зонæ æма дæу уодзæнæй æнæгъæнæ дуйне дæр. Зæрдæй ку уарзай, дæу дæр æнæхийнæй тайгæ уарзт ку кæнонцæ, уæд цард-цæугæдони дууæ устур билгæрони дæр баст уодзæнæнцæ федар хедæй. Уарзтæй ба игуруй

исон бон, «цъæх талатæ...» Айдагъдæр уотемæй нæ уæлæбæл царди цайуаг æма æзмæлгутæ ивулунцæ. Уо, фалæ ду ба, ду?!. Уонæбæл нæ рагъудитæ кодтай æппундæр. Бæргæ мæ, робасау, рафæлевунмæ гъавтай, æма дæ сайд фæсмойнаг фæцæй. Æрæгйауи фæсмон ба, дан, тухст зæрдæ æнæфæрсгити кæрдуй.

Уогæ ба еу номдзуд финсæг ци раст бафеппайдта: «Ци баримахстай, е фесавдæй, ци равардтай, е ба дæу æй».

# ...РАНДÆУÆН НÆХЕМÆ

*Хочу туда, где путь был начат, а от начала – не уйдем!*
*Абрам Бахшуни*

*Человек дорог там, где родился.*
*Уйгурская пословица*

Рæстзæрдæ адæймаг Ортабайти Виктори фурт Иосиф-Мурзæн

Цæуæнти, корун уи æма рандæуæн нæхемæ... Бæрзæндтикæсагæ, иуазæгуарзагæ хуæнхтæ мæ сæхемæ æлвасæги æлвасунцæ. Мæ царди райдайæн, мæ дуйней рохс æвдадзæ Къæрæугом! Уой аккаг имонау дзурдтæ, нæргæ зартæ ке нæрæмон зæрдæ балвессæнæй?!.

Зумæги талингти, сæумæ 'рдæмæ Ирæфи дони тъепатæ ме 'мгъазийнæ биццеути хæццæ ахæст ку нæма фæцан. Авгæмхуз, ехтæбæл гъолтæй зургити бабæй рагъазæн: гъæуама кæмæйдæрти мæ кæддæри мæститæ райсон раздæри фæххуæрддити туххæй. Кенæ ба уалдзæги фиццаг дзæнгæргутæ-дзæкъолонтæ, хæкъæдзитæ, æнгурзелатæ бабæй гъæбесидзæгтæ, гъæйдитæ, æма зудæхаст æркæнæн!..

Хумидайæнти тулфæ рæстæги дзæгъæлбадæ кæнунмæ неке евдæлуй. Нур ба, нур?!.

Айфонгæ нæ таукел хумти фæндон æлдареуæг кæнуй бæзгин хъамилгæрдæг. Цитгин Хуари Уацеллай зæрдихудти бацæун нæ гæрзæурзтæгин баба Хадзеумар тæрегъæдрайстбæл нимаидæ:

– Уо, мæ дзæбæх ходгæ хортæ, мæ исонбони мардæвæргутæ, уой зонетæ, 'ма уи макæддæр феронх уæд еу ахсгиаг гъуддаг. Гъома? Мадæ-зæнхæбæл ку исустурзæрдæ уайтæ, уæд нæ уæлæбæл царди хуарзæй макæд мацæмæ æнгъæлмæ кæсетæ. Уалдзæги зæнхæ ку нæ фехæсгин кæнай, дæ къеухедæй ку нæ фегъæстæуа, уæд дæмæ

къобор фæззæг дæр уæргъуæзæй не 'рцæудзæнæй. Æрæгйау ба ма уæ зæрдитæ уæхебæл ходдзæнæцæ. Æма ци?!.

Цæйтæ, æма цæуæн, ме 'мдогон фæсевæд – æзини рæуæхснæг биццеутæ – нури гуппурсар хæдзардартæ, бабæрæг кæнæн уарзон райгурæн бунæттæ! Уони нæ уингæй, мæ зæрдæ куддæр исæнхъурдæгуй. Æхецæн сосæггити фæтътъифсæгау кæнуй.

Ци уæбæл æй баримæхсон? Будуйрон æзмæнст цард мин æгиридæр адæ нæбал кæнуй. Карз æрхунæй, тар уарунгарау, æрæнкъард ун. Æвæдзи, ахурæй дæр æй?!.

Цæугæдон дæр, дан, æ фиццаг уайæнфæдтæ агоруй...

Аци кæрæф адæмæй æмидолæ сахари мæбæл хузæнон хуссæг дæр нæбал хуæцуй. Ци ефстаг цубур фунтæй хинст баййафун, уоми дæр бæригконау балæуун бægъæнзæнгæ цъигъиндоги. Зæрдæрохс æма æригонæй, сæрбæрзонд, уæдта зæрдигонæй фесгарун зонгæ Æскъæтти ком, рæбунти сонгун игуæрдæнтæ...

Сæхæг сауæдæнттæ æма хуасийнæ сауæрдæнттæ ниуазунæй æфсес нæбал фæззонун.

Мæ цæвæги циргъ коммæ сурх изгæ æ дæндæгутæ инсæги инсуй. Тæрсун хъæбæр, æ сау фæндæ исæнхæст кæнун æ арми ку бафтуйа, уомæй. Æхе рагæй нæбал нихснадта рæсог æртæхтæй. Æвгъау æй, æгæр æвгъау, уотæ æнæгъæугæ бунати, уæлдайау, ауигъдæй мæлунмæ. Мадта, и хуасгæрдæнтæ дæр идард ку нæбал æнцæ. Æма бабæй, гъулæггагæн, æнæ мæнæй кадæртæ, фæтæн бæзгин уестæ хæсгæй, зæлланг зар итинг кæндзæнæнцæ...

Уо, сумах ма, æвæццæгæн, радзебæл уодзинайтæ?.. Ести гъуддæгтæ ма уæ ескæмити ес?!. Уæ барæ – уæхе! Алке æ хабæрттæмæ дæснидæр æй. Æз ба цæугæ кæнун нæхемæ – дзæнæтон бæсти рæсугъд къуммæ. Уоми æ цæститæ уорс кæнуни уæнгæ æрхъæрттæнцæ, фурæнгъæлмæ кæсунæй, нæ курухон Æна, Хъæдохон Нагъуæн. Цурд æриздæхунæй ин федар зæрдæ байвардтон. Мæ загъдæн мæнгæ куд разиннон? Хестæри ка басайа, е, дан, æхе дæр сайуй. Алкедæр ни кезугай, æнæмæнгæ, еу афони кардзуд кæндзæнæй. Дæндаггай пиринкзелагæ, царди агъазйау цалхæн æгириддæр æруорамæн ку нæййес...

Дзæгъæли-хумæтæги нæ загъдæуй: хуæнхтæй хуæздæр æнцæ æрмæстдæр хуæнхтæ. Æвæстеуатæй фæццæун хуæнхбæстæмæ æз дæр…

# КЪОСТАЙЫ НОМЫЛ ПРЕМИЙЫ ЛАУРЕАТТÆ



Ирон аивад, æвзаг æмæ литературæйæн удуæлдайæ чи балæггад кодта, уыдонæй ацы аз Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреаттæ систы:

Литературæйы къабазы – поэт, журналист КАСАТЫ Батрадз, ирон æвзагыл ын цы æмдзæвгæты æмбырдгонд рацыд – «Уды дзæнгæрджытæ», уый тыххæй:

*– Æхсызгон та мын куыннæ у паддзахадон хæрзиуæг райсын. Фæлæ уымæй мæнæн ноджы фылдæр фæцис мæ уаргъ Къостайы раз, адæмы раз, поэзийы раз.*

*Ацы чиныджы æвдыст æрцыдысты мæ зæгъинæгтæ, ме 'нкъарæнтæ, мæ хъуыдытæ æмæ мæ сагъæстæ. Мæ бæллиц та у, Къоста фæстагмæ цы фæдзæхста, уый: нæ адæмы иудзинад, хæлардзинад æмæ кæрæдзимæ уарзондзинад.*

Аивады къабазы – бæхты театр «Нартæ»-йы сфæлдыстадон къорд – СИХЪОТЫ Тимур, ХЪАРАТЫ Алик æмæ ХАЛИТЫ Мераб сæ куыст «Бæрæгбон хæхбæсты»-йы тыххæй. Бæхтыл поэтикон композици бацæттæ кодтой Къостайы райгуырды 160 азы боны кадæн.

СИХЪОТЫ Тимур:

*– Стыр бузныг зæгъын къамисы уæнгтæн, нæ куыстæн нын ахæм стыр аргъ кæй скодтой, уый тыххæй. Уый мах разæнгард кæны дарддæр ноджы хъазуатондæрæй кусынмæ. Уæвгæ та, артисты фæндаг чи равзæрста, уымæн æнæ хæрзиуджытæй дæр йæ хæс у адæмы размæ аивад бæрзонд æмвæзадыл хæссын. Ис нæм фæндтæ, æмæ сæ нæ кусджытимæ æххæст кæндзыстæм.*

* * *

Республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло Хетæгкаты Къостайы номыл «РЦИ-Аланийы культурæмæ стыр æвæрæн бахæссын»-ы сæрмагонд премитæй схорзæхджын кодта:

РЦИ-Аланийы Национ-наукон чиныгдоны директоры хæдивæг БИБУАТЫ Иринæйы, Къостайы æмдзæвгæ «Ныстуан» 105 æвзагмæ тæлмацæй хицæн чиныгæй кæй рауагъта æмæ библиографион амонæн «Къоста» кæй бацæттæ кодта, уый тыххæй.

*– Иу цъары тыхтæй Къостайы иу æмдзæвгæ алы адæмыхæттыты æвзæгтæм тæлмацæй рауадзыны хъуыды нæм фæзынд 2009 азы. Стыр бузныг дæн уæды Культурæйы министр Хæбæлаты Фатимæйæ, нæ фарсмæ кæй балæууыд æмæ чиныг дыууæ хатты рауадзынæн фадат кæй саразта, уый тыххæй. Бузныг зæгъын чингуыты рауагъдад «Перо и Кисть»-ы сæргълæууæг Дзыныхты Анжелæйæн. Йæ арæхстдзинады руаджы чиныг сси хæрзаив. Чиныгыл куыстон дæс азы. Мингай фыстæджытæ æмæ телефонæй раныхас-баныхæстæ тæлмацгæнджытæм алы бæстæтæм ныр фæсте аззадысты. Уыдонæй алчи дæр æхсызгонæй сси нæ проекты архайæг. 80 æвзагмæ тæлмац æрцыд мæхи курдиатмæ гæсгæ. Афтæмæй Къоста ацы чиныджы руаджы дæр та ссис нæ иугæнæг. Нæ нысан дæр уый уыд: дун-дуне йæ фыдыбæстæ цы поэт хуыдта, уый иу цыбыр æмдзæвгæйæ абон дæр алы бæстæты цæрæг адæмыхæттыты кæрæдзимæ æрбангомдæр, æрбахæстæгдæр кодта.*

*Мæ къухы кæй бафтыд ацы хъуыддаг царды рауадзын, уымæй мæхи æнкъарын æгæрон амондджын адæймагæй. Кæмдæр мæхимидæг къæмдзæстыг дæр дæн, мæ ном нæ цыты лæг Къоста æмæ ма йæ номыл премитæ алы рæстæджыты цы кадджын адæм райстой, уыдонимæ иу æмвæзадыл æвæрд кæй æрцыд, уымæй.*

Чингуыты рауагъдад «Проект-Пресс»-ы директор КОДЗЫРТЫ Жаннæйы, Нарты кадджытæ ирон æмæ уырыссаг æвзæгтыл кæй рауагъта, уый тыххæй.

*– Уый у нæ къордимæ нæ иумæйаг æнтыст. Нарты кадджытæ иу æмæ дыууæ хатты нæ рацыдысты, фæлæ, мах кæй рауагътам, уый иннæтæй хицæн кæны, фыццаджыдæр, дзы Дзанайты Азанбеджы нывтæ кæй ис, уымæй, стæй уæд, ирон æмæ уырыссаг æвзæггыл кæй рацыд, уый дæр хуымæтæджы хъуыддаг нæ уыд. Фидæны нæ зæрды ис Нарты кадджытæ рауадзын Тугъанты Махарбег, Дзанайты Азанбег æмæ Хохты Аслæнджерийы нывтимæ. Уый фæстæ та рахиздзыстæм Даредзанты æмæ Царциаты таурæгътæм дæр. Ног чиныджы фæзынд ног цард раттынæй уæлдай нæу. Суанг мæ фыдыфыд Дзасохты Гиго дæр кодта уыцы куыст. Куыд зонут, афтæмæй Къостайы «Ирон фæндыр» дæр фыццаг рауагъта уый.*

*Къостайы преми поэты райгуырæн бон лæвæрд кæй æрцыд, уый нын æрхаста æртывæр цин æмæ æнкъарæнтæ.*

# МÆЙЫ ЦАУТЫЛ АФÆЛГÆСТ

► ***18 сентябры*** Сæрмагонд къамисы уæнгты цæлхæмбырды хатдзæгтæм гæсгæ Хъамбердиаты Мысосты номыл литературон премийы лауреаттæ систы: поэзийы – Губурты Зæлинæ, драматургийы – ДАРЧИТЫ Хетæг. Прозæйы хайадмæ автортæ цы æрмæджытæ балæвæрдтой, уыдонæй къамисы уæнгтæ никæй равзæрстой.

► ***19 сентябры*** РЦИ-Аланийы Парламенты депутатты æвзæрстыты хатдзæгтæм гæсгæ республикæйы Сæргълæууæгæй фидар æрцыд Сергей Меняйло.

► ***22 сентябры*** Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Паддзахадон Ирон академион театр Хуссар Ирыстоны Хетæгкаты Къостайы номыл Ирон театры равдыста спектакль «Ричард III». Хуссар Ирыстоны Президент Бибылты Анатоли, национ театры райрæзтмæ стыр æвæрæн бахæссыны тыххæй «Хуссар Ирыстоны адæмон артист»-ы кадджын номæй схорзæхджын кодта Бекмæрзты Æхсары, Хуыгаты Сурены, Гуыбиаты Хъазыбеджы, Айларты Асæхмæты, Медойты Светланæйы, Цырыхаты Розæйы æмæ Дзгойты Аллæйы. «Хуссар Ирыстоны сгуыхт артист»-ы ном лæвæрд æрцыд Æлбегты Аланæн, Черчесты Дианæйæн æмæ Пагæты Фатимæйæн. 30 сентябры Къуымæллæгкаты Владимирæн лæвæрд æрцыд «РЦИ-Аланийы адæмон артисты ном».

► ***24 сентябры*** Цæгат Ирыстоны Тæбæхсæуты Балойы номыл Паддзахадон Ирон академион театр байгом кодта йæ 86-æм театралон сезон У. Шекспиры трагеди «Ричард III»-æй.

► ***29 сентябры*** Нæ республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло æмæ Уæрæсейы Фысджыты цæдисы сæрдар Николай Иванов нæ фысджыты Цæдисмæ райстой æрыгон автортæ: Гасанты Валери, Беппиты Сослан, Хохойты Фидар, Бететы Фатимæ, Гæджиты Лолитæйы. Уыдонæн Хицауады хæдзары кадджын уавæры радтой æвдисæндартæ æмæ сын арфæ ракодтой.

► ***29 сентябры*** РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы хъæппæрисæй Национ-наукон чиныгдоны уыд Цæцæны республикæйы Фысджыты цæдисы сæргълæууæг Канта Ибрагимовы сфæлдыстадон изæр. Архайдтой дзы УФ-йы Фысджыты цæдисы сæргълæууæг Николай Иванов æмæ Кæсæг-Балхъары Фысджыты цæдисы сæргълæууæг Муталип Беппаев.

► ***7 октябры*** РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды Дзанайты Барис æвзæрст æрцыд республикæйы Хицауады сæрдарæй.

# ТÆФÆРФÆС
# ХÆМЫЦАТЫ ЦÆРАЙ



Йæ цардæй ахицæн ирон драматургимæ ахадгæ æвæрæн бахæссæг драматург, Цæгат Ирыстоны адæмон фыссæг, Уæрæсейы Федерацийы ахуырады отличник æмæ Цæгат Ирыстоны ахуырады сгуыхт кусæг Хæмыцаты Хакясы фырт Цæрай.

Уый райгуырд 1933 азы Сырх-Дыгуры. Каст фæци Цæгат Ирыстоны педагогон институты филологон факультет. Ахуыргæнæгæй куыста Сырх-Дыгуры фæсивæдон скъолайы. 1961 азæй 2009 азмæ лæвæрдта уырыссаг æвзаг æмæ литературæ Цæгат Ирыстоны медицинон училищæйы.

Хæмыцаты Цæрайы сфæлдыстадон куыст райдыдта ивгъуыд æнусы æхсайæм азты. 1964 азы Цæгат Ирыстоны музыкалон-драмон театры сценæйы æвæрд æрцыдис йæ фыццаг дыууæактон пьесæ — музыкалон комеди "Зыгъуыммæ уарзондзинад". Уый фæстæ республикæйы театрты æнтыстджынæй цыдысты йæ иннæ пьесæтæм гæсгæ æвæрд спектакльтæ "Уарзты кадæг", "Арвæй æрвыст лæг", "Æнæнцой зæрдæ", "Чи у аххосджын?", "Кæдæм у дæ фæндаг?", "Мады цæссыгтæ", "Нæ тæригъæдтæ", "Сау бæлас", "Дыууæ усгуры", "Фæуæлахиз у мæлæтыл!" æмæ æндæртæ.

Цæрай фыста радзырдтæ æмæ æлвæст хъуыдытæ дæр. Йæ уацмыстæ дзырдтой царды рæстдзинадыл, стыр аргъ дзы кодта адæймаджы удыхъæды фæзминаг миниуджытæн. Фаудта козбауты, гадзрахатæйцæуджыты. Йæ сæйрагдæр мæт уыдысты рæзгæ фæлтæры хъомылад, ирон æвзаг æмæ литературæйы фидæн.

Хæмыцаты Цæрай фæцард рæстудæй. Адæм æй базыдтой уæздан, æфсармджын æмæ цæстуарзон адæймагæй.

Рухсаг уæд.

*Переводчик* А. В. ЗОЛОЕВ
*Корректор* А. К. КАРГАЕВА
*Дизайн, верстка* А. А. ГАБИСОВ

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы
по надзору в сфере связи, информационных технологий
и массовых коммуникаций по РСО-Алания.

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 15-00148 от 9 июня 2017 г.

Редакци авторы хъуыдытимæ алкæд разы нæ вæййы.

Журналы цы æрмæг рацæуа, уымæй æндæр мыхуырон оргæн куы пайда кæна,
уæд хъуамæ амынд уа, «Мах дуг»-æй ист кæй у, уый.

Журналмæ цы къухфыстытæ лæвæрд цæуынц, уыдон редакци рецензи
нæ кæны, стæй сæ автортæн фæстæмæ не здахы.

Учредитель: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания
362003, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

Адрес редакции и издательства: 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11, 2-й этаж.
E-mail редакции: mahdug@mail.ru; адрес сайта: http://www.mahdug.ru.
Тел.: гл. редактор – 25-09-64; шеф-редактор, корректор – 25-09-74;
редакторы прозы, поэзии и критики – 25-20-52; бухгалтерия, компьют. – 25-22-47.

Подписано в печать 26.10.2021. Формат 60х90 1/16. Бум. офсет. №80 г./м$^2$.
Вклейка 1 печ. л. мелованная. Гарнитура шрифта Times New Iron.
Печать офсетная. Усл. печ. л. 9. Учетно-изд. л. 14,88. Тираж 1000 экз.
Заказ № 524. Цена свободная. Выход из печати 25 сентября 2021 г.

Отпечатано в ОАО «Осетия-Полиграфсервис»
РСО-Алания, 362015, г. Владикавказ, пр. Коста, 11. Дом печати.

**Ирон æвзаг æмæ литературæйы бон – 15 майы – Цæгат Ирыстон-Аланийы Мыхуыры хъуыддæгты æмæ дзыллон коммуникациты комитет æмæ литературон-аивадон æмæ æхсæнадон-политикон æрвылмæйон журнал “Мах дуг” расидтысты**

## “МАХ ДУГ”-ы ДУНЕОН ПРЕМИ!

*Журналы историйы уый у фыццаг Преми. Йæ нысан у ирон æвзаг æмæ литературæйы уавæр фæныывылдæр кæнын, авторты литературон уацмыстæ фыссынмæ разæнгард кæнын, алы бæстæты цы ирæттæ цæры, уыдоны Ирыстонмæ æрбангомдæр кæнын, журналкæсджыты ног авторты нæмттимæ базонгæ кæнын. Æмткæй райсгæйæ та, æмзиууонæй ирон литературæйы рæзтыл бакусын.*

*Преми райсыны конкурсы ис 5 номинацийы:*

- ✓ *поэзи;*
- ✓ *прозæ;*
- ✓ *публицистикæ;*
- ✓ *драматурги;*
- ✓ *аивадон тæлмац.*




*Конкурсы архайджытæ сæ кармæ гæсгæ дихгонд цæуынц 3 къордыл:*

- ✓ *7 азæй 15 азмæ;*
- ✓ *16 азæй 35 азмæ;*
- ✓ *36 азæй уæлæмæ.*

*Уæлахиздзаутæ хорзæхджынгонд æрцæудзысты æхцайы преми, Премийы сæрмагонд нысан æмæ дипломтæй!!!*

*Конкурсы æмгъуыды къæпхæнтæ:*

*15-æм майæ 30-æм октябрьмæ авторты бадæттын хъæуы сæ куыстытæ ахæм электрон адрисыл:* ***mahdug@mail.ru*** *“Конкурс” дзы фæнысан кæнгæйæ; 1- æм ноябрæй 30-æм ноябрьмæ сæрмагонд къамисы уæнгтæ аргъ скæндзысты æрбарвыст уацмыстæн; 10-æм декабры кадджын уавæры уæлахиздзау авторты цæудзысты хорзæхджынгонд.*

*Бæлвырддæр æрмæг базонæн уыдзæн журналы æмæ Мыхуыры хъуыддæгты æмæ дзыллон коммуникациты комитеты сайты. Уæ хъус дарут Инстаграм æмæ Фейсбукы нæ сæрмагонд фæрстæм дæр.*

*Фыццаг къорды архайджыты уацмыстæн къамис аргъ кæндзæн хицæн домæнтæм гæсгæ. Фыст сты Премийы Уагæвæрды.*

*Фæрнæйдзаг ут! Æнтысæд уын!*




Индекс 73247

12+